


CHIRATIDZO

 Mungagara zvenyu pasi. Mangwanani, mose! Ndinofara kuva mushumiro yaShe mangwanani ano, ndadzoka zvakare pane...Ndanga ndisingazive kuti taizodzoka here kana kuti kwete, asi Ishe vakapa nzira, uye tadzokera shumiro nhasi. Zvino tiri kutarisira nguva huru nhasi, mangwanani ano, muchidzidzo chino cheSunday school, muShoko. Uye manheru anhasi kuchange kuine shumiro yekunamatira vanorwara zvakare, pamwe neshumiro yechirairo ichiitevera.

² Uye zvino tine ku—kukumikidzwa kwemwana, ndinotenda kuti...Hama Neville vanga vachingondiudza kuti mumwe munhu ane mwana wake anoda kuti akumikidzwe. Uye kana vakaunza mwana wacho panguva ino, zvino. Zvino hama yedu icharamba, kana vamwe vavo, vari paogani kana piyano, imwe yacho. Uye mobva maunza mwana kuno. Tichava neshumiro yekukumikidza; kuitira kuti tigopinda chaiko, nokukasika kwatingagona nako, kuShoko.

³ Nokuti, tinoda ku—kuisa kuShoko. Ndicho—ndicho chinhu chikuru, kupa nguva yedu chaizvo kuShoko raShe. Saka tinotenda zvikuru nemukana wekusangana nemi mose nhasi, uye neku...neino—shumiro ino.

⁴ Ndinofanira kunge ndakanganisa. Zvakanaka, hanzvadzi. Nda—nda—ndafunga kuti anga aripo. Zvichida kunongova kukanganisa. Zvakanaka. Zvino, ndinokutendai, zvakananyana, zvimwe chetezvo. Pamwe izvi, ndinofunga zvauya kuburikidza nemumwe munhu, kuburikidza nemumwe munhu, zvino zvangozviita kuti zviite sekuti omei.

⁵ Zvino munhu wese ari kunzwa zvakanaka here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]...?...Mwari ngavavongwe!

⁶ [Hama Neville vanoti, “Hevano vachiuya navo.”—Mupepeti] Zvino, oo, hongu, hevanoi vana vadiki vacho. Ndine hurombo. Ndine hurombo. Zvakanaka, mungauyawo here, mukuru? [“Hongu, changamire.”]

⁷ Zvakanaka, vasikana 2, vadiki vakanaka kwazvo, vasikana vadiki vane maziso ebhurauni! Huh? Zvakanaka. Zita rake ndiani? Tarirai kuno! [Amai vacho vanoti, “Jennifer Lee.”—Mupepeti] Jenny? [“Jennifer Lee.”] Jennifer Lee. Zita rekupedzisira ndiani? [“Serept.”] Serept. Munobva kupi, Hanzvadzi Lee? [“Versailles, Illinois.”] Versailles, Illinois. Zvakanaka kwazvo!

⁸ Zvino, muBhaibheri. Zvino, kazhinji, ivo—ivo vane zvakadaro zvakaite sekubhabhatidza vana; hatitendi mukubhabhatidza vana, nekuti havasati vatadza, nekuti

vachiri vadikisa. Asi tinotenda mukukumikidza vana kunaShe. Zvino ini nemukuru tichaturika maoko pamusoro pemwana mudiki. Jenny, mati kudaro? [Hama Neville vanoti, “Jennifer.”—Mupepeti] Jennifer. Zvakanaka.

Ngatikotamisei misoro yedu.

⁹ Baba voKudenga, apo mangwanani ano tinounza musikana mudiki uyu, anonzi Jennifer, kwaMuri, amai nevadikanwi vamuunza kubva kure-kure, kuti akumikidzwe kuna Jehovha. Tinoziva kuti Makaturika maoko eNyu pamusoro pevaduku vakadai, mumazuva eNyu, uye—uye mukati, “Regai vana vaduku vauye kwaNdiri, uye musavadzivisa, nokuti Hushe hwokudenga ndehwe vakadai.” Zvino tinomupa kwaMuri, kuitira hupenyu hwekushumira, muZita raJesu Kristu. Amen.

¹⁰ Mumwe musikana mudiki wacho anonzi ani? [Amai vacho vanoti, “Connie Lynn.”—Mupepeti] Connie Lynn. Zvakanaka, Connie mudiki, kuita, unondiita kuti ndinzwe semudiki. Oo, uri kutya? Oo, ndinotyira kuti hazvizoshande, amai. Zvakanaka.

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹¹ Ishe Jesu, amai vaunza Connie mudiki uyu kwatiri mangwanani ano, mushumiro yekukumikidza kuna Samasimba. Makavapa mwana uyu, wekurera, uye vari kuuya naye kwaMuri, pamwe nekamunin’ina kaduku. Ndinonamata, Baba voKudenga, kuti Muve netsitsi. Ropafadzai mhuri. Ropafadzai musikana mudiki. Patinoisa maoko pamusoro pake, muZita raJesu Kristu, tinomupa kwaMuri kuitira hupenyu hwekushumira. Amen.

Mwari vakuropafadzei, nevana venyu vadiki ipapo.

Ini zvangu, tine vana vacheche vakawanda zvino!

¹² Zita remukomana mudiki ndiani? [Amai vacho vanoti, “Joel Lee Watson.”—Mupepeti] Joel Watson. [“Joel Lee.”] Joel Lee Watson. Mukomana akanaka kwazvo, maziso makuru kwazvo ebhuruu! Ini zvangu! Mese munobvepi? [“Eastman, Georgia.”] Kubva kuGeorgia. [“Um-hum.”] Ndafunga kuti munobva kuMawodzanyemba. Ndanga ndisiri kuziva. . . [“Zvino, musha wedu uri neche kuTifton. Uri zasi ikoko.”] Oo, hongu. Oo, mhoro! Uyu mukomana akanaka, mudiki wekuGeorgia, handiti, huh? Zvakanaka, changamire. Hongu, changamire, zvakanaka kwazvo. Anogona kutaurawo, zvakare. Haugone here?

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹³ Baba veKudenga, tinouya nemukomana mudiki uyu anodikanwa, apo mai nababa vacho vakamira pano no—nokuda kwekubatanidzwa kwavo. Makavapa mukomana mudiki uyu kuti varere, zvino vari kumudzosera kwaMuri. Chaizova chi—chiitiko chakanaka sei, saHana, wekare, akanyengerera mwana; uye—uye Mwari vakamupa mwana wacho, uye akadzoka naye kutemberi yaMwari, mukukumikidza. Zviitei, Ishe, kuti

mukomana mudiki uyu agove muranda weNyu, kuti baba namai varopafadzwe, uye vave nehutano nesimba rokumurera. Uye dai ararama hupenyu hwakareba, hwemufaro, uye agove muranda weNyu, apo tichimukumikidza kwaMuri, muZita raJesu Kristu. Amen. (Muropafadzwe!) Mumuite murume akanaka, zvichida mumwe muporofita mudiki saSamueri.

14 Zvino hevanoi vakomana 2 vadiki vakanaka. Ini zvangu! 3 vavo, zvino? Zvinoka, ndiyo mhuri yacho yose. Zita rako ndiani? [Mukomana anoti, “Michael.”—Mupepeti] Michael. Uye rako ndiani? [Mumwe wacho mukomana anoti, “Paul.”] Paul. Mazita akaisvonaka kwazvo! Uye rako? [Musikana anoti, “Debbie.”] Debra. Zvakanaka chaizvo. Michael, naPaul, naDebra. Uye zita renyu rekupedzisira ndiani? [Baba vacho vanoti, “Ellis.”] Ellis? [“Hongu.”] Zvakanaka, imhuri diki yakanaka kwazvo, ndiri kukuudzai.

15 Munoziva, kana ndichiona vana vadiki vakadaro, zvinogara zvichindizosera kumashure pandaive ndichiri mukomana mudiki. Uye zvino chitaurwa chekare ndechokuti, munoziva, “Vanotsika patsoka dzako zvino, nemwoyo wako pamberi apo,” asi handitendi kuti zvinozodaro kana tavakumikidza kunaShe. Tine mungava pano, uye Mwari vakaisa izvi muruoko rwako. Vakaita muparidzi kubva pauri. Ndakagara ndichitaura pamusoro pevaparidzi vechikadzi, munoziva, asi amai vose muparidzi; heino ungoro yavo, munoono, kurera vadiki ava nenzira kwayo, apo baba pavanenge vachishanda. Zvino mune mungava webasa. Mwari vakuropafadzei muri mose. Mune mhuri diki yakaisvonaka.

16 Baba vedu Vekudenga, tinouya naMichael mudiki, anoratidzika kuva ari iye dangwe. Uye tinoisa maoko edu pamusoro pake, mukukumikidza, kuna Jesu Kristu. Mhuri yake inounza vadiki vavo nekuti Makaisa ava mukuchengetedza kwavo—kwavo, uye vanoziva kuti havakwanisi, pasina rubatsiro rweNyu, saka vanounza mhuri yavo duku, kuzovakumikidza.

17 Zvino ndinopa Michael mudiki pano kwaMuri, kuitira hupenyu hwekushumira, muZita raJesu Kristu. Saizvozvo, tinoturika maoko pamusoro paPaul mudiki, uye tinokumikidza hupenyu hwake kuna Jesu Kristu, kuitira hupenyu hwekushumira kuti Mwari varumbidzwe. Uye pana Debra mudiki, tinoturika maoko pamusoro pake, Baba, mukukumikidza, mukurangerira Jesu Kristu, Akaturika maoko aKe pamusoro pevana vaduku, akati, “Varegei vauye kwaNdiri; musavarambidza.” Dai hupenyu hwemusikana mudiki uyu hwaropafadzwa muHumambo hwaMwari.

18 Ropafadzai baba namai, uye dai vararama, hupenyu hurefu hunofadza, kuti vaone vana vavo vachishumira Mwari. Tinokumbira ropafadzo iri kuti Mwari varumbidzwe, tichivakumikidza muZita raJesu Kristu. Amen.

Ropafadzwai! Ropafadzwai! Muri mhuri diki, yakaisvonaka. Hongu.

¹⁹ Chinhu cha... Munoziva zvandinofunga? Vasikana vadiki vasvika, vatonaka zvino kupfuura zvavaisimbova ndichiri mukomana mudiki. Hongu, changamire. Maziso makuru kwazvo akanaka sei! Zita rake ndiani? [Amai vacho vanoti, “Joanna.”—Mupepeti] Joanna. Uye zita renyu rekupedzisira ndi... [Baba vacho vanoti, “Blair.”] Blair, Joanna Blair. Imi makatarisa kumashure uko, haasi tsvarakadenga here? Hongu, changamire. Zvino wakadii, Joanna, huh? Anoti nyarei zvishoma, uh-huh, anongoti nyarei zvishoma. Chinhu chidiki chinoyevedza.

Ngatikotamisei misoro yedu.

²⁰ Baba vedu voKudenga, mhuri iyi yekwaBlair vakava nechipo ichi mukubatanidzwa kwavo, Joanna mudiki uyu. Uye tinoziva kuti mazuva akaipa, apo Satani ari kumativi ose, kuvhiringa, kunyanya vasikana vadiki ava. Uye vanoziwa kuti havakwanisi ku—kumurera nenzira yakanaka. Uye vanoda kuti akudzwe zvakanaka, uye kuti—kuti azove muranda weNyu. Zvino vari kurera musikana mudiki uyu kuti aKukudzei. Uye zvino vanomuunza, mukukumikidza, kwaMuri. Tinoisa maoko edu paari, nemuZita raJesu Kristu, tichikumikidza Joanna Blair mudiki kuHumambo hwaMwari, kuitira kuti Mwari varumbidzwe. Amen.

Ropafadzwai, Hama Blair. Ishe ngavave nemi.

²¹ Mangwanani, changamire! [Baba vacho vanoti, “Mangwanani!”—Mupepeti] Mukomana akanaka kwazvo uyu! Nhai, wakadini? Zvinoka, ini zvangu, unotaridzika zviri nani kana ukatendeuka *neuku*. Hongu, changamire. Ane musoro wakanaka, unoyevedza, mudiki, nechiso chinofambirana nawo. Huh? Zita rake ndiani? [“Daniel Mark.”] Daniel Mark. Ko renyu rekupedzisira? [“Mark Kardum.”] Hardum. [“Kardum.”] Kardum, Daniel Mark Kardum.

²² Muri vekuno here, Hama Kardum? [Hama Kardum vanoti, “Iye zvino, guta reMelkerk.”—Mupepeti] Hongu, changamire. Munobvepi? [“Chaiko kwandakabva kuNew York State.”] New York State, muri muYankee, ndizvozvo. [“Hongu.”] Zvinoka, idunhu guru. Ndine vamwe vanhu vanogara ikoko. Sekuru vangu vanogara kuPlattsburgh. Oo, ndakava nekufaranuka kwakawanda muNew York. Ndiri kuenda kumusoro ikoko kumusangano wangu unotevera, muNew York City, The Stone Church ikoko. Zvakanaka.

²³ Zvino, zita rake ndiMark, munoreva kudaro? [Baba vanoti, “Daniel Mark.”—Mupepeti] Daniel Mark, mukomana mudiki akanaka kwazvo!

Ngatikotamisei misoro yedu.

²⁴ Ishe Jesu, tinounza kwaMuri Daniel Mark mudiki, mukukumikidza hupenyu hwake. Zvakapihwa mumaoko ababa naamai, kurera mwana mudiki uyu mukuraira kwaMwari. Uye vanoziva kuti havakwanisi, saka vari kumuunza kwaMuri, Ishe, kuti Muropafadze hupenyu hwake. Uye, zvino, sekuziva kwatinoita kuti zuva raipa, ratiri kurarama mariri. Tinoona vadiki ava, hatitongozivi kuti ramangwana rinei, asi, chero zvingava, tinovaisa nechivimbo mumaoko eNyu. Tinoturika maoko pamusoro pemukomana mudiki uyu, uye tichikumikidza hupenyu hwake kwaMuri, kuitira hupenyu hwekushumira muHumambo hwaMwari, muZita raJesu tinonamata. Amen.

²⁵ Mwari vakuropafadzei, hama. Mukomana akaisvonaka. Ropafadzwa, Mark muduku.

Oo . . . ivo mukati, vaunzei mukati,
 Vaunzei mukati kubva kuminda yezvivi;
 Oo, vaunzei mukati, vaunzei mukati,
 Hunzai vadiki kuna Jesu.

Zvakanaka chaizvo! Ndatenda, hanzvadzi.

²⁶ Vangani vaive pano Svondo, vakanamatirwa Svondo yapfuura, vanonzwa zvibereko zvacho uye uchinzwa kuti wakapodzwa? Simudzai maoko enyu, avo vakanamatirwa. Oo, ini zvangu, tarisai pano, potse vose zvavo.

²⁷ [Hama Neville vanoti, “Hareruya! Hazvina kunaka here! Mwari ngavarumbidzwe! Ndanga ndiri kunzwa nezvazvo, vhiki rese.”—Mupepeti] Hongu, changamire. Ndakanzwawo, zvakare. Ndiri kungoda kunge ndakagara, ndichiteerera, munoona.

²⁸ Munoona, chimwe chinhu chiri kuitika, chandichakuudzai nezvacho gare-gare, imwe nguva, munoona, chi—chinobwinya uye chinoshamisa. Uye kana isu . . . Tichataura nezvacho, mune mumwewo musangano, munoziva, imwe nguva. Chiri kutongotanga kuitika, uye tinotenda kwazvo nokuda kwacho.

²⁹ Uye ndange ndiri zasi kuKentucky, sezvandinoita gore negore, kuenda zasi ikoko. Ndaive nedzimwe shamwari dzangu zasi ikoko. Uye hakungori bedzi kunovhima tsindi, uye munozviziva izvozvo, munoona.

³⁰ Saka tiri kungova nenguva yakabwinyiswa, uye tinotenda Ishe!

³¹ Ndinofanira kuenda zvino, ndinofanira kuenda kumba mushure memusangano uno. Uye zvakare, uye tiri . . . Zvino ndichazodzoka nekuno zvakare, mushure mechinguva, ndichienda kuNew York kumusangano. Uye kana tikava nemukana wekumbomira zvishoma, handiti, ti—tichafara kuva nemumwe musangano pano patabhenakeri.

³² Zvino ndinozofanira kudzoka, ndichienda kuShreveport. Uye tobva tadzokera kumba, uye tovavarira kuva pano munguva

yezororo, Ishe vachitendera, ndichidzosazve mhuri. Uyezve—
 uyezve ndinoda ku. . .

³³ Zvino musangano wangu unouya kuPhoenix, muna Ndira. Musangano wepagore ikoko weChristian Business Men. Uye ringangoita vhiki kana mazuva 10 izvi zvisati zvaitika, ndichaedza ku—kurenda huru iya. . . Vanhu veJesus' Name; vaisimbova Hama Garcia, uye neha—hama yechiSpanish ikoko vaive nenzvimbo yakanaka, huru ikoko. Vachangoivaka. Munogara zviuru zvevanhu zvakati wandei, itsva, zvino ungoro yavo idiki kwazvo. Vakandiudza kuti ndaikwanisa kuirenda chero nguva yandinoda. Pane kuti ndi—ndingofamba kwese-kwese, ndichingotenderera nemumupata, ndichibva pane imwe chechi ndichienda kune imwe chechi, ndinofunga ndichangobatanidza chinhu chacho uve musangano mumwe wemubatanidzwa mukuru, munoona, zvino ndobva ndautira ipapo.

³⁴ Uye zvakare tinogona kurenda temberi. Tiri kuenda zvino kunoona kana tichikwanisa, uye zvadaro tova neKonivhenisheni yeChristian Business Men. Zvino, kusvikira zvemhiri kwemakungwa zvagadziriswa, tichaedza kuita misangano zasi kupfuura neKumawodzanyemba, muna Ndira, naKukadzi, naKurume, nomudzinyika dzeKumawodzanyemba. Uye tobva—tobva taenda. . . nokuti, kana tikatanga zvino uye toenda muAfrica. . . Munoona, nguva ino yeKisimusi, kwavari, ndiChikunguru 4. Munoona, kunenge—kunenge kuchinaya uye kwakaipa, uye haukwanise kupindamo panguva iyoyo, saka nguva yakanakisa yekuenda ikoko pamberi pacho. Uye zvakare tinoda kutanga, kana tichikwanisa, muNorway, uye todzika pasi rose, uye topinda muAfrica, kuti tipedzisire tava zasi imomo, Ishe vachitendera.

³⁵ Asi tinyengeterereiwo zvino. Uye tinokudai, uye munozviziva. Saka tiri kutarisira zvikuru kwazvo, pamusoro pezvose zvatingagona kuita, kana kufunga izvo Ishe kuti vaite.

³⁶ Uye tinotenda, manheru ano, pachava neshumiro huru yekunamatira vanorwara. Ndinotenda kuti pachava ne. . . Handizotauri kunze kwezvishoma bedzi, nokuti tine chirairo nhasi manheru. Zvino saka maminetsi angangoita 20 kana 30, tobva tava nemutsara wekunamatira, uye—uyeve mushure meizvozvo, tichava—chava nechirairo. Uye makasununguka kugara nesu; tichafara. Hatina chi—chirairo chevakadonogodzwa chete. Ndechekune mutendi wose, mutendi wose.

³⁷ Uye ndisati ndaverenga Gwaro, handizivi kana tingakotamisa misoro yedu kwechinguvana. Ndichakumbira shamwari yangu yakanaka, Hama Lee Vayle, kana vakatitungamirira neshoko remunamato, kuti Mwari

varopafadze Shoko raVo. Hama Vaile, mungatiitirawo izvozvo here?

[Hama Lee Vaile vanonamata—Mupepeti] Ameni. Zviitei, Ishe. Zviitei, Ishe. Zviitei, Ishe. Hongu, Ishe. Ameni.

³⁸ Zvino mukurevesa, nekuremekedza tinoswadera kuShoko. Zvino ndinoda kuverenga, mangwanani ano, kubva muna Eksodo chitsauko 12, uye kutanga nendima 12, ndima 12 ne13, pamwe chete. Uye nyatsoteererai zvino. Uyezve tisati tasvika pachirairo manheru anhasi, verengai chitsauko 12 cha—chaEksodho, chitsauko chose; nokuti ndima 11 chete pano ndipo pane kugadzirira rwendo, nechirairo rwendo rwusati rwatanga. Uye tinoda kusvika pane izvi nekuremekedza kukuru kwazvo zvino. Zvino ndima 12 yechitsauko 12:

Nokuti ndichapfuura napakati penyika yeEgipita nousiku hwanhasi, ndichirova matangwe ose omunyika yeEgipita, zvose munhu nemhuka; ndichatonga vamwari vose veEgipita: ndini JEHOVA.

Zvino ropa richava chiratidzo kwamuri paimba yamugere: zvino pandinoona ropa, ndichakupfuurai, uye denda haringazove pamusoro penyu kuti rikuparadzei, pandinorova nyika yeEgipita.

³⁹ Dai Ishe varopafadza Shoko raVo Dzvene!

⁴⁰ Zvino ndinoda kutora musoro wenyaya kubva ipapo, izwi rimwe diki zvaro, rine mavara 5: *Chiratidzo. Chiratidzo.* Ndinoda kutaura pamusoro peshoko racho, kana kudzidzisa chidzidzo chino cheSunday school, pamusoro peshoko rekuti *chiratidzo*. Bhaibheri rakati pano, “Zvino ropa richava chiratidzo kwamuri.” Uye tinoda kushandisa izwi rekuti *chiratidzo*.

⁴¹ Zvino hatizive, pandinotarisa wachi, uye kana nguva yakwana, manje, aya ndiwo...Ndine Magwaro akawanda, kwazvo akanyorwa pano. Saka ndisi...Uye ndichiziva kuti handisi kuzova nemi kwechinguva. Uye tinoziva sei kuti ino haizovi nguva yekupedzisira iyo vamwe vedu tichazombosangana pamwe chete? Saka ngatiedzei kuswadera kwaRiri neruremekedzo. Ndinoziva kuti zvakaoma. Ishe vatipa mangwanani akanaka zvino, zvakare—zvakare, eshumiro, akangonaka. Uye ngatiedzei kuisa pfungwa zvino pane zvese zva—zvatinotaura nezvazvo, kuitira kuti...kana muine chero chinhu chiri imomo icho Ishe vangada kuti muzive, kuti chizopihwa kwamuri.

⁴² Uye hatimire pano kungoti tioneke. Hatifi takauya pano kungoti vamwe vaone kuti takapfeka zvipfeko zvipi, kana, isu—isu tinouyira pano nokuda kwechinhu chimwe, sekunamata kwaita hama yedu munamato uya, “Tiri pano kuti tinzwe Shoko, Shoko richiuya kwatiri.” Tinoda iRo, nokuti ndicho

Chinhu chega chichazoreva chero chinhu kwatiri, chero chinhu chingazove chakakosha, chero chinhu chicha—chichatibatsira.

⁴³ Zvino tiri vanhu vari kufa. Vanhu vose vakananga kuna Ziyendanakuenda. Uye zvakare tine nguva ino iyi yekuita sarudzo dzedu dzenzira yatichaenda nayo. Uye nzira yacho iri pamberi pedu; tinogona kutora chero divi ratinoda kusarudza. Ndiyo nzira yaVakaisa Adhamu naEvha, uye ndiyo nzira yaVanotiisa.

⁴⁴ Tinofanira kurangarira, kuti zvisinei nezvatinoita, kana kuti takabudirira sei, muhupenyu, tisina Kristu takarasikirwa zvachose nezvinhu zvese. Saka kana Iye, mushure. . . Kana Iye ari zvose zviripo zvekutarisira kwazviri, zvino tinenge tiri vanhu vakanyanya kupusa kusaRigamuchira, kuva, uye—uye nokuRikoshesa. Kwete kungoRigamuchira chete, asi unouya kune chimwe chinhu chikuru kudarika ichocho. Mushure mekunge waRiwana, usaRitore woRigadzika pasherufu. Rinofanira kushandiswa.

⁴⁵ Sekuenda kuna chiremba kunotora mushonga, wobva waugadzika pasherufu. Kana ukaenda kunotenga mushonga, chishandisa mushonga wacho. Kana pane chirwere chiri kukunetsa, uye mushonga uyu uchifanirwa kukubatsira, iwe tora waanokupa; uye nezira bedzi yaanotaura kuti uutore, nekuti dzimwe nguva maminetsi mashoma chete anoisa mutsauko mukuru nenzira yaounoupa nayo. Uye kuti tinoziva sei. . .

⁴⁶ Asi munyaya iyi, nhasi, nguva imwe chete zvayo yesarudzo yako inogona kureva magumo ako emuna Ziyendanakuenda. Ritore sokungoRipa kwaAnoita kwauri.

Chiratidzo, “Ropa richava kwauri chiratidzo.”

⁴⁷ Zvino chii chinonzi, chiratidzo, kutanga? Ishoko rinonyanya kushandiswa pakati pedu isu vanhu vanotaura Chirungu, kunyanya muno muAmerica. Chiratidzo ndicho. . . Chaizvoizvo, duramazwi rinoti chiratidzo mucherechedzo, mucherechedzo wemubhadharo, mutengo wabhadharwa, munoono; kuti mu—mubhadharo, kana mutengo, mutengo unodiwa unenge wabhadharwa.

⁴⁸ Semari yekubhadhara chitima kana mari yebhazi. Unopinda uye wobhadhara mari yako—yako, zvino vobva vakupa chiratidzo, zvino chiratidzo ichocho hachikwanisi kushandisirwa chimwe chinhu kunze kwechitima ichocho. Uye chiratidzo, kukambani yezvitima, kuti wabhadhara mari yako. Chiratidzo, uye haugone kuchishandisira chimwewo chinhu. Hachishande pane chero imwe kambani yezvitima. Chinongoshanda pane kambani iyoyo yezvitima chete. Uye chi—chiratidzo.

⁴⁹ Zvino zasi pano apa, patiri kutaura nezvapo, apo tiri kutangira, ndiMwari vari kuti kuIsraeri, “Ropa regwayana

ndiro chiratidzo kwamuri.” Gwayana reIsraeri, rakabayiwa, ndicho chaive chiratidzo chaidiwa naJehovha. Rinofanira kuva ropa. Mwari vakaita chiratidzo ndokuchipa kuIsraeri. Uye hapana chimwewo chiratidzo chichashanda, munoona, hachigoni kucherechedzwa.

⁵⁰ Kunyika, hungori hupenzi hwakanyanya. Asi, kuna Mwari, ndiYo nzira yoga. Chinhu choga chaVanoda Chiratidzo ichocho. Chinofanira kunge chiripo. Uye haukwanise kuva neChiratidzo kusvikira tikiti racho rabhadharwa, zvino wava muridzi weChiratidzo chinokupa mvu—mvumo yekufamba wakasununguka. “Ndikaona Ropa, Ndichakupfuurai.” Inguva yakadini, iyo, irombo rakadini, kuziva kuti wakatakura, mukati mako, Mvumo. “PaNdinoona Ropa, Ndichakupfuurai.” Ndicho chinhu chega chaVachacherechedza. Hapana chimwe zvacho chinogona kutora nzvimbo yaRo; hapana chinotsiva, hapana sangano, hapana chimwewo chinhu. Zvinongotora iRoro. Mwari vakati, “Iro chete ndiro raNdichaona.”

⁵¹ Hazvinei kuti vaive vakarurama sei, vaive vakanaka sei, vaive nedzidzo yakawanda zvakadii, kuti vakapfeka sei, chiratidzo ndicho chaive chinhu choga. “PaNdinoona chiratidzo, Ndichakupfuurai.” Ropa rakanga riri chiratidzo chokuti zva—zvaidiwa naJehovha zvakanga zvaitwa, kuti zvaive zvaitwa. Ropa raimirira chiratidzo. Ropa rakanga riri chiratidzo. Maona? Hupenyu uhwo. . .

⁵² Mwari vakange vataura kuti, “Nomusi wamunoudya, nezuva iroro munofa.” Zvino pakanga paine hupenyu hunotsiva hwakatorwa panzvimbo yehupenyu hwemutendi. Mwari, netsitsi, vakagamuchira chinotsiva hupenyu hwemunhu akanga asvibiswa. Mwana waVo paakazvisvibisa nechivi, chekusatenda Shoko, zvino Mwari, vakapfuma netsitsi, vakagadzira chinotsiva; uye, zvaive kuti, chimwe chinhu chaifanira kufa panzvimbo yacho. Hapana chimwezve chaigona kushanda.

⁵³ Ndicho chikonzero maapurosi nemapichisi aKaini, nezvimwe zvakadaro, zvisina kushanda. Hwaifanira kunge huri hupenyu hwaive neropa mahuri, uye hupenyu hwainge hwabva pachibairo, uye zvino ropa ndiro rakanga riri chiratidzo chokuti murairo waMwari waive waitwa. Zvino, Mwari vaidei? Hupenyu; uye ropa rairatidza kuti painge pane hupenyu hwakaenda. Saka ropa ndiro raiva chiratidzo chokuti hupenyu hwakanga hwapihwa, kuti chimwe chinhu chakanga chafa, zvaidiwa naMwari; kuti hupenyu hwaive hwapihwa, uye ropa rakanga radeurwa. Zvino ropa raimirira chiratidzo, kuti hupenyu hwakanga hwaenda. Hupenyu hwemhuka yakanga yataurwa naMwari kuti hufanire kutorwa, raiva ropa raimirira chiratidzo. Maona?

⁵⁴ Mu—mu—munamati anotenda aibatandzwa nechibairo

chake, nechiratidzo. Handishuviri kugara nguva yakarebesa pazvitaurova zvidiki izvi, asi, zvaunogona kutora shumiro yese uri pane chimwe chazvo, asi ndinoda kumbomira pano zvishoma kuti nditaure izvozvo. Mu—mu—mutendi aitofanira kubatanidzwa nechibairo chake. Maona? Kana chingori chibairo uye—uye chakaitwa kumwewo kunze uko, aitochipa; asi aifanira kubatanidzwa machiri. Chaizvoizvo, aitofanira kuisa maoko ake pachiri, kutanga, kuti azvibatanidze nechibairo chake. Uyezve ropa raiiswa paaigona kumira pasi peropa. Ropa rinofanira kuva pamusoro pake. Uye ndicho chaiva chiratidzo chokuti akanga azvizivisa, seane mhosva, uye aratidza kuti chinotsiva chisina mhosva chakanga chatora nzvimbo yake.

⁵⁵ Mufananidzo wakaisvonaka zvakadini! Oo, uyo akadzikinurwa! Munoono, nduramo yakange yaitwa, uye chinodikanwa chenduramo tsvene yaMwari chakanga chaitwa. Uye Mwari vakati, “Zvino Ndinoda hupenyu hwako,” uye ipapo, apo hu—hu—hupenyu hwakanga hwatadza. Zvino chinotsivanisa chisina mhaka chakatora nzvimbo yahwo. Zvino yakanga iri mhaka ine ropa; kwete apurosi, pichisi. Izvozvo zvechokwadi zvinofanira kuita kuti mbeu yenyoka inge yakanyatsojeka kumunhu wose, kuti raive ropa. Uye ropa iri, rakanga risingagoni kubuda mumuchero, rakabuda mune chinotsiva chisina mhosva. Uye hupenyu hwakanga hwabuda, zvakare—zvakare, panzvimbo yake, uye ropa rakanga riri mucherechedzo wokuti mhaka yakanga yafa uye ropa rakanga rabuda.

⁵⁶ Zvino munamati achiisa ropa pamusoro pake, zvairatidza kuti aive abatanidzwa murudzikinuro, nokuti azvibatanidza ne...pachibayiro, akazvibatanidza nechibairo, uye ropa raimiririra chiratidzo.

⁵⁷ Zvinoshamisa sei—sei! Mufananidzo wakadini! Mufananidzo wakakwana waKristu, chaizvoizvo, mutendi nhasi amire pasi peRopa rakadeurwa, akabatanidzwa neChibairo. Zvakangokwana se—sezvazvingava, izvo zvekuti Kristu, asiri— asiri mhaka... Munoono, mhu—mhaka yakafa, asi yaive... .

⁵⁸ Chinhu chisina mhosva kudarika zvose chatinacho, ndinofungidzira, chingave, mhu—mhaka, igwa—igwayana. Mwari pavaida kuzivisa Jesu Kristu, VakaMuzivisa seGwayana. Zvino paVaida kuzvizivisa pachaVo, VakaZvizivisa seshiri, Njiva. Uye njiva ndiyo isina mhosva uye yakachena kupfuura shiri dzose, uye gwa—gwayana ndiro risina mhosva uye rakachena pamhuka dzose. Saka munoono apo... .

⁵⁹ Jesu akabhabhatidzwa naJohane, uye Bhaibheri rakati, “Zvino—zvino akaona Mweya waMwari, wakaita senjiva, uchiburukira pamusoro paKe.” Naizvozvo dai yakanga iri...Kana dai yakanga iri mhumhi, kana dai yakanga iri imwewo mhaka, hu—hunhu hwenjiva hwaisakwanisa

kusanganiswa nehunhu hwemhumhi, kanawo hu—hunhu hwenjiva hwaisakwanisa kusangana neimwewo mhuka kunze kwegwayana. Zvino hunhu 2 ihwohwo hwakasangana pamwe chete, zvino hwaigona kuwirirana pachahwo.

⁶⁰ Zvino munoona kufanotemera here? Raiva gwayana parakauya ikoko. Maona? Maona? Iro . . . Rakanga riri gwayana para—parakaunzwa. Raiva gwayana. Rakaberekwa riri gwayana. Rakakudzwa, riri gwayana. Maona?

⁶¹ Uye, naizvozvo, ndiyo chete mhando yeMweya wechokwadi unokwanisa kugamuchira Shoko, unokwanisa kugamuchira Kristu. Vamwe vose vachaedza, vakaedza kuUtoro, ndokuisa Mweya waMwari pamhumhi, munoona, yakashatirwa, ine hukasha, ine hutsinye. Haugare ipapo. Mweya Mutsvene unongobhururuka pakarepo. Hauzviiti.

⁶² Ko dai Njiva iyoyo yakanga yadzika, uye, panzvimbo yekuti Rive Gwayana, paizenge paine imwewo mhuka? Ingadai yakakurumidza kubhururuka Ichienda uye uchidzokera. Maona? Asi paYakawana hunhu ihwohwo hwaYaigona kupindirana nahwo, Zvakazongova chinhu Chimwe.

⁶³ Uye ipapo nji—nji—Njiva yakatungamirira Gwayana, uye, cherechedzai, Yakatungamirira Gwayana kundobayiwa. Zvino, Gwayana raiteerera Njiva. Maona? Zvisinei nekwaYaiRitungamirira, Rakanga richitodawo kuenda.

⁶⁴ Handizivi, nhasi uno, apo Mwari pavanotitungamirira kune hu—hupenyu hwekuzvipira zvakakwana uye nekushumira iVo, Handizivi kana mweya yedu zvino dzimwe nguva isingapanduke, ichiita sekuratidza kudaro, handizivi kana tiri gwayana? Maona? Maona? Gwayana rinoteerera.

⁶⁵ Gwayana rinozvipira pacharo. Iro—iro hari—haritore, harizvitoreri zviri zvaro. Unoriradzika pasi chaipo uye wogera makushe kubva pariri. Ndicho chinhu choga charinacho. Harimbo—harimbotauri chero chinhu nezvazvo; rinongopira zvese zvarinazvo. Igwayana. Rinopa zvese kune zvaro . . . rinogovera zvinhu zvose, pacharo nezvose zvariri.

⁶⁶ Uye ndizvo zviri Mukristu chaiye, kana vari . . . vanozvipira pachavo, vasina hanya nezvenyika ino, asi vachipa zvose zvavainazvo kuna Mwari. Maona?

⁶⁷ Uye zvino iri rakanga riri Gwayana rakakwana, Kristu akanga ari. Uye zvakare kubudikidza nokudeurwa kwegwayana iri, gwayana repanyama muEgipita, ropa rakaiswa, zvino, parakaiswa, rakamiririra chiratidzo, ko zvino Ropa reGwayana iri raizomiririrei? Maona? Chiratidzo chokuti takafa kune zvatiri uye takabatanidzwa neChibairo chedu. Maona? Zvino, Gwayana nero—nero—Ropa nemunhu zvinobatanidzwa pamwe chete, Chibairo nemutendi. Munoona, unobatanidzwa muhupenyu hwako, neChibairo chako. Ndizvo zvinokuita zvauro.

68 Zvino ropa raiva chiratidzo, kana kuti chinokuzivisa. Ropa raizivisa kuti munamati akanga auraya gwayana, uye agamuchira gwayana, ndokuisa chiratidzo paari iye, kuti akanga asinganyare. Akanga asina basa kuti ndiani azviona. Aida kuti munhu wose azvione, uye rakaiswa panzvimbo yokuti munhu wose aipfuura aigona kuona chiratidzo ichocho.

69 Munoono, vanhu vazhinji vanoda kuva Makristu, uye ivo—ivo—ivo vanoda kuzviita muchivande kuti pasave neanozo—anozoziva kuti vaiva Makristu. Kana, va—vavanowadzana navo vachishamwaridzana navo, vamwe vavo vangafunga, “Zvinoka, zvino, tarisa, ndi—ndi—ndinoda kuva Mukristu, asi handidi kuti *Nhingi-nhingi* azive nezvazvo.” Maona? Asika, zvino, munoono, ichocho hachisi Chikristu.

70 Chikristu chinofanira kuratidza Chiratidzo chacho, munoono, pachena, muhupenyu hweparuzhinji, muhofisi, munzira, kana dambudziko riripo, chero chii zvacho, muchechi, nechero kwese-kwese. Ropa ndiro Chiratidzo, uye Chiratidzo chinofanira kuiswa, munoono, kana (chisipo) kunyange sungano haishande.

71 Ropa rakanga riri chiratidzo, kana kuti chinozivisa, chichizivisa kuti munhu uyu akadzikinurwa. Zvino, zvakanaka, cherechedzai, vakanga vane, vaive vakatodzikinurwa pasati pava nechii zvacho chainge chamboitika. Nokutenda vakaisa ropa. Munoono, zvisati zvanyatsoitika, ropa rakaiswa nokutenda, vachitenda kuti zvaizoitika. Maona? Hasha dzaMwari dzisati dzapfuura nemunyika, ropa raifanira kuiswa, kutanga. Nguva yaitonge yapera mushure mekunge hasha dzawira pasi.

72 Zvino tine chidzidzo ipapo chatinogona kuunza chaizvo, pamwe kundangariro dzenyu, kwechinguvana. Tarisai, *zvisati* zvaitika, nokuti iri kuuya nguva yausingazokwanisi kuva nechero Ropa zvaro rinoiswa.

73 Gwayana raiurayiwa munguva dzemanheru, mushure mekunge rachengetwa kwemazuva 14. Uye zvadaro gwayana raiuraiwa uye ropa raizoiswa panguva dzamanheru. Mazvibata here? Chiratidzo hachina kumbovapo kusvika panguva dzemanheru.

74 Uye ino inguva dzemanheru dzezera ratiri kurarama mariri. Ino inguva dzemanheru ku—kuChechi. Ino inguva dzemanheru kwandiri. Ino inguva yamanheru yeMharidzo yangu. Ndiri kufa. Ndiri kuenda. Ndiri kubuda, munguva dzamanheru dzeEvhangeri. Uye takauya tikapfuura nemukururamiswa, nezvimwe zvakadaro, asi ino ndiyo nguva yokuti Chiratidzo chinofanira kuiswa. Ndakakuudzai Svondo yapfuura ndaive nechimwe chinhu chandaida kutaura nemi nezvacho; ndicho chino. Inguva iyo iwe—iwe usingatongogoni kutamba naCho. Zvinofanira kuitwa. Kana zvichazomboitwa, zvinofanira

kuitwa zvino. Nokuti, tinogona kuona kuti hasha dzava kuda kupfuura nemunyika, uye zvose zvisiri pasi peChiratidzo ichocho zvichaparara. Ropa, ndiro rinokuzivisa. Cherechedzai.

⁷⁵ Nokuti, hupenyu hwemhuka hahwaigona kudzoka pamunhu. Pakadeurwa ropa, hupenyu hwakabuda, hongu, nokuti zvaive zvakabatanidzwa. Uye hupenyu hweropa pahwakanga hwabuda mariri, hupenyu huchinge hwakasiyana neropa...Zvino, ropa ndiro chinobatika chehupenyu, asi hupenyu ndechimwe chinhu chakasiyana neropa, asi hupenyu huri *muropa*. Zvino hupenyu hwemhuka hwaisagona kudzoka pamunamati. Paakadeura ropa iri regwayana, aifanira kuzora iri rinobatika racho, nokuti iwo hu—hupenyu hwakanga hwaenda uye hawaikwanisa kudzoka.

⁷⁶ Nokuti, hwaisagona kuuya pamunhu, nokuti hupenyu hwemhuka hauna munhu wemukati. Mhuka haizivi kuti yakashama, uye iyo—iyo inongo...Haizivi chivi. Hapana chainoziva, saka naizvozvo chinhu chinorarama asi chisiri munhu wemukati anorarama. Nokudaro, hupenyu ihwohwo hwemhuka hahwaisagona kudzoka pahupenyu hwemunhu, nokuti yakanga isina munhu wemukati muhupenyu ihwohwo. Zvino, kune hupenyu, ropa; hupenyu, nemunhu wemukati muhupenyu; munhu wemukati ndiye hunhu hwehupenyu. Nokudaro, yakanga isina humwe hunhu hwakatsaurwa, yaive mhuka, saka ropa rakamiririra chiratidzo chokuti hupenyu hwakange hwapihwa.

⁷⁷ Asi munzvimbo ino inobwinya, pasi pesungano iyi, pane musiyano pakati peRopa neHupenyu. Chiratidzo kumutendi nhasi uno Mweya Mutsvene; kwete ropa, rinobatika, asi ndiWo Mweya Mutsvene waMwari. Ndicho Chiratidzo chinodiwa naMwari kuChechi nhasi. Mwari vanofanira kuona Chiratidzo ichi. Vanofanira kuChiona mune mumwe nomumwe wedu.

⁷⁸ Nokudaro, sezvo mimvuri yemadekwana yoonekwa, uye nehasha dzagadzirira kudururwa dzichibva Kumusoro, pamusoro penyika dzisina humwari, napamusoro pevasingatendi vasina humwari, pamusoro peva—vanongotaura vasina chavainacho, pazvinhu izvi! Uye nda—ndaedza kuzvibhedhenura pachangu nekugara chaipo pakati pachu, kuti ndione pachaive chakamira, ndisati ndataura zvinhu izvi. Zvino tiri kurarama mumimvuri, uye hasha dzagadzirira kurova, uye Mwari vari kuda Chiratidzo chokuti iwe pachako wakagamuchira Chiratidzo chaVo, Mweya Mutsvene. Ndiyo nzira chete, uye chiratidzo chega icho Mwari vachapfuura, nokuti Hupenyu chaihwo hwaJesu Kristu hwakadzokera mumutendi.

⁷⁹ Hupenyu hwemhuka hwaisakwanisa kudzoka, nokudaro ropa raifanira kuiswa pamusuwo, pachivivo nepagwatidziro romukova; kuti mupfuuri wese, ruzhinji rwese, munhu wese

aiuya nepamba, aiziva kuti pane chi—chiratidzo pamusuwo iwoyo, cheropa, chokuti hupenyu hwaive hwafa pamusuwo iwoyo. Amen!

⁸⁰ Ndiyo nzira yazvinofanira kuva kumutendi wose nhasi, akazadzwa neMweya Mutsvene; Chiratidzo chokuti Ropa rakadeurwa reGwayana, Hupenyu ihwohwo hwaiva muGwayana, hwadzoka uye hwakasimbiswa imomo pachena, zvekuti munhu wose anopfura nepo, achitaura newe, ane kuyanana newe, achiona kuti Ropa rakaiswa, uye Chiratidzo cheHupenyu hwaive muRopa iroro chiri pauri. Wakachengeteka kubva pakutsamwa. Izvozvo zvoga; kwete kuva nhengo. Kwete, changamire!

⁸¹ Hupenyu hwemhuka hahwaigona kuuya pamutendi, nekuti yaive mhuka, zvino zvaingonyaradza hana chete, zvichiratidza kuti paizouya Chibairo chakakwana.

⁸² Uye, zvino, paigona sei kuva neChibairo chakakwana padarika Mwari pachaVo vachiva Yananiso, pachaVo? Mwari kuvakaitwa nyama, muRopa raVo pachaVo rakasikwa, kuti izvo . . . nzira yoga iyo Hupenyu hwaMwari hunogona kudzoka.

⁸³ Nekuti, tese takazvarwa nekusangana pabonde, uye nokudaro hupenyu hurimo imomo ndehwenyika, uye hupenyu ihwohwo haumire. Chinhu chakatotongwa kare uye hwakapomerwa. Haugone kuhuumbiridza. Hapana nzira yekuhuumbiridza. Hapana nzira yeku—yekuhukwenenzvera. Hapana nzira yekuhuita kuti huve nani. Hunofanira kufa! Ndicho chete chinodiwa chiripo. Hunofanira kufa.

⁸⁴ Zvino Chinotsiva, Hupenyu hwaJesu Kristu, hunofanira kuuya mauri, unova Mweya Mutsvene, Chiratidzo chaMwari; chokuti wakagamuchira Ropa reMwanakomana waVo, Jesu Kristu.

⁸⁵ Nokudaro, mumazuva aWesley kana . . . Mazuva aLuther, zvaifungwa kuti, “kutenda.” Mumazuva aWesley, “chinobatika cheRopa.” Asi rino izuva rekupedzisira, apo chi—Chiratidzo chinodiwa. Zvinogadzira, pamwe chete, chinhu chacho chose paKuzobvutwa. Mazviona here?

⁸⁶ Mvura, ropa, nemweya zvinouya kana amai vachizvara mwana. Chinhu chekutanga chinobuda, kuzvarwa kwemazuva ose, imvura, chechipiri iropa, uye chinotevera chacho hupenyu.

⁸⁷ Pakabva pamutumbi waIshe wedu Jesu Kristu: mvura, Ropa, neHupenyu. Uye Chechi yose, Mwenga, pamwe chete, wakagadzirwa kubudikidza nekururamiswa, kucheneswa, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, unova ndiwo Chiratidzo.

⁸⁸ Sekutaura kunoita vaHebheru 11, “Vose avo vaidzengerera vakapfeka matehwe emakwai nematehwe embudzi, uye

vachishaiwa, uye nezvinhu zvose izvi zvavakaita, asi zvakadaro havana kuitwa vakakwana pasina isu.”

⁸⁹ Uye Chechi muzuva rino, yakagamuchira Chiratidzo, cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, chekuti Ropa rakadeurwa uye kuti Mweya Mutsvene uri pamusoro peChechi; pasina isu, zvino, havakwanisi kumuka. Asi vari kuvimba nesu, nokuti Mwari vakavimbisa kuti Vachava naYo, uye mumwe munhu achange aripo. Handizivi kuti achava ari ani, asi mumwe munhu achaUgamuchira. Chinhu chimwe choga chandiine mungava kwachiri, kuRiparidza. Ibasa raMwari kutsvaga mbeu iyoyo yakafanotemerwa. Vachavapo ipapo, zvakadaro hazvo. Nokuti, vachange varipo, mumwe nomumwe wavo, mumwe nomumwe; zera remvura, zera reRopa, uye zvino zera reChiratidzo cheMweya Mutsvene.

⁹⁰ Uye, rangarirai, Israeri yakapfuura nemuzvinhu zvakawanda, asi yakanga iri nguva yamanheru apo chiratidzo chaidiwa; kwete mangwanani, kana mukugadzirira, mazuva 14 ekuchengetwa kwegwayana. Israeri yaiziva kuti chimwe chinhu chaiuya.

⁹¹ Naiyewo Luther aizviziva, naiyewo Wesley aizviziva, naiyewo Finney, Knox, Calvin, vaizviziva. Ndizvo Izvi! Vaiziva kuti ichasvika nguva yekuti Shongwe yeMoto yaizodzoka kuChechi. Vaiziva kuti paizosvika nguva yekuti zvinhu izvi zvaizoitika, asi havana kurarama kuti vazvione, asi vakazvitarisira.

⁹² Israeri yaiziva kuti chimwe chinhu chaiuya, asi yakanga iri nguva yamanheru apo ropa regwayana iroro, chiratidzo, chakaiswa pamukova. Zvakadaro, gwayana racho rakanga ratosarudzwa.

⁹³ Range riri Gwayana nzira yose hayo. Raiva Gwayana munguva yaLuther, raiva Gwayana—Gwayana munguva yaWesley, asi zvino yave inguva yeChiratidzo yokuti imba yega-yega inofanira kufukidzwa neChiratidzo. Imba imwe neimwe yaMwari inofanira kufukidzwa neChiratidzo. Vose vari mukati mayo vanofanira kufukidzwa neChiratidzo. Zvino Imba yaMwari ndiwo Mutumbi waJesu Kristu, uye neMweya mumwe tose tinobhabhatidzwa muChiratidzo ichi uye tova chikamu chaCho, icho, Mwari vakati, “PaNdinoona Chiratidzo ichi chichioneswa pachena, Ndichakupfuurai.” Inguva yakadini yatiri kurarama zvino! Oo!

⁹⁴ Ropa rakazivisa, rakazivisa mutendi, nokuti hupenyu hwakanga hwabuda, hwaisakwanisa kudzoka, saka aifanira kuva nechi—chinobatika. Aifanira kuva nechainge pendi, ropa, chinobatika chairatidza kuti hupenyu hwabuda kubva mariri.

⁹⁵ Zvino Mweya wacho pachaWo ndiwo Chiratidzo. Mweya Mutsvene pachaWo ndiwo Chiratidzo, kwete Ropa. Ropa rakadeurwa paKarivhari, ichokwadi. Asi Ropa, sezvariri,

rakadzokera muzvinhu zvarakabva mazviri, rakabva muchikafu chaAirarama nacho. Asi, munoona, mukati mechizenga cheRopa ichocho maiva neHupenyu hwakaita kuti chizenga cheRopa chitange kufamba. Kana zvaiva . . . Chinobatika ichi chakanga chisina Hupenyu machiri, pachacho, uye nokudaro hwaisagona kufamba. Asi Hupenyu pahwakapinda mune chinobatika cheropa, Hwakaumba chizenga. Hwakaumba chizenga chaHwo pachaHwo, tevere chizenga pamusoro pechizenga, ndokuzobva ava Munhu. Zvino Munhu iyeye aive Mwari, Emanueri, munyama. Asi Hupenyu ihwohwo pahwakadzoka, chinobatika chakaenda kwahuri, asi Chiratidzo Mweya Mutsvene uri paChechi, kuti vaone Kristu.

⁹⁶ Zvinofanira kudaro, nokuti mudzimai nomurume wake vanova mumwe. Vanova mumwe. Uye naizvovowo Mwenga naKristu vanova Mumwe. Shumiro yeMwenga, neshumiro yaKristu, zvimwe chete. Uye rangarirai, “Zvinyorwa zvekare izvi, O Teofiro, ndakakunyorera, izvo Jesu akatanga kuita uye anoramba achiita.” Rufu rwake harwuna kuMumisa. Kwete, changamire! Akadzoka zvakare. Kwete munhu wechitatu, asi Munhu mumwe cheteyo akadzoka zvakare muchimiro cheMweya Mutsvene, uye kuti aenderere mberi nebasu; uye anoenderera mberi, rakadaro Bhuku raMabasa. “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Ndicho Chiratidzo chacho. Ndiwo mucherechedzo wacho.

⁹⁷ Petro naJohani vakati vapfuura nepasuwo rainzi Rakanaka, hapo paive parere mumwe murume akanga akaremara, ari chirema kubva mudumbu ramai vake, zvino akati, “Sirivheri nendarama handina; asi icho chandinacho, ndinokupa. MuZita raJesu Kristu weNazareta, simuka ufambe.” Maona? Zvino vakataura navo, uye vakaziva kuti vakanga vari vanhu vasina ruzivo uye vasina kudzidza, asi vakacherechedza kuti vakambenge vaina Jesu. Munoona, Chiratidzo chaivapo, chichioneswa pachena. Munoona, “Sezvandinazvo!” Ndichiona hama inonzwisa urombo, yakawa yakarara apo, yakaremara uye isina chimiro, nezvose. Zvino Hupenyu humwe chete hwaiva muna Kristu hwaiva mavari, “Sezvandinazvo!”

⁹⁸ “MuZita raNgu muchadzinga madhimoni.” Kwete, “Ndichadaro.” “Muchadaro!” “Kana *iwe* ukati kugomo iri!” Kwete, “Kana *iNi* ndikati.” “Kana *iwe* ukati kugomo iri!”

⁹⁹ Oo, hama, nguva yekuti Chiratidzo ichocho chizoiswa pachena yaswedera. Tinogona kuiona. Tinoziva kuti tave pedyo nemagumo zvino. Takaunza mhando dzese dzemharidzo, kuratidza zviratidzo nezvishamiso, uye zvino apa tadzoka kune izvo Chechi inofanira kuita. Chiratidzo chinofanira kuiswa pachena. “PaNdinoona ropa, Ndichakupfuurai.” Hapana chimwezve chaizoshanda. Rinofanira kuva riri Ropa. Zvino, Mweya Mutsvene ndicho Chiratidzo chedu, kubva kuna Mwari.

¹⁰⁰ Semudzidzi mukuru webhaibheri, mu—mudzidzi, hama yechiBaptisti, murume akaisvonaka, ane hunhu hwakanaka, paakauya kwandiri imwe nguva, uye akati, “Hama Branham,” akati, “muri kutaura pamusoro peMweya Mutsvene uyu,” akati, “handiti, hachisi chinhu chitsva.” Akati, “TakaUdzidzisa nguva yose, mukufamba nemumazera.” Zvino nda—ndakati, zvino, ndicha . . . Akati, “Takagamuchira Mweya Mutsvene.”

¹⁰¹ Ndikati, “MakaUgamuchira rinhi?”

¹⁰² Akati, “Pandakatenda.” Nokuti, ndaiziva kuti yaive dzidziso yebhaibheri yeBaptisti, yokuti iwe, paunotenda, inogamuchira Mweya Mutsvene.

¹⁰³ Ndakati, “Zvino Pauro akati, muna Mabasa 19, kune boka, ungoro yemaBaptisti, izvo, muparidzi weBaptisti akambenge ari mumwe wevakatendeutswa naJohane, achiratidza neBhaibheri kuti Jesu aive Kristu.”

¹⁰⁴ “Paakapfuura nekumhenderekedzo dzekumusoro kweEfeso, akawana vamwe vadzidzi, uye akati kwavari, ‘Makagamuchira here Mweya Mutsvene *kubva* zvamakatenda?’ Ivo vakati, ‘Hatizivi kana kuine chinonzi Mweya Mutsvene.’” Akabva abvunza kuti vakabhabhatidzwa sei. Zvino vakanga vasina kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, Gwayana rakapiriswa. Vakange vasina kubatanidzwa naYe, zvachose. Vakangozvitedza; semushonga wakagara hawo apo, uye vasina kuunwa. Pauro akavaraira kuti vabhabhatidzwe zvakare, muZita raJesu Kristu.

¹⁰⁵ Zvino paakaita izvi, Chiratidzo chakabva chauya pavari. Vakabatanidzwa nemabasa nezviratidzo zveMweya Mutsvene, kutaura nendimi kubudikidza navo, nekuporofita, nekurumbidza Mwari. Vakabatanidzwa ne—neChibairo chavo.

¹⁰⁶ Zvino Mweya Mutsvene ndiwo mucherechedzo wedu. Ndiwo unotizivisa seMakristu. Kwete hunhengo hwedu mumachechi, kwete kunzwisisa kwedu Bhaibheri, kwete kuti unoziva zvakanakisa sei pamusoro peBhaibheri. Maziviroi aunaita pamusoro peMunyorori, munooni, kuti Munyorori ari kurarama zvakanakisa mauri. Izvo zvauri—izvo zvauri zvapera. Hauchisipo. Unozviona sewakafa, uye Chiratidzo ndicho chinogara mauri. Zvino haUsi hupenyu hwako; NdiYe.

¹⁰⁷ Pauro akati, “Hupenyu hwandave kurarama zvino (Aive orarama hupenyu hwakasiyana nehwaaimboita.) handisi ini, asi Kristu anorarama mandiri.” Hecho Chiratidzo chakaridzwa chaidiwa naMwari. Kubatanidzwa nechedu. . . Kubatanidzwa neChibairo chedu, Hupenyu hweMuponesi wedu matiri, Mweya Mutsvene.

¹⁰⁸ Oo, Chiratidzo chechokwadi chakadini—chakadini! Hakugoni kuva nechimwezve Chiratidzo. Oo, ini zvangu, dai ukangokwanisa kubata pfu—pfungwa yacho. Kana dai ndaive nesi—simba mangwanani ano, nemashoko, ekutaura uye

nekuisa mumweya wako uri mune- . . . kwete nzeve dzako, asi mweya wako, uye iwe—iwe waigona kuona chvimbo chaCho. Zvi—zvinotora, Chinokuita kuti unyatsodekara.

¹⁰⁹ Ko kana dai waive, wapara mhosva, uye uri kuzotongwa mudare redzimhosva. Uye uchiziva, kuti kana vakakuwana uine mhosva, kuti uchange uri kuzofa, wainge uri kuenda kuchigaro chemagetsi, kana kamuri yegasi, kana chero mhando yekuuraiwa paruzhinji yavaizokuita, zvichida kusungirirwa, kana chimwe chinhu, kuurayiwa nemhomho, chero zvaive zviri murango wacho. Uye uchiziva kuti waive une . . . Waive nemhosva. Uchiziva kuti waive nemhosva, uye ufanira kufa kana ukasawana rimwe gweta rinokumirira, uyo wekuti anogona kukubuditsa muchinhu ichi. Uye zvino ungada gweta rakanakisa raungave naro.

¹¹⁰ Uyezve ukatora gweta raive gweta rinonyatsogona, rakachenjera, waizonzwa kuti nyaya yako yaive zvishoma . . . waigona kudekara zvishoma, nekuti waiva une gweta. Asi zvakadaro paizove nemubvunzo wekuti gweta iri raizogona here kushandura pfungwa yemutongi, kana kushandura dare; kana gweta iri, nekutaura kwaro kune huchenjeri uye nekuziva mitemo, raigona kushandura izvozvo, uye rogoni kureverera nyaya yako uye nekuratidza kuti—kuti ufanira kurarama. Asi zvakadaro, musimba rake—rake guru rose uye nekutaura kukuru kwaigona kuita, nemaonero aangagona kuisa pane dare redzimhosva kana aangava nawo nemutongi, iwe—waizo—waizo . . . Pamwe waigona kudekara kwemaminetsi mashoma, asi zvakadaro paizova nemubvunzo mupfungwa dzako, “Anogona kuzviita here?”

¹¹¹ Asi panyaya iyi, Mutongi pachaKe anova Gweta redu. Mwari vakava munhu. Pakanga pasina gweta raikwanisa kuzviita. Hatina kukwanisa kuwana rimwe. Mosesi, neMurairo, vaporofita, hapana aigona kuzviita. Saka Mutongi akava zvose Dare, Gweta, neMutongi, pachaKe; uye akatora mutongo weMurairo waKe mumaoko aKe pachaKe, ndokubhadhara mubhadhara wacho, pachaKe. Tingave takachengeteka zviri nani sei? Uye akatumira Hupenyu hwaKe pachaKe pamusoro pedu, sechapupu chokuti Akahugamuchira. Kuchengeteka kwakadini!

¹¹² “Hongu, kunyange ndikafamba nemumupata womumvuri worufu, handingatyi chakaipa, nokuti iMi muneni.”

¹¹³ PaAnova zvose Mutongi, Dare, ne—neGweta, Akareverera nyaya yedu. Isu, takawanikwa tiine mhosva neMurairo waKe Amene; zvino Akauya ndokutora nzvimbo yemunhu ane mhosva, yaiva munzvimbo tsvene. Akatora chivi chake. Akachitora paAri, ndokufa, uye akabhadhara mubhadhara, uye akadeura Ropa raKe, ndokudzosera Chiratidzo chaKe pachaKe, Hupenyu hwaKe pachaKe.

114 Handiti, isu takakwaniswa. Nyaya yacho yakapera. Hapachisina chivi kumutendi. O Mwari, ivaiwo netsitsi, kana vanhu vasingagoni kuzviona, kuti hapasisina nyaya. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi, uye haazouyi paKutongwa, asi abva murufu achienda kuHupenyu.” Heyo nyaya yacho. Mhosva yapera! Hapasisina nyaya pazviri. Amen! Zvino akachengeteka, akachengeteka neChiratidzo chaiswa, rufu parwunotanga kurova pamukova kunze uko, harwuna simba. Maona? Hongu.

115 Chiratidzo chakaiswa. Chiratidzo chete ndicho chinocherechedzwa zvino. Munoono, Akazviita kuitira kuti Chiratidzo chiuye. Chiratidzo chaive Hupenyu hwaMwari.

116 Zvino Mwari pavakasika munhu wekutanga, Vakamuita mwanakomana. Zvino mwanakomana akanga akatsveyama zvikuru zvokuti akateerera mudzimai wake pachinzvimbo chaMwari, uye mudzimai akateerera dhiyabhore pachinzvimbo chemurume wake, zvino, pazvakadaro, zvakavatsveyamisa pamwe chete, zvokuti zvakaunza kusvibiswa. Zvino Vaiziva, kuti pavakaita izvozvo, vaizonge vachiunza vana munyika. Muchero waiva pakati pemuti waisagona kubatwa, uye, zvino, pawakabatwa, vakaunza chivi ichi pavari ivo. Uye nokudaro rudzi rwose rwevanhu, rwakazvarwa, rwakanga rwuri muchivi. Ipapo, pasina nzira yekubuda nayo.

117 Ndokubva Mwari vaburuka. Pane nzira imwe chete yekumudzosave, ndeyekumudzosera kuva mwanakomana zvakare. Zvino ko Vangazviita sei, apo Murairo waVo pachaVo wakamirapo ukati iye “apomerwa mhosva”? Zvino Baba pachaVo vakave mumwe wedu. Ndiro Gwayana chairu. Ndicho chinangwa ChaVo chaVaive nacho mupfungwa.

118 Ndicho chikonzero Gwayana rakaziviswa kwazvo mubindu reEdheni, nokuziva kuti Gwayana neNjiva zvaizosangana pane imwe nguva, apo Gwayana neNjiva zvaizove zviri pamwe chete. Ndipo paVakaziva, kubudikidza naizvozvo, kuti tose tinogona kuva pamwe chete. Uye Akanga akagadzirira kuzvipira kwakadaro, zvino, kuti Chiratidzo chigone kuiswa, kuti hatichisiri zvachose vatorwa, hatisisiri zvachose wayeni, asi tave vanakomana nevanasikana vaMwari. Vose Adhamu naEvha, mudzimai nomurume, vakabatanidzwa pamwe chete, vatori vanakomana nevanasikana vaMwari, muna Kristu Jesu, nechibairo chaKe chikuru.

119 Uye, zvino, kuitira kuti pasave nekukanganisa! Mbeu yehupenyu huno inofanira kudyarwa muvhu, remutumbi uno unova mbeu ino—inoparara; uye hupenyu, kana huri hupenyu hwakatsveyama huri mumbeu, hunoparara nembeu. Asi Vakaisa Hupenyu Husingaperi mairi ndokuicherechedza seyaVo pachaVo, kuti murumuko Vaizoimutsa zvakare, uye hapana chinozorasika. Muri kuona zvandiri kureva here?

¹²⁰ Hezvoka izvo, haigoni kuparara zvino. Hupenyu huri pamusoro payo. Chiratidzo, chirere pamusoro pomutumbi mudiki iwoyo, chirere pamusoro pemweya wemunhu iyeye. Pane Chiratidzo ipapo, Mweya Mutsvene, chekuti ndeyaMwari. NdeyaVo. “PaNdinoona Chiratidzo, Ndichakupfuurai.” Chiratidzo chechokwadi, Mweya Mutsvene ndiwo Chiratidzo chedu. Nokudaro, paunogamuchira Mweya Mutsvene, wabva murufu uchienda kuHupenyu. Ndizvo zvoga zviripo kwazviri, nokuti Hupenyu huri mauri. Hauchagoni kuparara.

¹²¹ Bhaibheri rakati, “Uyo akaberekwa naMwari haaiti chivi, nokuti haangatadzi, nokuti Mbeu yaMwari,” ameni, “Mbeu yaMwari inogara maari.” Uye angatadza seiko ivo Mwari vasina chivi vari maari? Kana ari muna Mwari vasina chivi, ko angatadza sei? Hazvina mhosva kuti akaitei, Ropa rakamufukidza. Maona? Ava chisikwa chitsva zvino. Zvishuwo zvake nevavariro dzake ndezveKudenga, nokuti ahandurwa kubva pakuva chaguduma achiva gorosi. Zvishuvo zvake hazvichina kufanana nezvazvaimbova, uye anozviratidza.

¹²² Unoti, “Oo, ndinoZvitenda.” Uye uchiri kutadza? Kwete! Wakanyengereka. Maona? Hapana chimwe chazvinogona kuratidza kunze kweChiratidzo.

¹²³ Israeri yakarairwa kugara pasi peropa iroto kusvikira mirairo yekuchifamba yauya. “Musabuda kubva pasi paro!” Pavakangova chete pasi pechiratidzo ichocho, vakapfikirwa imomo. “Usabve ipapo!” Vakagara ipapo chaipo kusvika pava pakati pehusiku zvino hwamanda dzikarira. Zvino hwamanda padzakaridzwa, nyanga dzemakondohwe dzekare dzatanga kurira, mumwe nomumwe akafamba achibuda nezvinhu zvake, achienda kunyika yechipikirwa.

¹²⁴ Saka ndizvo zvinoita murume kana mudzimai akazadzwa neMweya Mutsvene, akaiswa chisimbiso, uye akachengetedzwa kubva kune zvole zvinokuvadza pamwe nenjodzi. Hupenyu hwake hwose hunoratidza zvaari, kwese kwaanofamba, chero basa raanoita, chero waanotaura naye. Paanosangana nevakadzi, paanosangana nevaanoshamwaridzana navo, paanosangana nezvole, Chiratidzo ichocho chinege chiri ipapo. Ameni! Kana zvasvika parufu, “Handingatyi zvakaipa, nokuti Muneni,” Chiratidzo ichocho chiri ipapo. Kana zvasvika parumuko, anenge ariipo, nokuti Mwari vachamumutsa nezuva rokupedzisira. Jesu akataura kudaro! “PaNdinoona Ropa, Chiratidzo, Ndichakupfuurai.” Oo!

¹²⁵ Rangarirai, kana chiratidzo ichocho changa chisina kuiswa pachena, kunyangwe sungano yaishaiswa maturo. Ndizvozvo. Sungano yaishaiswa maturo. Pakanga pasina—pakanga pasina sungano chero bedzi chiratidzo ichocho chakanga chisipo. Chiratidzo chaimiririra sungano. Mwari vakaita sungano navo, hongu, changamire, asi chiratidzo chaifanira kuvapo. Yakanga

isingashandi, sungano yaisashanda, kunze kwekunge chiratidzo chaivepo.

¹²⁶ Panogona kunge paine maJudha mazhinji aigona kuti, “Huya pano! Handina ropa pamusuwo wangu, asi ndinoda kukuratidza chimwe chinhu, ndiri muJudha akadzingswa. Ndakadzingswa.” Izvozvo zvaisareva *kudaro*. [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti] “PaNdinoona ropa! PaNdinoona chiratidzo!”

¹²⁷ Unogona kuti, “Ndiri muBaptisti, Presbyteriani, Methodist,” kana chero zvacho chaunoda kuva.

Asi, “Kana Ndaona Chiratidzo!”

¹²⁸ Unoti, “Ndiri mutendi. Amai vangu vaiva nhengo yechechi ino. Baba vangu vaive nhengo yechechi ino. Ndanga ndiri nhengo ikoko kubvira ndichiri mwana.” Izvozvo hazvireve *kudaro*. [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti] “Handinyepi, kuba. Handiite *izvi*. Ini...” Izvozvo hazvireve *kudaro*. [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo.] “Ndiri weBranham Tabhenakeri. Ndinoita *ichi*, *icho*, kana *chimwewo*. Ndinotenda Shoko rose.”

¹²⁹ MaJudha iwayo aigona kuti, “Ndinotenda Jehovha!” Aidai akateerera kuMharidzo yenguva, kana dai akadaro. Zvirokwazvo.

Vaive nemharidzo dzakawanda, asi Iyi ndiyo yaive Mharidzo yenguva. Maona? Ndinotenda Mharidzo yenguva. Hongu. Ropa raiiswa panguva dzamanheru.

Vanogona kunge vakati, “Ini, ndiri muJudha.”

¹³⁰ Vanhu vanoti nhasi, “Ndiri Mukristu. Ndinogona kukuratidzai kuti ndava nhengo kwenguva refu. Ndinoda kuti mundiudze kwandakamboba chero chinhu, kwandakambove mumatare edzimhosva. Ndiratidzei pandakamboita hupombwe, kwandakamboita zvinhu zvose *izvi*, kana chimwe chakadaro. Ndiratidzei nzvimbo imwe chete.” Izvozvo hazvireve kana chii zvacho zvino. Oo, kwete. Munoono, zvisinei kuti aive sungano zvakadii, sungano haishande. Haishande.

Unoti, “Zvinoka, ndiri mudzidzi weBhaibheri.”

¹³¹ Handina basa nezvauri. Pasina sungano iyoyo, hashu dzaMwari dziri pamusoro pako. Ndizvozvo. Dzabatana newe. Hongu. “Zvivi zvako zvichakuwana.” Chivi chii? Kusatenda. Wakarega kutenda Mharidzo. Wakarega kutenda Shoko. Wakarega kutenda huchapupu hweChiratidzo, pachaCho, paChakaZviratidza pakati pedu. Zvino wakarega kuChitenda here? Hazvinei kuti hauChitende zvakadii, Chinofanira kuiswa.

¹³² Unogona kuti, “NdinoChitenda. NdinoChitenda. Ndinotenda kuti ndiCho Chokwadi. NdinoChigamuchira seChokwadi.” Zvino zvose izvozvo zvakanaka, asi zvakadaro Chinofanira kuiswa.

133 Handiti, muJudha mumwe amire apo, achikonzonga ropa, apo gwayana raijuja ropa, achiti, “Ava ndiJehovha.”

134 Zvino hapo muprisita akamira, achiti, “Hongu, changamire, ndinotenda kuti ichokwadi,” asi paimba yake iye iro risina kuiswa. Haadi kuzvibatanidza kunze uko neboka iroro; kwete, changamire, vapengereki ava vane ropa pamusuwo. Haadi mucherechedzo iwoyo. Zvisinei nekuti aive muprisita akadii, kuti aiziva Shoko zvakadii, kuti akanga akakudzwa zvakanaka sei, kuti mabasa api aave aita, kuti akapa zvakananda zvakadii kuvarambo, kuti akapira zvakananda zvakadini!

135 Pauro akati, “Ndikapa muviri wangu kuti upiswe, sechibayiro; ndopa pfuma yangu yose kuti ndipe varombo zvokudya; ndiine kutenda kwekufambisa makomo, nezvimwe zvakadaro; uye ndichitaura nendimi, sevanhu nengirozi; nezvimwe zvinhu zvose izvi,” ndokuti, “handisi chinhu kusvikira Chiratidzo chaiswa. Kusvikira Chiratidzo ichi!” Ndizvo zvandiri kutaura nezvazvo manheru ano, rudo. Maona? “Zvino, kusvikira ichi chaiswa, handisi chinhu.” Maona?

136 Handina basa nazvo, unogona kunge wakadzanga madhimoni. Unogona kunge wakapodza vanorwara nemunamato wako wekutenda. Unogona kunge wakaita zvinhu zvose izvi. Asi kana Chiratidzo ichocho chisipo, uri pasi pehasha dzaMwari. Unogona kunge uri mutendi. Unogona kumira papurupiti woparidza Vhangeri. “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezva iroro, uye voti, ‘Ishe, Ishe, handina here kuporofita muZita reNyu, kuparidza muZita reNyu? Handina kudzinga madhimoni muZita reNyu here?’” Ndivo vose maMethodisti, maBaptisti, nemaPentekosti. Jesu akati, “Ibvai kwaNdiri, imi munoita zvisakarurama. HaNdina kana kumbokuzivai.”

137 “Asi kana Ndaona Chiratidzo, Ndichakupfuurai.” Ndizvo zvinodiwa naMwari zvenguva ino. Mharidzo yenguva yamanheru, ndeyokuisa Chiratidzo.

138 Satani akakanda mhando dzose dzezvekunemera, zvekukwazisana mawoko, nezviratidzo, nezvose zvakadaro. Kanganwa nezvazvo! Nguva yasvika yokuti Chiratidzo, pachaCho; kwete zvimwewo zvekunemera, zvekutenda kwekabanga, zvekutsinhanisa, chero chii zvacho.

139 Nguva yasvika apo Chiratidzo pachezvaKe ari kuZviratidza pakati pedu chaipo, uye chichiratidza kuti ndiYe Jesu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, uye Anogara chaizvo neShoko. Chinofanira kuiswa. Munhu anoti ane Chiratidzo, achiramba Shoko rino, ko toti kudii nezvazvo? Munoona, haugone kuzviita. Chiratidzo chinofanira kuvapo. “Kana Ini... Ropa richava chiratidzo kwamuri.” Zvino Mweya Mutsvene, Hupenyu hwaiva muRopa, ndiwo Chiratidzo kwamuri. Tichasvika kwazviri muchinguvana, munoona. Mweya Mutsvene ndiwo Chiratidzo.

Nyaya yacho yatopera. Hongu, changamire. Zvino, rangarirai. Uye ini. . .

¹⁴⁰ Hazvina mhosva kuti uri chii, kuti wakanaka zvakadii, kuti kangani kawakasvetuka-svetuka, kuti machechi mangani awakajoinha, kuti zvinhu zvingani zvakanaka zvawakaita, hazvizoreve chinhu chimwe zvacho kwauri kana Chiratidzo chisina kuiswa. Ino inguva yamanheru. Zvakashanda zvakanaka mumazuva aLuther, zvakashanda zvakanaka mumazuva aWesley, asi hazvishandi zvino. Kwete.

¹⁴¹ Hongu, kuchengeta gwayana kwaive kwakanaka kareko. Avo vakafa munguva iyoyo gwayana risati raiswa, ropa, zvakanga zvakasiyana. Hongu, changamire. Vakaenderera mberi nekuda kwehana yakanaka. Vachazotongwa kana ivo—ivo vaive. . .

¹⁴² Kana vaive vakafanotemerwa, zvakavabata. Kana zvisina kudaro, hazviziviiti. Ndizvo zvoga. Vanongova Mwari. “Va—Vanoruramisa uyo waVanoda, voitira tsitsi kune uyo waVanoda, uye Vanopomera mhosva uyo waVanoda.” NdiMwari. Ndizvo zvoga. “Vanoitira tsitsi uyo waVanoitira tsitsi, uye Vanopomera mhosva uyo waVanoda kupomera mhosva.”

¹⁴³ MuJudha aigona kuratidza pachena, nokudzingswa, kuti iye mutendi.

¹⁴⁴ Kune varume vazhinji, varume vanotenda zvepamavambo, vanogona kutora Bhaibheri iri voti, “Ndiri mutendi, uye Jesu akati ‘nokutenda’ takaponeswa. Uye ini ndiri mutendi, asi rubhabhatidzo irworwo rweMweya Mutsvene mahara.” Pakadaro Chiratidzo hachina kuiswa. Zvisinei hazvo, kuti anotenda zvakananda zvakadini, inoshaiswa maturo.

¹⁴⁵ Sezvakangoita kudzingswa kwemuJudha. Anoti, “Ini ndiri muJudha. Ko ndinodirei kuti ndiende kunze uko ndonoita serimwe boka riya revapengereki?”

¹⁴⁶ Mosesi akamira, achikwira nokudzika nomugwagwa, achiti, “Mharidzo yemanheru yasvika! Zvichaitika kuti, panopera mazuva 14, muchaunganidza ungoro pamwe chete mouraya gwayana. Ungano yose yeIsraeri inofanira kuriuraya, vachiisa maoko avo pamusoro paro, vachizvibanidza naro. Zvino ropa richaiswa pagwatidziro, nepachivivo chomukova, uye, ‘PaNdinoona ropa, Ndichakupfurai, nokuti chiratidzo chokuti wagamuchira rufu rwegwayana randakakupai.’” Ropa ndiro raive chiratidzo.

¹⁴⁷ Iye zvino Mweya ndiwo Chiratidzo. “Muchazadzwa neMweya Mutsvene mazuva mashoma kubva zvino.” Zvino Ropa parakadeurwa, Chiratidzo chakatumburwa pasi neZuva rePentekosti, semhepo inovhuvhuta, ine simba.

¹⁴⁸ Ndiro raive dingindira remuapostora wese. Raiva rekuti, “Wakagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvawakatenda?”

Tendeukai, mumwe noumwe wenyu, mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo ichi cheMweya Mutsvene, nokuti ndicho Chiratidzo, ameni, kuti wabva murufu uchienda kuHupenyu.” Hezvoka izvo. Apo iya yeMaru-...Chechi yemaJudha payakapera, Marudzi akapfuurira mberi nayo, uye nekutsveyama ikoko kwakadaro; iye zvino yabuda, kuzitora vakasara veMarudzi, kuitira Zita raKe, Mwenga.

¹⁴⁹ Munoono zvandinoreva? Munoono here izvo zviri kutaurwa neGwaro pano? Kana Chiratidzo chisina kuiswa pachena, zvoreva kuti sungano yaisashanda. Maona? Zvinofanira kudaro. Nokuti, kana uchiti unotenda, asi usingatevedzeri mirairo yeShoko, pakadaro hautendi. Maona? Kunyangwe wakazingiswa, kunyangwe ukajoinha, uye kunyangwe wakabhabhatidzwa, wakaita zvinhu izvi zvose saizvozvo; izvozvo zvisinei hazvisi Chiratidzo, Mweya Mutsvene.

¹⁵⁰ Mudzidzi akanaka uyu akaenderera mberi achitaura neni, sezvandataura nguva yadarika. Akati, “Billy,” akati, “Abrahama wakatenda Mwari, zvikaverengerwa kwaari sekururama. Chii chimwezve chaigona kuitwa nemurume uyu kunze kwokutenda Mwari?”

¹⁵¹ Ndakati, “Ndicho chokwadi, Chiremba. Ndizvozvo. Akatenda Mwari. Bhaibheri rakataura kudaro. Muri raiti. Kusvika pamasvika, zvamareva ndizvozvo.”

¹⁵² Chero bedzi va—va—vatsori 12, vakatumwa kunze kundotsora nyika yeKenani, chero bedzi vaifambira mberi vakananga Kenani, vakanga vari kuenda mberi; asi pavakasvika pamuganhu, vakabva varamba.

¹⁵³ Ndakati, “Imi maBaptisti muri raiti, maringe nepamakasvika, asi makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?” Hum. Ndakati, “Rangarirai, Mwari vakacherechedza kutenda kwaAbrahama. Iye—iye akatenda muna Mwari, uye zvikaverengerwa kwaari kuti kururama, ichokwadi, asi zvino Mwari vakamupa chisimbiso chekudzingiswa, sechiratidzo, chiratidzo kwaari.” Kwete kuti nyama yake, yakanga yadzingiswa, yakanga ine chokuita nomweya wake, asi chaive chiratidzo chekuti Vaive (Mwari vaive) vacherechedza kutenda kwake.

¹⁵⁴ Uye Vanotipa chiratidzo, cheMweya Mutsvene, kuti Vaticherechedza sevatendi. Nokuti, “Tendeukai, mubhabhatidzwe mumwe nomumwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu!”

¹⁵⁵ Batai pfungwa yacho zvino. MaJudha, zvisinei kuti vaigona kuratidza sei kuti vakadzingiswa, asi chiratidzo chaifanira kuratidzwa. Kana chisipo, sungano yakanga isingashande. Yaisashanda.

156 Zvimwe chete zvino, chinhu chimwe chetecho. Zvisinei nezvaunoita, zvisinei kuti unokwanisa zvakadini—unokwanisa zvakadini kutsanangura Bhaibheri. Unogona kunge uri mudzidzi weBhaibheri. Oo, ini zvangu! Unokwanisa—unokwanisa kuti, “Ndiri mutendi, nezvose.” Asi zvakadaro Chiratidzo chinodikanwa. Mudzidzi weBhaibheri, unoti, “Ndaive munhu akanaka, Hama Branham.”

157 “Handina basa nezvinotaurwa nechero munhu zvake, haugone kukurira munhu iyeye. Handina kumbomuona achiita chero chinhu chakaipa, muhupenyu hwangu.” Izvozvo hazvina icho chokuita naMwari. [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti] Pane chinodikanwa chimwe, uye ichocho choga!

158 Uye haugone kuita izvozvo. Haukwanise kuisa ropa pachivivo chemusuwo, apo, paisagona kuva nechiratidzo kunze kwekunge gwayana rafa. Uye ropa rakanga riri chiratidzo chechokwadi chokuti gwayana rafa. Hapana kutenda kwekabanga; gwayana rafa!

159 Zvino Mweya Mutsvene Chiratidzo chechokwadi chokuti Gwayana rako rakafa uye wakagamuchira Chiratidzo pauri, nokuti Hupenyu hwaRo chaihwo huri mauri. Maona? Hapana kutenda kwekabanga. Hapana zvekuisira. Hapana zvekutevedzera. Chiripo! Unozviziva. Unozviziva. Nyika inozviziva. Chiratidzo chiripo.

160 Hazvinei nokuti munhu wacho anga akanaka sei. Anogona kunge ainge ari mudzidzi weBhaibheri. Inogona kuva... Inogona kunge iri chero mhando yenhengo yechechi ya—yakanaka. Anogona kunge ari munhu akanaka. Anogona kunge ari mukuru we—wesangano. Hunogona kunge huri—huri hutungamiri hweRoma. Ini—ini handizive kuti ndiyani, hazvi—hazvina chero chazvinoita.

161 Asi, Israeri, chero mudzidzi upi zvake weBhaibheri anoziva kuti Israeri yaive mufananidzo weChechi, chaizvoizvo, vachienda kunyika yechipikirwa. Uye ndiko kwaIri kufamba ichienda.

162 Asi pakasvika nguva yemanheru, uye rwendo rwatanga, paive nechinhu chimwe chakakosha chaidiwa. Zvisinei kuti akanga ari muJudha akadini, kuti akanga akachengeta zvirimwa zvake zvakanaka zvakadii, kuti aive abata vavakidzani vake zvakanaka zvakadii, kuti akanga aita zvakawanda zvakadii, akanga ari nhengo yakanaka zvakadini, kuti akabhadhara chegumi chakadii. Zvinhu zvose izvi zvakanga zvakanaka. Zvaive zvakanaka. Aive murume akanaka, anozivikanwa pakati pevanhu vake, semunhu akanaka. Asi pasina chiratidzo, cheropa, akaparara.

163 Oo, dai Mwari vandibatsira, zvose vari pano uye nevari mumatepi, kunyatsozvirovedzera!

¹⁶⁴ Hazvina mhosva, unogona kunge wakaparidza Evhangeri, unogona kunge wakadzinga madhimoni, unogona kunge wakataura nendimi, unogona kunge wakadanidzira, ukatamba muMweya, asi usina Chiratidzo.

Unoti, “Ndingazviita here?”

¹⁶⁵ Pauro akati unogona kudaro. “Kunyange ndikataura nendimi savanhu nengirozi, kunyange ndikapa zvose zvandinazvo kuti ndipe varombo zvokudya, muviri wangu kuti upiswe sechibayiro, ndiine kutenda kunosudurutsa makomo, uye nezvinhu izvi, handisi chinhu nazvino.” Usazembere pane izvozvo. Chiratidzo! Hazvina mhosva kuti wakaita zvakawanda zvakadii, wakanaka sei; kana hasha dzaMwari dzavaima, dzinongocherechedza bedzi Chiratidzo.

¹⁶⁶ Chiratidzo chokuti mutengo wakabhadharwa, wainge uchidiwa. Uye mutengo wakabhadharwa waive Hupenyu hwaJesu Kristu, uye Akapa Hupenyu hwaKe. Zvino Mweya waKe unodzoka pauri, seChiratidzo chokuti wagamuchirwa. Uye unotakura Chiratidzo newe, siku nesikati, kwete neSvondo chete. Inguva dzose, une Chiratidzo. “Kana Ini . . . Ropa richava chiratidzo kwamuri.”

¹⁶⁷ Unoti, “Ndichiri kutenda. Ndiri mutendi.” Izvozvo zvakakanaka. Asi kana ukaramba Chiratidzo, zvino uchange uri mutendi sei? Chinotaura chichipikisana newe. Munooni, zvinotaura zvichipesana nehuchapupu hwako, kuti unodaro.

¹⁶⁸ Mudzidzi weBhaibheri, munhu akanaka, nhengo yechechi, chero zvauri, hazvireve chinhu. Hongu, changamire. Pamwe baba vako muparidzi. Pamwe mai vako—vako vakanga vari mutsvene. Pa . . . Zvaka—zvakakanaka, vanofanira kuzvidavirira pachavo. Sezvandakambotaura, kuyedza . . .

¹⁶⁹ Vanhu vanoedza kuita Mwari sevamwe sekuru vakuru, vachembera, vafemu, vakarasika njere, munooni, uye vane boka revazukuru, sezvakanangoita vanaRicky navanaElvis vadiki, uye, “Hapana chakaipa mavari.”

¹⁷⁰ Kwete Mwari! Havana vazukuru. NdiBaba. Unofanira kuzvarwa patsva! Havasi mutana munyoro akura akarasika njere.

¹⁷¹ NdiMwari vekutonga. Bhaibheri rinotaura kuti ndizvo zvaVari. Hasha dzaVo dzinotyisa. Usatsike-tsike pane Izvozvo wotarisira kuti runako rwaMwari rimwe zuva kuti rwukutore, uri muchivi chako, uye rwokuendeswa Kudenga. Dai Vakaita izvozvo, Vaizopembedza zvose izvi pano, uye vakatora Evha. Uchatenda Shoko raVo, kana kuti uchazo . . . uchaparara. Uye paunotenda Shoko raVo, Chiratidzo chichange chiri pauri. Uh-huh.

172 Rufu rwakanga rwagadzirira kurova Egipita husiku ihwohwo, chero nguva. Yakanga iri nguva inotyisa; mhemberero dzavo dzose, mazuva avo ose emitambo, nemazuva ekutsanya.

173 Mwari vakanga vavashanyira. Mwari vakanga varatidza zviratidzo nezvishamiso zvaVo zvikuru pakati pavo. Chii ichocho? Zvino chimbomirai zvishoma. Mwari vakanga vavaratidza nyasha dzaVo. Vakanga vavapa mukana.

174 Havana kukwanisa kuDziramba. Vakati, “Oo, hapana zviripo kwazviri. Hazvina maturo. Chingoriwo chimwe chinhu chiri mumapopoma, pakava nekutubuka kwe—kwevhu dzvuku rakatutumira kunze, uye ndizvo zvakaita kuti gungwa rive dzvuku.” Kukachibva kwazouya chihvuramahwe. Tevere matatya ndokuuya. Mwari vakanga vagadzirira nzvimbo, uye vakaisa Shoko raVo mumuromo wemuporofita. Uye zvaakataura, zvakaitika, uye vakazviona. Havana kugona kuzviramba.

175 Zvakadaidzwa naMosesi, ndizvo zvacho zvakawanikwa naMosesi, kubva kuna Mwari, nokuti ahangotaura Shoko bedzi raMwari. Vakati, “Ndichakuita mwari.” Mosesi akanga ari mwari kwavari. Maona? Vaisaziva musiyano, saka Vakati, “Iwe uchava mwari, uye Aroni achava muporofita wako. Munooni, uchaita samwari, nokuti Ndichakutora, inzwi rago, uye Ndichasika newe. Ndichataura, uye vanhu havagona kuzviramba, nokuti hapo chaipo pazviri. Zvaunotaura, zvichaitika.” Oo, ini zvangu! “Ndichakuratidza zvinhu izvozo.” Ini zvangu! Zvino Egipita yakazviona. Vakazviona nguva yemanheru isati yasvika, kana kuti panguva yemanheru chaiyo.

176 Vakavaratidza Kunaka kwaVo. Vakaraidza kuti Vaigona kuzvibvisa, kupodza.

177 N’anga dzakaedza kuita zvimwe chetezvo, vatevedzeri. Unogara uchivawana. Paiva naJane naJambure, vakamirapo. Asi pazvakasvika pachinhu chaicho, vakanga vasinacho. Ndizvozo. Vakateverawo, kwechinguva chiduku. Asi, mushure mechinguva, hupenzi hwavo hwakaraidzwa.

178 Uye Bhaibheri haritauri here kuti zvimwe chete zvichaitika mumazuva okupedzisira, “saJani naJambure vakapikisa Mosesi”? Asi hupenzi hwavo hwakaraidzwa, uye ndizvo zvazvichavawo zvakare. Maona? Hezvoka izvo, varume vane pfungwa dzakatsveyama, vakarasika paChokwadi, chaCho chaicho. Vanogona kunge vaine ungoro pamwe nezvinhu zvikuru, nezvinhu zvikuru, zvepamusoro, zvinoyevedza kwazvo, asi pakupedzisira nguva yacho ichasvika.

179 Mira wakadzikama neChiratidzo! Ndizvo zvinodiwa naMwari kuti tiite. Batirira paShoko raVo. Usabva paRiri. Nyatsogara naRo. Bhaibheri rakataura kudaro.

180 Rufu rwakanga rwuchirova. Mwari vakanga vavaratidza tsitsi, vakaraidza masimba nezviratidzo.

¹⁸¹ Zvino ngatimbomirai kwenguva imwe kana 2, pawachi iyo. Ngatingofungai mupfungwa dzedu, kumashure, zvaVakavimbisa kuti zvaizoitika mumazuva ekupedzisira. Handizivi kana isu tisiri kufanira kunge tichizviongororarawo, zvakare. Maona?

¹⁸² Vakanga vaita zvinhu zvose izvi, asi zvakadaro vakaramba vasingashuviri kutendeuka, kana kutenda mharidzo yezuva. Vakaramba vasingadi kuzviita, kunyangwe zvakanga zvaratidzwa pamberi pavo, uye zvakanga zvaziviswa.

¹⁸³ Uye pamunoona zvinhu zvakadaro zvichiitika, chiratidzo chekutongwa kuri kuuya. Kutongwa kuchatevera zvinhu izvozvo. Kwakagara kuchizviita, uye izvi hazvizosiiwa munyaya yacho. Maona? Kutongwa kunotevera nyasha. Kana tsitsi dzarambwa, hapana chinosaursa kunze kwekutongwa. Saka kunogara kuchitevera.

¹⁸⁴ Zvino, chiitiko. Chiitiko chose chepamweya chiratidzo chinobva kuna Mwari. Chenjerai. Cherechedzai izvozvo, munooona. Tarisai, chiitiko chepamweya chese, chinhu chese chinoitika, chiratidzo. Hatisi pano netsaona. Zvinhu izvi hazvingoitike netsaona. Chiratidzo. Chiratidzo, chekuenda—kuenda kunzvimbo yakachengeteka, nokukurumidza. Noa akanga ari chiratidzo kuchizvarwa chake; Eria akanga ari chiratidzo kune chake; Johane akanga ari chiratidzo kune chake. Maona? Zvose, Mharidzo yenguva, chiratidzo. Itarise, ona zvaIri kuita. Maona? Chiratidzo. Chinhu chose chine zvachinoreva.

¹⁸⁵ Uye hapana imwe nguva yaigona kuitika mhando yakadai yeMharidzo. Yaisakwanisa kuuya muzuva raLuther, yaisakwanisa kuuya muzuva raWesley, yaisambokwanisa kuuya muzuva rePentekosti. Yaisakwanisa kuzviita. Maona? Hapana . . . hakuna kumbove nechinhu chakadaro chakaitika, asi zvakadaro takavimbiswa muBhaibheri. Maona? Tava kumagumo. Hapana chaigona kuitika, hazvaigona kuitika kusvikira panguva ino. Uye zviri kuitika sechiratidzo. Hameno kuti chiratidzo chacho chii?

¹⁸⁶ Oo, vanhu vaduku, hama yangu, hanzvadzi, pindai pasi peChiratidzo ichocho, nokukurumidza. Maona? Rega, rega kutora chinotsiva. Rega, rega, rega, rega kudaro. Maona? Usangoita zvekuChifungidzira. Iwe gara ipapo kusvikira waziva kuti Chiratidzo chaiswa, kusvikira (zvako zvose) pfungwa yaiva muna Kristu yava mauri, kusvikira zvose zvisina maturo zvenyika zvapera, munooona, kusvikira chishuwo chemoyo wose ave ari iYe. Maona? Izvozvo, zvino, unoziva, unobva waziva kuti pane chiri kuitika. Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda,” kwete vatendi vekabanga, asi vatendi. Maona? Zvino, hatidi kutora chii zvacho, chero zvokungoyedzawo pazviri; haufaniri kuzviita.

187 Mharidzo yenguva chiratidzo kumakereke. Chiratidzo kuvanhu. Rega... Muri—muri kuzvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndinovimba, patepi, kuti vari kuita zvimwe chetezvo, munoona, uye nedzimwe nzvimbo dzenyika. Munoona, chiratidzo chenguva chiri pano. Pane Chiratidzo chinofanira kuiswa, uye hapana pane imwe nguva paChaigona kunge chakauya.

188 Cherechedzai gadziriro yaMwari yenguva iyoyo. Zvino, sezvatinoziva kuti Bhaibheri rakati, “Zvinhu zvose izvozvo zvakaitika semienzaniso, munoona, kwatiri.” Cherechedzai, Mwari pavakagadzirira kutonga Egitita, Vakatangana vaita gadziriro. Chii chaVakaita panguva yekutanga? Havambofi vakashandura hurongwa hwaVo.

189 Pekutanga, paVakawana, paVakaita gadziriro yaVo, Vakatumira muporofita neshoko. Chinhu chekutanga chaVakaita kuvanhu vaVo kwaiva kutumira muporofita neshoko.

190 Chinhu chinotevera chaVakaita, kuzivisa muporofita uyu, Vakatumira Shongwe yeMoto yekuzivisa, kumuzivisa.

191 Uye chinhu chechitatu chaVakatumira chaiva chiratidzo. Ndizvozvo chaizvo. Chiratidzo, chiratidzo chairevei? Chivimbo!

192 Chekutanga, muporofita waVo nemharidzo; VakaZviratidza pakati pe...ne—neShongwe yeMoto nemuporofita waVo; Vakabva vatumira chiratidzo, kuti upinde pasi peropa iri, chekuti Vakanga vagamuchira urwu rufu rwakatsiva panzvimbo yako. Zvino, ropa rakanga riri chiratidzo chaVakatarisa, kuti wakanga wanzwa shoko, ukatenda pane Shongwe yeMoto, uye wakanga wagamuchira chinotsiva icho Vakakupa, uye wakanga uri pasi peropa rechinobatika chaicho chehupenyu hwakakutevera iwe. Ini zvangu! Chinhu chakakwana sei, chakakwana sei ichocho, munoona, uri pasi peropa.

193 Zvino uri pasi peMweya, pasi peMweya Mutsvene. Maona? Maona? Unotenda Mharidzo yanhasi, unoona, unotenda si—si—si—si—simba, sho—sho—Shongwe yeMoto. Unozvitenda izvozvo, unoona, uye unozviita.

194 Zvino, zvino tarisai, kungoZvitenda chete hakuna kukwana. Kwete ku—ku... Kufamba-famba paChiri, hazvina kukwana. Munoona, ndiko kuzviwedzera kuipa, “Nokuti uyo unoziva kuita chakanaka, uye orega kuchiita, chivi kwaari.” Munoona, vatendi vepamuganhu ivavo, Jesu akataura pamusoro pechinhu chimwe chetecho.

195 VaHebheru, chitsauko 6, “Nokuti hazvibviri kune avo vakambojekerwa, uye vakava avo vakagoverwa Mweya Mutsvene, uye vakaravira Shoko rakanaka raMwari, uye nenyika inouya, kana vakatsauka, kuti vazvivandudze zvakare pakutendeuka; vachiona kuti vanoroverera pachavo Mwanakomana waMwari; uye vakatora sungano yeRopa,

yavakacheneswa nayo...” Chinobatika ipapo chinochenesa. Hachisi Chiratidzo. Ropa harisi iro Chiratidzo zvino. Hupenyu ndihwo Chiratidzo.

¹⁹⁶ Hupenyu hahwaigona kuvapo, nokuti yakanga iri mhuka. Chinobatika ndicho chaive chiratidzo, waitofanira kuva neropa racho chairo rakaiswa pamusuwo. Asi zvino Mweya Mutsvene. Tiri kuuya kwazviri, muchingvana, kuratidza izvozvo, munoono. Hupenyu ndihwo Chiratidzo.

¹⁹⁷ Hupenyu hwako hwaenda, uye wakafa, uye hupenyu hwako hwakafa. Wakavigwa muna Mwari, kubudikidza naKristu, uye wakasimbiswa imomo neMweya Mutsvene. Pfungwa yaive muna Kristu iri mauri. Uye Kristu, neBhaibheri, neShoko, zvimwe chete. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” Zvino iwe, neShoko, naMwari, naKristu, muri vamwe chete. “Uye kana mukagara maNdiri, uye neShoko raNgu riri mamuri, kumbirai zvamunoda, zvichaitwa.” Maona?

¹⁹⁸ Ndokuisa simba mumiro mo chaimo yaMosesi, kuti aende kunze uko neShoko raVo onotaura, zvino matatya akauya; akataura, matatya akaenda; akataura, inda dzikauya; akataura, hupenyu—inda dzikaenda. Amen!

¹⁹⁹ Asi zvino chiratidzo chaidiwa kuIsraeri yose. Chiratidzo ichi chaidiwa paIsraeri yose. “Uye paNdichaona chiratidzo, Ndichakupfurai.” Oo, ini zvangu, ini zvangu! Chvimbo chakadini!

²⁰⁰ Israeri ichibuda muEgipita, waiva mufananidzo, wechaifananidzirwa chacho nhasi uno. Egipita yaive chechi, uye Israeri yaimiririra Mwenga. Zvino sokubuda kwakaita Israeri muEgipita, ndizvo zvinoitawo Mwenga uchibuda muchechi. Maona? Nokuti, panofanira kuva nechimwe chinhu ipapo chokuti Ubude machiri, uye Unofanira kuti ubudemo, ndizvo, kana yaiva mufananidzo. Chechi—chechi iri zasi muEgipita, munyika uye muzvivi, uye haina basa ne—ne—nepadiki zvapo nezveChiratidzo chako. HavatomboChitende. Asi Israeri yakachida, nokuti rwaiva ruponeso kwavari. Oo! Oo! Zvinofanira kutifadza, zvinofanira kuita kuti mwoyo yedu. . . Oo!

²⁰¹ Chiisei, chechi! Zvino musakundika. Mungazviita here zvino? Usarega, usarega, usarega zuva richinyura. Rega, rega, rega, rega, rega kuzorora, masikati kana husiku. Usaite zvokungoyedza. Hazvishande, vana. Hazvishande. Unofanira kuva neChiratidzo!

²⁰² Unoti, “Ndinotenda. Hongu, ndinoenda. Ini, hongu, ndinotenda Mharidzo. Ini. . .” Izvozvo zvakana, asi, izvozvo—izvozvo zvakana.

²⁰³ Asi unofanira kuva neChiratidzo! Muri kunzwa here, Branham Tabhenakeri? Unofanira kuva neChiratidzo

chichioneswa pachena! Pasina iCho, kutenda kwako kwese hakuna maturo. Maona? Uchararama hupenyu hwakanaka; unoteerera zvinotaura Shoko; unoenda kucheche; unoedza kurarama zvakanaka; zvakanaka, asi handiCho. “PaNdinoona Ropa,” ndicho Chiratidzo. Uye Chiratidzo pano hachisi. . .

²⁰⁴ Nokuti, chii, Iye—Iye aifanira kutoona chinobatika chacho, nokuti hupenyu hwakanga hwaenda, iye. . .hwakanga hwabva pairi, yakanga iri mhuka.

²⁰⁵ Asi pano apa Hutori Hupenyu hwaKe pachaKe hwaive muRopa. Zvino chinobatika ichi chaingova chinonongedza chete kana mucherechedzo wekucheneswa, asi Hupenyu pachaHwo ndihwo Chiratidzo; nokuti pasina kudzingiswa, pasina Chiratidzo, hautombori musungano yacho. Chinhu chacho chose chinoshanda pamwe chete. Kana ukati wakadzingiswa kuShoko, uye iRo roga, zvararo uchatenda Shoko; kana ukatenda Shoko, ipapo Chiratidzo chinofanira kuuya, nokuti akati, “Tendeukai, uye mubhabhatidzwe mumwe nemumwe wenyu muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, zvino muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.” Hezvoka izvo. Oo, ini zvangu!

²⁰⁶ Cherechedzai zvino gadziriro yevanhu vaVo vekunyika yechipikirwa. Cherechedzai zvaVakaita. Kutanga, Vaiva nevanhu vaVakanga vakagadzirira nyika. Vakanga vakavagadzirira nyika. Uye zvino Vakatumira zasi ikoko gadziriro yayo, yevanhu vekunyika yechipikirwa. Yaiva yeavo chete vakanga vakafanotemerwa kunyika yechipikirwa iyoyo, zuva reMwenga. Zvino kuti Vakazviita sei, Vakatumira muporofita neshoko, vakazvizivisa neShongwe yeMoto, uye vakavapa chiratidzo chokuti vagokwanisa kugutsikana kuti chakanga chakarurama. Ndizvozvo. Yakanga iri nyaradzo yayo.

²⁰⁷ Israeri, ichibuda muEgipita panguva iyoyo, yakanga iri mu—mufananidzo. Ichi ndicho chaifananidzirwa chacho, cheChechi ichibuda mumasangano. Zvino, havasi vose vanoita sangano. Ndinoreva Mwenga. Maona? Vamwe vanhu, kune vamwe vakazvimiririra voga vakangoipa semasangano, dzimwe nguva vakanyanya kuipa kutodarika.

²⁰⁸ Ndiri kutaura pamusoro peChiratidzo chakaiswa. Chiratidzo chinowirirana neShoko rose. Maona? Chinofanira kudaro, nokuti IShoko. Hupenyu hwaive huri muShoko. “Mashoko aNgu ndeeMweya; Hupenyu,” akadarro Jesu. Maona?

²⁰⁹ Mosesi paakatanga shumiro yaKe muIsraeri, nezviratidzo zvikuru, munoona, Israeri nokukasika yakaungana kubva kwese muEgipita, kuGosheni, ichidzoka kumusha, nokuti vaiziva kuti chimwe chinhu chakanga chava kuda kuitika. Oo, mufananidzo wakadini!

Oo, vanobva kuMabvazuva neMadokero,

Vanobva kunyika dziri kure, (Ndizvozvo,
makanzwa rwiyo rwacho.)
Kuzodya naMambo, kudya semuenzi waKe;
Vakaropafadzwa sei vafambi ava!
Vachitarira chiso chaKe chakayereswa
Chichibwinya norudo rwaMwari;
Vagoverani venyasha dzaKe vakaropafadzwa,
Sematombo anokosha ari mukorona yaKe
achipenya.

Oo, Jesu ari kuuya nenguva isipi,
Miyedzo yedu inobva yapera.
Oo, ko kana Ishe vedu nguva ino vakauyira
Avo vakasunungurwa kubva kuchivi?
Oo, zvino zvingakuunzira mufaro here,
Kana kusuwa nokuwodzwa mwoyo kukuru?
Kana Ishe vedu vari mukubwinya vauya,
Tichasangana naVo kumusoro mumhepo.

²¹⁰ Tichiratidza Chiratidzo! “Uye Ndichamumutsa mumazuva okupedzisira.” Zvirokwazvo! Tiri mumazuva acho.

²¹¹ Vanhu vakaungana muGosheni. Vakanga vakagadzirira. Vaiziva kuti chimwe chinhu chakanga chava kuda kuitika. Vaingove vakaita se . . .

²¹² Tora madhadha, kana yave nguva yekuungana, ose anomhanya pamwe chete chaipo. Kana nyuchi, zvimwe zvese, zvagadzirira, pane kumwe kufemera kunozvikweva.

Mweya Mutsvene unokweva vanhu!

²¹³ Oo, pakasvika nguva yokuti hashu huru dzaMwari dzidonhe, dzose. . . Kwakauya madhadha 2, gono negadzi. Hepanoi ndokuuya masekwe 2, mukono nemukadzi; pano ndokuuya mabhiza 2, gono negadzi; chimwewo chinhu chichidzidhonza, idzo dzakafanotemerwa. Dzimwe dzose dzakaparara. Oo! Dzimwe dzose dzakaparara! Asi idzo dzakanzwa kudhonzwa ikoko kwekuti dzipinde, dzakaziva kuti areka yakanga yagadzirwa. Chaive chiratidzo chekuti kuri kuuya mvura inonaya. Dzaiziva kuti kwaizouya mvura inonaya, zvisinei nekuti maratidzikiro acho aiva chii uye kuti vamwe vanhu vaifungei. Dzaiziva.

²¹⁴ Paiva nechimwe chinhu mukati madzo, chakati, “Pinda mukati imomo, nekukurumidza! Pinda mukati imomo, nekuti ndiyo nzvimbo yega ichave yakachengeteka.” Nokuti, Mwari vakagadzirira muporofita, Vakatumira areka sechiratidzo, vakati, “Pindai imomo,” uye mvura inonaya yakanga iri kuuya. Zvino dzakapinda imomo chaimo, dziri mbiri-mbiri. Mhuka dzose dzakapinda, dziri mbiri-mbiri, muareka, nokuti dzakanga dzapinda muzasi mayo. Zvisinei nekuti dzimwe dzose. . .

²¹⁵ Uye zvole zvaiva kunze kweareka iyoyo zvakaparara. Vose vaive kunze kwechiratidzo, cheropa, vakaparara, munhu wose.

Uye munhu wose ari kunze kweChiratidzo, cheMweya Mutsvene, achaparara.

²¹⁶ Zvisinei nekuti akanaka sei, kuti inhengo dzechechi dzakadii! Kwaiva nevakawanda vavo mumazuva aNoa. Kwaiva nevakawanda vavo mumazuva aMosesi; asi munhu akatadza kuzora ropa, sechiratidzo, aka, akaparara. Avo vakatadza kupinda muareka, vakaparara. Avo vanokundika kuuya muna Kristu, nokuti ndiYe Areka!

²¹⁷ VaKorinte Vokutanga 12, yakati, “NoMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete.” Wengano, kwete chechi; asi wengano, kwete masangano; Mutumbi wakavanzika waJesu Kristu! “NoMweya mumwe chete,” vara guru M-w-e-y-a, Mweya, “tose tinonyudzwa muMutumbi mumwe chete uyu.” Zvino Chiratidzo chiri pamusuwo, nokuti iwe uri muna Kristu. Uye ndiYe aive iYe wacho, Chibairo chako, Akamira pakutongwa. Uye kana Mwari vakatarisa pane ichocho, haVakwanise kuita chinhu. Wakangochengeteka sezvaungava, nokuti Mwari naKristu Munhu mumwe chete, Mweya wakaitwa nyama ndokugara pakati pedu. Zvino kuna Mwari naiVo Vomene pachaVo, nemi, vana vaVo pachaVo, muMutumbi. Hezvoka izvo, kwete mushonga, asi Mweya! “Ndichakupfurai.”

²¹⁸ Vakabva muEgipita yose, kuzoungana munzvimbo imwe chete iyi, kuti vagova pasi pechiratidzo ichi.

²¹⁹ Uye vakabva kumaMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, maLutherani, maPentekosti, zvimwe zvose, kuti vapinde pasi peChiratidzo. Chaizvo-chaizvo sezvazvakanga zviru panguva iyoyo!

²²⁰ Yaiva Shongwe yeMoto yaive yakamiririrwa ikoko. Zvino mumwe akaudza mumwe, mumwezve akaudza mumwe, mumwe akaudza mumwe, zvino, chinhu chekutanga munoziva, apa vose vakatanga kuuya. Vakatanga kuuya, zvino vakatarisa chiratidzo chaMwari. Vakati, “Kutongwa kwava pedyo.”

²²¹ Ipapo Muporofita akati, “Ndanzwa kubva kuna Mwari. Pachava nechiratidzo. Zvino isai ropa pamusuwo. Urayai gwayana, isai ropa pamusuwo, uye ndicho chichava chiratidzo, nokuti rufu rwava kuda kurova.”

²²² Regai ndikuudzei nhasi, semuranda waVo, kunze kwekunge Chiratidzo chiri pamusuwo, pane rufu rwepamweya rwucharova. Uye machechi ese akananga achidzokera ku—kukanzuru, yeMubatanidzwa wemaChechi ePasi rose. Vese vari kudzokera kuchiKatorike. Uye avo chete vari vechokwadi, vakazvarwa patsva, ndivo vachazogara vari kunze!

²²³ Rangarirai, kwete masangano enyu ePentekosti, nokuti vatori mazviru nechakare. Zvinoratidza kuti vakafa! Vakaparara. Vakapirisa. Vakadzokera. VakaMuisa kunze

kwemukova, asi Ari kutarisira Chiratidzo. Nokuti, chinhu choga chavaivimba nacho kwaiva kutaura nendimi.

²²⁴ Usavimbe nokutaura nendimi, kana chimwewo chinhu. Asi rega Chiratidzo pachaCho chivepo, Jesu Kristu Pauzima, Hupenyu hwaKe pachaKe mauri. Usadzingise *ichi, icho* chete; asi dzingisa zvose zvako semunhu, kusvikira iwe naKristu mava Mumwe. Kristu ari mauri, uye Hupenyu hwaKe hunorarama kubudikidza nemauri.

²²⁵ Zvino, zvino, kubva muEgipita yose! Uye tarisai zvino, tichiona zvavakaita, tichiona nguva ichiswedera, tinorairwa kuita zvimwe chetezvo. Maizviziva here? Tarisai vakataurwa nemuporofita.

²²⁶ Uye tichaverenga zvino, kana muchida kuverenga, muna VaHebheru chitsauko 10. Uye kana muchida kuverenga neni, ndinoda kuverenga ndima 1 kana 2 pano tisati taenderera mberi. VaHebheru chitsauko 10, uye ngatitangei nendima 26 yechitsauko 10 chaVaHebheru. Kwete, ndiri...Ngationei. Hongu. Hongu, changamire! VaHebheru, chitsauko 10, uye ndima 26, munoona.

Nokuti kana tichitadza tichida mushure mekunge tambogamuchira...

²²⁷ Ngationei, ndabata chaipo here? Hongu. Ndizvozvo chaizvo. Hongu.

...kana tichitadza tichida mushure...mekunge tambogamuchira zivo yechokwadi, hakuna chimwezve chibayiro chechivi.

Asi kumwe kutarisira kune kutya kuzotongwa, *kutsamwa kunopfuta moto, kuchapedza* muvengi.

Tarirai apa! Uyo akazvidza *murairo waMosesi* akafa *asinganzwirwi tsitsi* ari pasi pezvapupu 2 kana 3:

...mutongo wakanyanya kuoma sei, kunyangwe, mungafungidzira, waachazokodzera, uyo akatsika pasi petsoka — pasi petsoka Mwanakomana waMwari, uye...akatora...sungano yeropa...iyo akacheneswa nayo, sechinhu chisiri chitsvene, uye akazvidza Mweya wenyasha wakabva muRopa?

²²⁸ Mushumiri, nhengo, munhu akanaka, munhu ane hunhu, chero zvauro, uye unoziva kuti Mwari vakabvisa fodya kubva pauri. Madzimai, munoziva kuti Vakabvisa zvikabudura, ne-nevhudzi pfupi, nezvose, kubva...Munoziva kuti Vakaita izvozvo. Asi zvino kana mukazotendeuka mozvidza, uye motora Ropa iroro resungano, seRaiva, “chinhu chisiri chitsvene,” Akakuchenesai uye akakusvitsai pano!

²²⁹ Sevasori, kana vakauya kuno kumuganhu wenyika, ndokutarisa mhiri, uye vakati, “Zvino, ndinoziva kuti iripo, asi

chidziviso chakanyanyisa kukura. Tinotaridzika semhashu,” vakapararira murenje. Vatendi vepamuganhu!

²³⁰ Usangouya kusvika *apa*, woti, “Ndinotenda Mharidzo.” Iwe teerera mutumwa. Pinda muna Kristu! Unoti, “Zvinoka, ndinotenda Shoko rose rakataurwa, Hama Branham.” Zvakana, asi ndiko kungo—ndiko kungogona kuverenga.

²³¹ Tora Mharidzo, Iise mumwoyo mako, kuti unofanira kuva neChiratidzo, Hupenyu chaihwo hwaiva muna Kristu huye mauri. “PaNdinoHuona, Ndichakupfuurai.”

²³² Tichiona zviratidzo zvikuru zvenguva yekupedzisira panyika nhasi, tinoziva kuti ndizvozvo. Zvino tarisai, ndakaimirira iyi, kwenguva refu, yakareba, Mharidzo iyi kwamuri. Maona? Uye makaona zviratidzo zvenguva yekupedzisira. Zvino ndakaIparidzira kwamuri, uye ndikaIratidza kwamuri, nezvose zvakataurwa naKristu. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munozvibvuma here? [“Ameni.”] Tave panguva yekuguma. Hapana chandinooona chasara.

²³³ Unoti, “Ko munembo wechikara?” Avo vanoramba Mweya Mutsvene vakatoiswa kare munembo nechikara. Kurangwa kuchauya hako pamberi apo. Maona?

²³⁴ MuIsraeri, pairidzwa hwamanda mugore reJubheri, munhu wose...Munoona Kristu, mukuverenga izvozvo? Akangoverenga hafu yazvo, nokuti hafu yazvo yairevera nguva iyoyo. Maona? “VakaNdituma kuti ndirape vane mwoyo yakaputsika, kuti ndiparidze rusununguko,” nezvimwe vakadararo, munoona, asi, Iye, “negore rakanaka raShe.” Zvimwe zvacho zvose, haAna kumbo—haAna kumbozviverenga; Akagadzika Mupumburu pasi, nokuti ndezvezuva ranhasi. Maona? Akangoverenga chikamu chazvo, chikamu chaiva chezuva raKe.

²³⁵ Zvino izvi ndizvo zvaAchaita nhasi. Izvi ndizvo zvaAri kutaura, kubudikidza neMweya waKe wakazodzwa, kuchechi nhasi: Ino ndiyo awa yacho zvino. Ino ndiyo nguva yacho. Chigamuchirei, vanhu. Chigamuchirei!

²³⁶ Chii? Tinoona nguva huru dzekupedzisira, zviiedza zvitvuku zvichivaima, kwese-kwese. Pamusoro pezvisikwa, tinoona zvisikwa zvichivaimisa chiedza, “Nguva yave pedyo.” Tinozviona pachechi, ichivaimisa chiedza. Yakapihwa mhosva. “Nguva yave pedyo.” Iri munyika. Tinozviona pa—pamatenga, pamusoro pegungwa, pamusoro pamarudzi, pamusoro pezvose; muzuva, mwedzi, nyeredzi. Zviratidzo!

²³⁷ Tinoona zviratidzo zvenguva yekupedzisira zveMweya Mutsvene zvichidzoka pavanhu. Sezvazvaiva mumazuva aRoti, kuti Mweya Mutsvene wakashanda sei nemunyama yemunhu ipapo, aiva Mwari achiratidzwa munyama. Kutu Mwari vaizoita munhu sei pachaVo mu—pachaVo muMwenga waVo muzuva iroro, uye voratidza chiratidzo chimwe chetecho, Jesu akati

zvichava zvimwe chetezvo mumazuva okupedzisira. Tinozviona. Tinoona Shongwe yeMoto imwe chete. Kunyange sainzi yakatora mifananidzo yaYo, nezvimwe zvakadaro. Tinoona zviratidzo zvenguva yekupedzisira zvave pedyo. Tinoziva kuti zvava pano.

²³⁸ Uye zvakare, muchiona izvi, kana muchinditenda! Kana musinganditendi, tendai zviratidzo, tendai Shoko, nokuti zvinotaura pamusoro pezvandiri kukuudzai. Kana ndisiri kukuudzai Chokwadi, hazvaizotaura. Mwari havazombotauri kunhema. Mwari vanotaura kuZvokwadi. Uye Mashoko aya ari kupupura kuti ndiri kukuudzai Chokwadi. Ndiwo acho anopupura nezveMharidzo yandiri kuparidza. Kweke Mutumwa chete zasi uko parwizi zuva riya, akati, “Mharidzo yako ichatungamira Kuuya kwechipiri kwaKristu,” mabasa acho pachawo! Kana usingakwanise kutenda kuti Ngirozi iyoyo yakataura Chokwadi, tenda mabasa, nokuti Bhaibheri rakati zvinhu izvi zvichaitika panguva yokupedzisira. Ndiwo Acho anopupura. Ndiwo acho anotaura kupfuura mashoko angu kana chero ani zvake. IShoko raVo. Anopupura nezvenguva.

²³⁹ Uye tinoona zviratidzo izvi zvikuru, zvinotyisa zvekuguma pavanhu, nezviratidzo zvenguva, panyika, kunetsana pakati pamarudzi.

²⁴⁰ Tinoona Israeri iri munyika yayo. Chiratidzo, nyeredzi yaDhavidhi ine makona 6, ichipeperaka, chiratidzo chekaresa pasi rose, mureza wekaresa pasi rose. Yava nyika. Yave hurumende. Iri vanhu vayo pachavo. Iri mumubatanidzwa wemarudzi. Iyo, ndiyo, ndiyo zvinhu zvose izvi. Iri muU.N. Uye ine mari yayo pachayo, zvose. Jesu akati, “Chizvarwa ichi hachingagumi kusvikira zvinhu zvose zvazadziswa.” Uye, rangarirai, husiku uhwo Israeri yakaitwa nyika, ndihwo husiku hwakauya Mutumwa waJehovha kwandiri uko chaiko. Ndizvozvo. Hapo patiri tose.

²⁴¹ Zvinhu zvose zvinongobuda chiri Chokwadi chaicho. Handina kukunyeperai. Ndakakuudzai Chokwadi, uye Mwari vakapupura kuti ndakakuudzai Chokwadi. Zvino, rangarirai, ndiri hama yenyu. Ndiri munhu, munoona. Ndinongova munhu akangofanana nemi mose, asi mumwe munhu anofanira kuFunza, mumwe munhu anofanira kuItaura. Yaisava sarudzo yangu; yaive sarudzo yaVo. Uye ndakuudzai Chokwadi, uye Vapupura zvakare kuti Ichokwadi.

²⁴² Kana tichiona zvinhu izvi zviripanyika nhasi, oo, vanhu, ino ndiyo nguva yekupedzisira. Wana Chiratidzo ichocho pauri, nekukurumidza kwaunogona nako; kana kuti, iwe pinda muChiratidzo, pinda muChiratidzo. Tichiona chiratidzo chikuru chekupedzisira, uye nguva yave pedyo, ichitiyambira kuti, “Nguva yave pedyo.”

²⁴³ Oo, zvitore nekuperera kwese! Tinofanira kudanana. Oo, ini zvangu! Tinofanira kuva murudo kwazvo! Musambotaura

zvakaipa pamusoro pomumwe nemumwe. Kana mumwe munhu akakanganisa, munyengeterere nokukurumidza chaiko. Tiri pamwe chete mune izvi, pamwe naMwari. Tiri hama nehanzvadzi. Oo, raramai zvine humwari. Raramai, raramai sevanasikana vaMwari, raramai sevanakomana vaMwari. Raramai muchitapira, muine mutsa, makazvininipisa.

²⁴⁴ Ngaparege kuva nechakaipa chinouya mupfungwa dzako, mukufunga kwako. Ingo, ingozvibvisa. Kana zvikagogodza pamusuwo, zvibvise. Ingoti, ingoratidza Chiratidzo chako, wongoramba uchifamba, “Ndiri pasi peRopa!”

²⁴⁵ Rangarirai, paiva nevazhinji vavo vakauya kwavari madzimai iwayo manheru iwayo, vachiti, “Heyi, Gertie, Lillie, vamwe venyu, budai, tiri kuenda kupati manheru ano.”

²⁴⁶ “Huh-uh! Ndiri pasi peropa. Ndiri pasi pechiratidzo, kuti ndigare pano. Rudo rwangu rwuri kuMusiki wangu. Rufu rwuri munyika manheru ano.”

²⁴⁷ Uye rufu rwuri munyika nhasi uno. Kutongwa kwakamirira, kuchigere kuuya. Atomiki, nemahydrogen, nemhando dzose dzenjodzi, zvakamirira dzinyika.

²⁴⁸ Uye Mwari vari kufambisa Chechi yaVo, uye vakaratidza zvose. Tange takachengeta Gwayana zvino kwenguva yakati kuti, takatarisa, tichiona zvaRiri kuita, tichitarisa hunhu hwaRo nezvose, asi zvino Chiratidzo chinofanira kuiswa. Chinofanira kuiswa. Ndicho chinhu choga. “Kunze kwekunge munhu aberekwa neMweya, nemvura, haangatongopindi.” Uye tinofanira kudanana. Vatendi vanofanira kuzvipatsanura kubva kunyika. Usangozvitora zvino nekurerutsa.

²⁴⁹ Zvino, imi vanhu vari kuteerera kune Izvi, patepi, imi madzimai, imi varume, teererai zvishoma. Kana makambonditenda, Zvitendei zvino.

²⁵⁰ Yasvika nguva yekuchirega kukakavadzana. Tenda Mharidzo yeBhaibheri! Tenda Jesu Kristu! Uye woda, nekukudza, nekuremekedza mumwe nemumwe. Varume remekedzai madzimai enyu. Remekedzai dzimba dzenyu. Unzai musha wenyu pamwe chete, nokuti, rangarirai, Gwayana iri rakanga riri remusha, kwete remumwe chete; reimba yese, zvakare, raifanira kuunzwa. Zvese zvaifanira kuunzwa mukati. Tinofanira kudanana. Uye vatendi vanofanira kuzvipatsanura vomene kubva kunyika.

²⁵¹ Cherechedzai, vakanga vasiri kungoungana pamwe chete kuti vataure nezvemharidzo. Vakaungana pamwe chete kuzoisa ropa, kuzoisa chiratidzo.

²⁵² Ndizvo zvamunofanira kuita. Mufundisi Neville, nekuungano ino, matirastii, madhikoni, kwamuri hama, yasvika nguva yekuti tiise parutivi hupenzi hwese hwenyika, yasvika nguva yekuisa parutivi zvimwe zvese. Takaona zvakakwana

zvino, kusvikira takagutsikana, zvechokwadi. Uye Chiratidzo chinofanira kuiswa. Pasina iCho, uchaparara; unofanira kuparara, ndicho chinhu choga.

²⁵³ Oo, musauye pamwe chete, moti, “NdinoChitenda.” Pinda pasi paCho, pinda maChiri! [Masaisai eredhiyo anonzwikwawo zvakare—Mupepeti] Tinozviita sei? “NoMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa muMutumbi waJesu Kristu.” Munhu wose tenda, nomwoyo wako wose. Maona? Akanga asingadaviriri avo vaive kunze vasiri pasi paCho.

²⁵⁴ Ndiani iyeye ataura? [Mumwe munhu anoti, “Masaisai eredhiyo, Hama Branham.”—Mupepeti] Masaisai eredhiyo kubva kumusoro? [“Abuda nemusipika.”] Nemusipika. Vanayo imomo? Ndanzwa mumwe munhu. [“Hama Branham, ndinotenda kuti anga ari masaisai apinda kumashure uko.”] Masaisai eredhiyo, hongu. Oo, ivo—ivo vangowana apindirawo imomo. Ndinofungidzira vari kuaendesa. . . Oo, kudzimota? Ruregerero. Ndinoziva kuti pane munhu ataura chimwe chinhu. Uye ndafunga kuti mumwe munhu anga achida kutaura chimwe chinhu kwandiri, zvino havana kuzvibata, munoona, uye ndicho chikonzero nda—ndataura zvandaita. Ndaona muchitarisararisa. Ndanzwa inzwi. Ndafunga kuti mumwe munhu asimuka kuti ataure chimwe chinhu, uye handina kuziva kuti changa chiri chii. Zvino, zvino, mazvita.

Asi, tenda, pinda pasi paCho!

²⁵⁵ Israeri haina kuungana pamwe chete, ndokuti, “Tose ngatiendei kuGosheni nhasi. Tichatyaira tichikwira kuGosheni. Iwe kwira pangamera yako, uye isu tichatora ngoro yemombe. Uye tichatora vanaJones, neche kuno, nezvimwe zvakadaro, na—navanaGoldberg, uye isu tese tichaenda kumusoro ku—kuGosheni. Uye munozivei? Mosesi ndiye achataura nhasi.” Zvakanga zvisiri izvo. Kwete, changamire, hama! Ndekuti, pinda pasi peropa iroro! Hongu, zvirokwazvo.

Kwete kutaura pamusoro paCho; pinda maChiri!

²⁵⁶ Mumwe wavo anoti, “Munoziva, VaGoldberg, ndinonyatsoziva kuti iChokwadi.”

²⁵⁷ “Hongu, hama, ndinotenda kuti iChokwadi. Ndinoziva kuti iChokwadi.”

“VaLavinski, munofungei nezvazvo?”

²⁵⁸ “Ichokwadi zvamazvirokwazvo! Ndakaona simba raJehovha Mwari richitaura. Ndakaona matatya iwayo achibuda munyika iyoyo. Ndinoziva kuti hazvina kuitika kusvikira azvitaure, uye ndinoziva kuti ndiJehovha Mwari.” Zvino, zvose zvakana.

“Wakadzingiswa here?”

“Hongu, changamire!”

“Uri mutendi here?”

“Hongu, changamire!”

²⁵⁹ Uye zvakare paakanzwa Mufundisi Mosesi vachitaura, zuva iroro, vakati, “Asi unofanira kupinda pasi peropa racho, nokuti Mwari vakati, ‘Ropa ndiro chiratidzo.’ Chiratidzo! Zvisinei nekuti wakatenda zvakadini, kuti wakadzingiswa zvakadini; ndiyo sungano yakapihwa naMwari kuna Abrahamu, nezvimwe zvakadaro, ndiyo sungano. Asi unofanira kupinda pasi peropa, ndiro chiratidzo, nokuti Vakati, ‘PaNdinoona ropa, Ndichapfuura.’ MuIsraeri, kana chero zvake!”

²⁶⁰ Ringave sangano kana kusave riri sangano, rimwe racho, unofanira kuuya pasi peRopa. Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Pentekosti, asiri wesangano, chero zvauri, ndezvedungamunhu. Unofanira kuuya pasi peRopa. Zvino usangotaura pamusoro paCho; Chigamuchire! Ndinzwei! Ndinzwei! MuZita raShe, ndinzwei! Maona? Unofanira kuuya pasi peRopa!

²⁶¹ Akanga asina mungava kune chero vanhu vaive vasiri pasi peropa. Mwari vakazvijekesa kuti vose vaive vasiri pasi peropa iroro vaizoparara.

²⁶² Ndingashandisa Mazwi aVo here? Vose vari kunze kwaKristu vachaparara. Unopinda sei muna Kristu? VaKorinde Vokutanga 12, “NoMweya mumwe chete!”

²⁶³ Kwete, “nekukwaziswa ruoko kamwe, nehunhengo humwe, nesangano rimwe.” Ndizvo zvavari kuedza kuzviita. Vanogona kudaro.

²⁶⁴ “Asi neMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi 1.” “Kana ngirozi inobva Kudenga ikadzidzisa chimwewo chinhu,” Pauro akati, “ngaave akatukwa.” Ndiyo Mharidzo, pinda muna Kristu!

²⁶⁵ Tarisai, chero vanhu zvavo vari kunze kwechiratidzo, Mwari vakange vasina mungava navo. Uye Mwari havana mungava kune chero munhu, mukuru kana muduku, akakurumbira kana asina kukurumbira, mupfumi kana murombo, musungwa kana akasununguka, murume kana mukadzi; Havana mungava kuna ani zvake asiri pasi pesungano yeChiratidzo. Havana mungava.

²⁶⁶ Unoti, “Asi, O Ishe, ndakaita *izvi*. Ndakadzinga madhimoni. Ishe, ndakaita *izvi*. Nda—ndakaparidza Vhangeri.”

²⁶⁷ “Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama. Handina kana kumbokuzivai.” Vanongocherechedza Chiratidzo.

²⁶⁸ Muri kuZvinzwa here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti] Zvino, zvave pamuri. Iye . . .

²⁶⁹ Ndakagara zvangu pasi kuno mumasango aye rimwe zuva, zvino vakomana waitadza kunzwisisa, vakati, “Heano mazuva 2, hamusati . . .” Handina kana kumbopfura tsindi. Vakati, “Ko dambudziko ranga riri rei?” Munoono, ndizvo zvazvaiva. Maona?

270 Vakati, “Zviise pavari, pavari.” Vakati, “Wataura—wakataura neNi nezvazvo.” Maona? Zvino zvava mumaoko ako. Zviri mune ako.

271 Havana chimwe chavanocherechedza kunze kweSungano iyoyo, yeMweya Mutsvene. Uye haugone kugamuchira Sungano iyoyo kunze kwekunge wakaponeswa, wakacheneswa, uye wobhabhatidzwa muMutumbi. Havazodaro.

272 Unogona kuva nekumwe kutevedzera, unogona kunzwa zvakanaka, uye *wosvetuka-svetuka*, wotaura nendimi, nokutamba muMweya. Izvozvo hazvinei nechokuita naZvo. Zvinzwei, muZita raShe! Mwari havazvicherechedze. Vahedheni vanoita izvozvo. Varoyi vanoita izvozvo.

273 Unoti, “Ndiri mudzidzi. Ndinoita *ichi, icho*, kana *chimwewo*.” Havana basa nekuti wakadzidza zvakadini. Dhiyabhore akadzidzawo, zvakare, munoono.

274 Vanongocherechedza Chi—Chiratidzo. Ndiyo Mharidzo yenguva! Ndiyo Mharidzo yezuva rino! Ndiyo Mharidzo yenguva ino! MuZita raJesu Kristu, Igamuchire!

275 Kwete chino-... chinotsiva, chimwe chinhu dhiyabhore anogona kuisa pauri; serudo rwenhema, rwunoita kuti murume ade mumwe mukadzi kunze kwemudzimai wake, kana mudzimai ade mumwewo wekunze, kana zvimwe zveizvi pano, chinhu chinonyadzisa. Irworwo harusi rudo chairwo. Ndidhiyabhore. Ndiwo mabasa ake. Ndechimwe chinhu chaakaedza kukutambidza, chinotsiva; mufaro, wekunwa nekunzwa zvakanaka nezvazvo, woti, “Ndiri kunzwa kuderera; ndichabuda hangu ndonozvitorera koti yedoro, ndokanganwa nezvazvo.” Ndirwo rufu.

276 Mwari ndivo mufaro wako. Mwari ndivo simba rako. Kuziva Mharidzo, kuziva Chokwadi, ndizvo zvinotikwanira hedu zvino. NdiVo zvinondikwanira zvangu zvese. MaVari, zvinhu zvose zvandinoda zviri maVari. Ndiro simba redu. “Rubatsiro rwangu rwunobva kuna Jehovha.” Imi Makristu, tarirai kwaVari muchida mufaro wenyu, tarirai kwaVari muchida simba renyu, Vatsvakei muchida mufaro wenyu. Ndivo rugare rwangu. Ndivo mufaro wangu. Ndivo rudo rwangu. Ndivo Hupenyu hwangu. Ndiyo Sungano, Chiratidzo chiri pamusuwo!

277 Havana mungava pane munhu 1, munhu 1, zvisinei kuti ndiwe ani, haVana mungava, uyo asiri pasi paCho.

278 Uye rangarirai, mhuri yose yakatorwa, ndokuunzwa pamwe chete. Oo, ini zvangu! Oo, rangarirai!

279 Unoti, “Manje, baba vangu muparidzi. Mukoma wangu! Mufundisi wangu! Wangu. . .” Chinogona kunge chiri chokwadi, zvakare, asi ko iwewe?

280 Rangarira, wakachengeteka chete kana chiratidzo chakaiswa pachena! Kana mumwe murume akanga ari pasi

apa, uye mwanakomana wake ari mhiri kwemugwagwa, akanga ari munjodzi, aizoparara. Baba vake vaizoponeswa. Kana kuti, kana mwanakomana aiva ari *pano*, uye baba vake vari neche uko, baba vake vaizoparara. Chiratidzo chete! “PaNdinooona chiratidzo, Ndichakupfurai.” Ndicho chinhu chega.

²⁸¹ Unoti, “Zvinoka, mwanakomana wangu muparidzi.” Imi vanaamai munoti, “Ndine mukomana akanakisisa,” kana “musikana akanakisisa. Ndiri kukuudzai, ndivo chinhu chinotapirisa. Vakazadzwa neMweya Mutsvene, uye nerudo kwazvo! Vanoteerera. Handisati ndamboona zvakadaro!” Ko imi, amai?

²⁸² Unoti, “Mai vangu chinhu chinonyanyisa kutapira. Ndinoziva, kana vakafa, vari kuenda Kudenga, nokuti zvechokwadi vane Chiratidzo, Hama Branham.” Asi ko imi, hanzvadzi? Mhuri yose inofanira kuunzwa pasi.

²⁸³ Maneta here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Ndicha... Dzava 12:00 o'clock... Chimbomirai zvishoma. Ndaigona kuigura ndotanga manheru zvakare. [“Kwete.”] Asi kana mu—muchida kumbomira zvishoma, ndichaedza kukurumidza zvino. [“Ameni.”] Ndichaisa izvi imomo chaimo, nokuti ndinofunga iko zvino apo muri pasi pechizoro chazvo, zvingava nani kana mukazviwana iko zvino.

²⁸⁴ Apo chete kana Chiratidzo chakaiswa pachena! Zvino, mhuri yose inofanira kuva pasi peChiratidzo ichocho, Ropa. Baba naamai, ndinoziva kuti munonzwa sei. Ndine vana, zvakare, ndinofanira kuvaona vaponeswa. Ndiri kuzviturira pachangu nhasi. Maona? Ndine vanin’ina. Ndine hanzvadzi. Ndine vadikani. Ndi—ndinoda kuvaona vaponeswawo, zvakare. Asi, rangarirai, pasina kuratidzwa kweChiratidzo, vanoparara. Hakuna rumuko kwavari. Ndizvozvo. Vaparara. Kunze kwokunge Chiratidzo chichioneswa pachena!

²⁸⁵ Tarisai, Joshua, dai taive nenguva yekuzviverenga. Zvinyorei pasi, Joshua chitsauko 2; chipfeve cheMarudzi chaitenda, Rahabhi.

²⁸⁶ Oo, ndinongoshuva kuti dai dzanga dziri 9:00 o'clock. Ndingada—ndingada kuzvitora ndongokuratidzai kuti zvaive zvakaite sei ipapo, munoona.

²⁸⁷ Chipfeve ichi, Murudzi, tarisai, mhuri yake yose. Akanga ari mutendi. Mhuri yake yose yakatopinda pasi pechijira chitsvuku chiya, chiratidzo ichocho. Vakatoenda pasi pachochi, kana kuti vaizoparara. Vakanga vanzwa nezvehasha dzaMwari. Vakanga vanzwa nezvekuiswa pachena kwezviratidzo nezvishamiso zvaMwari pakati pevanhu vaVo, uye vakatozvigamuchira. Akatochigamuchira. Mwari, ngirozi inoparadza, yakanga ichiuya. Vaizviziva. Zvino Joshua ndiye akanga ari ngirozi iyoyo. Vakanga vari munzira.

288 Uye ndizvo zvakaita nyika imwe neimwe, pasi rose, iri munzira yeKutonga kwaMwari!

289 Chipfeve chidiki ichi, chakare, chakanga chanzwa. Kutenda kunouya nokunzwa! Akati, “Nyika yose iri kuvhundutswa nepamusaka penyu.” Ndizvozvo.

290 Zvino, vasiro vakanga vatumwa mukati imomo kuti vaite hurongwa hwacho, nezvimwe zvakadaro, akaremekedza varume ivavo. Uye, iye, aida kuponeswa. Akati, “Ndinoziva kuti Mwari venyu ndiMwari, uye ndakanzwa zvinhu zvikuru zvaVakaita. Ndinoziva zvaVakaita kuna Ogi, uye ndinoziva zvaVakaita kumarudzi akasiyana-siyana. Uye ndinoona kuti avo vanoMugamuchira vanoponeswa, uye avo vasingaMugamuchire vanoparadzwa. Uye ndinoda kurarama,” akadaro. Oo, ini zvangu! Hezvoka izvo. “Ndinoda kurarama.” Nokuti vanongo...

291 Cherechedzai, Jeriko yakanga yanzwa zvakanga zvichiitwa naMwari, asi havana kuda kutora yambiro.

292 Zvino hapana sangano munyika muno, kumativi ose, asi kuti rakanzwa zviru kuitwa naMwari. Havadi kutora yambiro.

293 Simba raVo guru nezviratidzo zvakanga zvaratidzwa. ZvaVakaita, Vakayambuka chaizvo nemuGungwa Rakafa, sekunge paiva pavhu rakaoma. Vakakonzera, Vakasika zvinhu, uye vakaita matatya, neinda, nenhata kuti zviuye mumhepo; vakazvisika neShoko raVo, kubudikidza nemuporofita waVo. Ichochochi chakanga chisiri chakavanzika. Vanozviziva.

294 Zvino Rahabhi akati, “Ndakazvinzwa izvozvo. Handidi kuparara pamwe nevasingatendi ava. Kwete, changamire!” Aiziva kuti kutongwa kwaifanira kuzvitevera, nokuti vakanga vari mugwara racho chairo. Aizviziva. Saka, vakamugadzirira nzira yekuzvipukunyuka.

295 Vanofanira kunge vakatenda kuti sangano ravo guru reJeriko raikwanisa kudzivisa hashi dzaMwari, munoona, sangano ravo ivo guru.

296 Ndizvo izvo vazhinji vavo vari kufunga nhasi. “Oo, chokwadi Mwari havangaiti izvozvo.” Ndizvo zvakataurwa naSatani kuna Evha. “O, chokwadi Mwari havadaro.” Vachazviita, nokuti Vakati Vaizozviita, munoona, uye ndiro Shoko raVo. Hongu, changamire.

297 “Kunze kwekunge munhu azvarwa!” “Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vakazvarwa!” Maona? “Izvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu,” nezvimwe zvakadaro, munoona. Zvakana, vaida kuzviita. Oo!

298 Chii chakaitika? Zvino vakanga vavharirwa mukati. “Hapana rumutsiro rwuchaitika pano. Sangano redu harisi kuzotsigira zvakadaro. Hatisi kuzove nemhando iyoyo yematakanana pakati pedu. Ndinorambidza chero ani wenyu

kuenda kumusangano iwoyo.” Huh! Jeriko, iri mugwara chairu revachaparadzwa!

²⁹⁹ Asi panofanira kunge pakava nevamwe vakomana vematepi vakaverevedza kune imwe nzvimbo, vachiendera mbeu yakafanotemerwa. Vakaverevedza vachienda kumba kwake ndokuridza mamwe matepi. Akaita imba yake—yake ive chechi, yokugamuchira mharidzo.

³⁰⁰ Vachiri nawo, munoziva. Mharidzo yakasvika kuMbeu yakafanotemerwa, zvisinei. Hatizivi kuti Yakasvika sei ikoko, asi Yakasvikako, kuitira kuti Vakarurama varege kuparara nevasina kururama. Mwari vari kuona nezvazvo, nhasi. Hongu, neimwe nzira Inoverevedza ichipinda. Hatizivi kuti nenzira ipi. Kunyangwe vasingaItsigire, asi kune imwe Mbeu kunze uko yakafanotemerwa.

³⁰¹ Chero ani zvake anoziva nezveBhaibheri, anoziva kuti chipfeve ichocho chaive chakafanotemerwa. Chokwadi aive! Haana...Bhaibheri rakati, “Haana kuparara pamwe chete nevaya vasina kutenda.” Ndizvozvo. Asi akatenda Mharidzo yenguva.

³⁰² Mwari ndokumupa chiratidzo, nevatumwa vaVo. Vakati, “Tora ta—tambo ine ruvara, rwutsvuku woisungirira pane yako...” Vakati, “Rangarira, kana ukasungirira tambo iyoyo ipapo, kana kuisiya ipapo, yatapunyuka nayo, hatiwanirwi mhosva yemhiko yedu.” Uye akati, “Kana uri kunze usiri pasi payo, isu hatina mhosva.” Oo, ini zvangu! “Rahabhi, mbeu yose yakafanotemerwa iri muno, iwe enda kunze uko wonovatsvaga. Tora baba vako, amai vako! Nokuti, tichangobuda, pasi peyananiso iya, zasi muEgipita, uye chinhu chose chatisina kuva nacho pasi pechiratidzo ichocho chakaparara. Rahabhi, ndiri kukupa mucherechedzo. Chiratidzo. Uye ndinoti, muZita raShe, sekuti, kana ukachiisa hako ichocho! Ini ndinozivana nacho nepedyo, nemutumwa. Ndinoziva nepedyo mutumwa wehasha, Joshua. Ndiye mutumwa waMwari anoparadza. Ndinomuziva nepedyo, uye anoziva kuti panofanira kuva nemucherechedzo wechiratidzo. Zvino iwe rembedza ichocho apo, uye ndichakuvimbisa. Ndinoita mhiko.” Zvino Mwari vakaitawo mhiko, zvakare, kuti vaive vari kunze kwacho vaizoparara, nevose vaiva pasi pachu vaizorarama.

³⁰³ Zvino, mhiko imwe cheteyo iripo nhasi, chinhu chimwe chete, munoono, “Handingakusiyei muchiparara pamwe chete nevasingatendi Mharidzo.” Uye ivo...

³⁰⁴ Akanga anzwa mabasa akanga aitwa, uye akazvitenda. Asi, neizvo, akanga ari...Iye nababa vake, nehanzvadzi shoma, kana vamwewo, ndivo vega vakazvitenda, muguta rose.

³⁰⁵ Munoono kuti vashoma sei? Mumwe chete *pano nepapo*, mhuri duku ichabuda kubva mudunhu. Ndizvo here? Chaizvo zvino, pano tiri kutaura sezvazviri. Tiri...Kana uchazoono

kuti chaifananidzirwa chacho chii, ufanira kuona kuti mufananidzo wacho wakanga uri chii kutanga. Ufanira kuona kuti mumvuri wacho chii, wobva waziva kuti chinhu chacho chamazvirokwazvo chichataridzika sei. Maona?

³⁰⁶ Simba raVo rakaiswa pachena. Kutongwa kuri mugwara. Vanofanira kutenda, kuitira kuti vaponeswe. Hongu, changamire. Uye zvidiki izvi. . .

³⁰⁷ Machinda aya akapindamo, vatumwa ava, ndo—ndokubata mbeu iyoyo yakafanotemerwa yaitenda. Akashandisa imba yake sechechi, kugamuchira vatumwa ava. Vaisavatendera kupinda mumakereke iwayo. Kwete, changamire. Maona? Saka iye. . .

³⁰⁸ Havakutenderi, kana newewo. Vanokudzanga kana ukataura chero chinhu pamusoro paYo. Hongu. Maona?

Vakaisa vose vaive muguta rake, vaizotenda, pasi pechiratidzo.

³⁰⁹ Ndizvo chaizvo zvatnofanira kuita nhasi. Kana uchida kuti mudikanwi wako aponeswe, chitongobva wavaisa mukati izvozvi. Maona?

³¹⁰ Hasha dzaMwari padzakaparadza guta guru iroro, mucherechedzo wechiratidzo wakachengetedza imba yake. Amen. Sei? Mucherechedzo waiva pachiratidzo chake. . . Kana kuti, chiratidzo chakanga chiri paimba yake, apo guta rose rakawondomokera pasi. Chaiva chii? Chaiva chii? Joshua, mutumwa waMwari! Mwari pachaVo vakacherechedza mharidzo yemutumwa waVo. Amen! Yakazviratidza. Yakazviratidza. Vakacherechedza mharidzo. Vakacherechedza mharidzo yemutumwa waVo. Zvino guta rose parakawondomokera pasi, hapo paive pamire chiratidzo chitsvuku chaRahabhi pamusoro pemukova, apo dzimwe dzose dzakanga dzaparara.

³¹¹ Zvino, vatumwa vanoparadza vakanyatsonangako ndokundoparadza zvinhu zvose zvakanga zviru muguta, hapana kana chimedu chezvinhu chakasara. Mumwe akatora chimwe chimedu chezvinhu, ndokutozoparara nacho, kubva musangano iroro. Akatora chinhu chacho chose ndokuchiparadza! “Ngaatukwe munhu anoedza kurivaka. Dangwe rake richafa paanotanga,” nezvimwe zvakadaro. Mwari vakarituka saizvozvo, chinhu chikuru ichocho chakaramba nya- . . . mharidzo zenyasha netsitsi, vakafunga kuti vakanga vakachengeteka zvakanaka.

³¹² Vanhu vazhinji vanofunga, nhasi, “Nekuti ndiri wechechi, ndakachengeteka zvakanaka.” Usatenda zvisina maturo zvakadaro.

³¹³ Apo, “Ropa richava chiratidzo kwamuri.” Mweya zvino ndiwo Chiratidzo kwamuri, Hupenyu hwaiva muRopa.

314 Zvimwe chete, ngatifungei kuti, chiratidzo chimwe chete chavakashandisa muEgipita, chiratidzo chehupenyu chimwe chete chaiva muEgipita, chaiva muEgipita, Mwari vakashandisa mufananidzo mumwe chetewo kumusoro ikoko. Joshua, mufananidzo wakakwana waJesu, akanga akatendeka kumucherechedzo wechiratidzo uyo nhume dzake dzakanga dzaparidza. Joshua, paakataura izvozvo, akati, “Musabate imba iyoyo kana chero chinhu chiri mairi. Yakachengeterwa Ishe.” Amen!

315 Murudzi, mhombwe, chipfeve, asi akanzwa uye akatenda, iye ndokubva aisa chiratidzo.

316 Hazvina mhosva kuti wakanyura sei muchivi, zvawakaita, izvozvo hazvina kana chinhu chimwe zvacho chekuita nazvo. Iwe isa Chiratidzo. Ndechako. Kana uchinzwa mumoyo mako kuti mune chimwe chinhu chiri kudhonza, ndechako. Iwe isa Chiratidzo. Uye mukuru Josh- . . .

317 Izwi rokuti *Joshua* rinoreva kuti “Jehovha-muponesi.” Naizvozvo *Jesuwo* zvakare, rinoreva kuti “Muponesi.” Uye, Joshua, paakaziva nhume dzake. . .

318 Nhume dzake dzakadzoka, uye dzikati, “Ndakateerera mirairo yenyu. Zvino pakanga paine mudzimai watakawana, patakaridza matepi, munoziva. Takawana mudzimai akatenda. Zvino takamuudza, kuti vose vaizouya pasi pemucherechedzo mutsvuku iwoyo kumashure ikoko, chiratidzo, zvazvaizoreva. Zvino ndakaparidza izvozvo. Uchazviremekedza here, Joshua?”

“Ndakakutuma kuti uzviite.” Amen.

319 Uye zvakare, ipapo, Mwari vakazviremekedza, imba haina kumbowondomokera pasi. Uye zvadaro Joshua paakamira ipapo uye akapa chiratidzo chokuparadza chinhu chacho chose, ndokuenda vakanyatsonanga kumusoro ikoko, zvino Rahabhi nevanhu vake vose vakagara zvakanaka, nezvinhu zvavo zvole, ameni, ameni, zvinhu zvavo zvole zvakanga zvirira mumba, zvachengeteka. Vakangomira ipapo, uye vaisasungirwa kuti vatarise nepahwindo. Vaigona kuverenga Gwaro apo hondo yaienderera mberi.

320 Akanyatsozodzoka ndokufambidzana, akafambidzana nemutungamiri wemauto, ndokusimudzirwa, ndokuuya muBheterhehema, uye mugove wake wakagoverwa kumusoro ikoko kwavari. Zvino akabereka. . . akabereka mwanakomana aive nemukurumbira, mwanakomana iyeye aive nemukurumbira ndokubereka mumwe mwanakomana aive nemukurumbira, zvino mwanakomana iyeye akabereka mumwe mwanakomana aive nemukurumbira, kusvikira Mwanakomana mukuru, aive nemukurumbira auya. Zvichienda zvichidzika, uye zvichienda kubudikidza naObhedhi, uye zvichienda kubudikidza naJese, uye zvichienda zvichidzika kusvika muna Dhavhidha. Ndizvozvo, chipfeve Rahabhi, nokuti akatenda mutumwa.

Akaisa chiratidzo, uye imba yake ikaponeswa, kana kuti angadai akaparara zasi ikoko kwaakanga ari.

³²¹ Nyatsoteererai zvino. Oo, nhai, munozvicherechedza here? Vose vaive pasi pacho vakaponeswa muEgipita. Vose vaive pasi pacho vakaponeswa muJeriko. Vose vari pasi paCho vachaponeswa nhasi. Gwayana reropa, rakasungwa neropa, mufananidzo waJesu Kristu.

³²² Muna VaHebheru 13:10 ne20. Handina nguva yekuiverenga. Inyorei pasi. Ndanga ndiri kuzoiverenga. Inonzi “sungano yekusingaperi.” Ropa raJesu Kristu rinonzi “sungano yekusingaperi.” Hongu, changamire! “Sungano yekusingaperi.”

³²³ Sei isina kunzi “Sungano yaZiyendanakuenda”? Nokuda kwekuti hayaigona kuve yaZiyendanakuenda. Kana tadzikinurwa, zvese zvapera ipapo. Ndeyekusingaperi, zvinoreva kuti, “chimwe chikamu chenguva,” kusvikira nguva yapera. Hapazovi neimwezve. Kana nguva yapera, hatizodi sungano. Asi nguva isati yapera, tinoda sungano.

³²⁴ Zvino, rangarirai, VaHebheru 13:10-20, “sungano yekusingaperi.” Vimbiso yaMwari yakasungwa neRopa inotusunungura kubva kuchivi. Amen! MaVari hamuna chivi; chivi, hundini, nyama.

³²⁵ Vanamatei uye muratidze simba raVo rakavimbiswa! Vanhu vesungano vaMwari vakasungwa neRopa, vakasungwa neChiratidzo, vane Mweya waJesu Kristu mukati umu, kuti, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita, iye achaaaitawo,” achiratidza sungano. Maona?

³²⁶ Testamende Itsva! *Testamende* zvinoreva “sungano.” Ndizvozvo, handizvo here, Chiremba Vaile? *Testamende* zvinoreva kuti “sungano.” *Testamende Itsva* zvinoreva kuti “sungano itsva.” Testamende Yekare yaive yekare, pasi pegwayana, zvekuti hupenyu hwaisagona kudzoka pamutendi. Testamende Itsva yakanga iri Gwayana raMwari, uye Hupenyu hwaRo hunodzoka patiri. Hupenyu hweRopa! Maona? Ropa Hupenyu muTestamende Itsva, munoona, Hupenyu hunobva muRopa reGwayana, zvinoreva Testamende Itsva, sungano itsva.

³²⁷ Kutu, Mwari, “Mushure memazuva iwayo Ndichanyora mirairo yaNgu pamahwendefa enyama yemwoyo yavo.” Maona? Maona? “Kwete pamahwendefa ematombo, neropa regwayana, iro rawaitofanira kuti, ‘Hongu, ndi—ndine ropa *apa*, zvino rinotaura kuti ndiitei?’ Asi pamahwendefa emwoyo yenyu, munoona, sungano yeMweya yaNdichaita nevanhu vacho.”

³²⁸ Zvino Inoratidza simba raKe. Johane 14:12, inoti, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita iye achaaaitawo.”

³²⁹ *Testamende Itsva* ndiyo “sungano itsva,” Hupenyu hutsva, hunoratidza kuti Jesu akatiitira zvese zvaidikanwa izvo Mwari

vaida, kutiita kuti tidzoke, zvamazvirokwazvo, sevanakomana nevanasikana vaMwari, pasi peRopa, apo pasisina zvachose kupomerwa.

³³⁰ VaRoma 8:1, “Naizvozvo zvino hakuchina kupihwa mhosva kune avo vari mukati,” kwete avo vari ku*Itenda*, “avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambi vari munyama, asi vari muMweya.” “Uye Shoko raNgu Mweya neHupenyu.” Maona? Oo, handingatore here mharidzo kubva ipapo ndogara kwemamwezve maawa mashoma. Asi tichakurumidza pazviri, munooona.

³³¹ Hapasisinazve kupihwa mhosva; wakasunungurwa kubva pachivi, wakasunungurwa pazvinetswa zvenyika, hauna chipomerwa. Sei? “Kune avo vakabhabhatidzwa, noMweya mumwe chete, muMutumbi mumwe chete.” Imomo Ropa reGwayana rakaiswa. Mwari veKudenga vakakugamuchira, nezvako . . . Hupenyu hwaVo huri mauri, uye muri vanakomana nevanasikana vaMwari.

³³² Hunhu hwako hunhu hwaMwari. Chii ichocho, kamwewo kafuza? Kwete, changamire! Mwari ndiMwari wekutonga. NdiMwari vanogadziriswa. Zvinofanira kunge zviri mugwara. Hapana chimwezve chinoshanda. Ndiyo mhando yehunhu yauri, nekuti uri hunhu hwaBaba vako. Maona?

³³³ Chii? Hupenyu, tarisai kana (ihwo) hupenyu hwatorwa, seropa. Maona? Hupenyu pachahwo hunotorwa. Maona? Hupenyu, hunotorwa, seropa. Maona? Ropa rakaiswa, uye hupenyu hahwaigona kuuya pamutendi kareko, nokuti hupenyu hwemhuka. Kwete hupenyu . . .

³³⁴ Asi, munooona, panzvimbo yekuva munhunje, aive Munhu wemhando yepamusoro, pamusoro-soro, chaipo. Maona? Uye zvinoita kuti munhu zvino asangova munhunje, asi mwanakomana nemwanasikana waMwari, weHupenyu hwepamusoro, pepamusoro, pepamusoro, pepamusoro, pepamusoro hwaive maAri, hunodzoka pauri, uye hwokushandura kubva pakuva mutadzi, nezvinhu zvenyika, nhengo yechechi, uye nemuendi wekumasangano, kuve Mukristu akazwarwa patsva, akazadzwa noMweya; Hupenyu hwaMwari huchingoyerera kubva mauri, sezvimirvari-zvemoto zvichibva pachipfuriro, paunofamba, uzere nesimba, nerudo, nehunyoro, uye apo Mweya Mutsvene uchifamba, uchitaura. Oo, ini zvangu! Hezvoka izvo. Uye ne (chii?) kunzwa Mharidzo, kutarisa Shongwe yeMoto, nechivimbo chakaropafadzwa, “Ndapfuura kubva murufu ndichienda kuHupenyu.” Cherechedzai, naizvozvo, hapachina kupomerwa zvachose.

³³⁵ “Kana moyo yedu isingatipomeri, zvino tinowana chikumbiro chedu,” munooona, “tinoziva.” Asi kana chivi chiri mumwoyo medu, zvino chinotipomera, zviri nani isu—

isu tatongorega kana kutombotanga. Maona? Unofanira kusunungurwa kubva kuchivi. Uye nzira yoga yaunokwanisa kusunungurwa kubva kuchivi kupinda maAri. Ndicho chifukidziro choga chiripo chechivi, ndiKristu.

³³⁶ Rangarirai, Ropa resungano, Ropa resungano harigamuchirwi pasina Chiratidzo. Haugoni. Iwe hauzodaro. Unoti, “Zvinoka, nda—ndakacheneswa kubva kuzvinhu.” Handicho Chiratidzo. Mweya, ndiwo Chiratidzo, Mweya waKristu uri pauri. Zvitendei!

³³⁷ Zvino, tarisai, Shoko rinotipa vimbo yechokwadi pavimbiso. Ese aya magwaro andanyora pasi apa. Ndongoramba ndichiparidza zuva rose, zvinoita sokudaro, munoona, paari. Maona? Shoko rinotipa chivimbo nezvevimbiso, nokuti iRo ivimbiso. Shoko iVimbiso, uye Shoko ndiMwari, uye Shoko ndere—nderedu. Zvino tinova Shoko, uye Shoko rinova isu. “Kana muchigara maNdiri, neShoko raNgu mamuri,” zvino, munoona, inozongova mhuri imwe huru kwazvo. Maona? Rinotipa chivimbo chechokwadi. Nemhaka yei? Handiti, chikamu chedu. Maona? Maona? Munoona, Rinobva rava chikamu chedu. Chidzidzo chakadini! Zvakanaka. Rinotipa chivimbo, chevimbiso.

³³⁸ Chiratidzo mucherechedzo wokuti mubhadharo wakaitwa uye wakagamuchirwa. Zvino, haukwanise kuwana chiratidzo kubva pamari yechitima kusvikira wabhadhara mutengo wacho; uye nzira chete yauchabhadhara mutengo wacho kuubhadhara. Ndizvozvo. Chii? Chitende. Chigamuchire. Kuteerera kuzere kuShoko rose raMwari kuchakupa kodzero kuChiratidzo. Kuteerera kwakazara! Kwete chikamu chaRo sepanosvikwa nesangano rako, asi Rose zvaro. Kuteerera kwakazara kuShoko, rinova Kristu, kunokupinza muna Kristu.

³³⁹ Zvino ko dai wanga wakangopinda mutumbi wese, asi tsoka dzako dzakaremba kunze? Ko dai wanga wakapinda mutumbi wese, nemaoko akaremba kunze? Vazhinji vedu tiri mukati, asi moyo wakaremba kunze? Maona? Maona? Mwoyo uchiri munyika? Maona? Asi hatiite izvozvo.

³⁴⁰ Kuteerera kwakazara, kwakakwana kunoita iwe neShoko kuti muve Mumwe. UnoRitenda, rose zvaro. Uye Rose zvaro riri mauri, uye unoRiona richishanda nemaauri.

³⁴¹ Hauzofambi neboka rinongoenderera. Maona? Uri Mukristu. Zvisinei nekuti chero ani zvake anoti kudii, havambofe vakakubata. Uri muna Kristu. Wakachengeteka zvakanyanya.

³⁴² Kana rufu rwagogodza pamusuwo, harwugoni kubata, munoona, kwete zvachose. Sei? Kungofamba uchibuda *umu* uchinopinda Umo.

³⁴³ Zera harina zvarinoreva. Wakatopfuura zera. Uri muZiyendanakuenda, nokuti uri maAri. Iye ndewaZiyendanakuenda. Hazvina zvazvinoreva, ungave uri

wechidiki, wachembera, wezera repakati, kana chero zvauri. Tsvarakadenga, wakashata, uri mupfupi, wakafuta, chii zvacho, hazvina kana nebasa. Hazvina.

³⁴⁴ Haungofambe kwese-kwese, nezvimwe zvinhu zvose izvi. Iwe, wakatopfuura uchibva pane izvozvo. Wakafa. Hupenyu hwako hwakavigwa muna Mwari kubudikidza naKristu. Wakasimbiswa imomo neMweya Mutsvene, uchifamba muna Kristu. Chinhu choga chaunoona ndiKristu. Ndizvo zvoga. Ndiye Oga, waunofamba naye. Oo, ini zvangu! Ndosaka taisimboimba karwiyo kadiki kaya:

Zadzai nzira yangu mazuva ese nerudo,
 Pandinofamba neNjiva yeKudenga;
 Regai ndiende panguva yese iyi, nerwiyo
 nekunyemwerera,
 Zadza yangu . . .

³⁴⁵ Regai ndive ndiri hama. Regai ndirame muenzaniso weizvo Kristu akati munhu anofanira kuva. Regai ndive hama kuhama, hama kuhanzvadzi. Regai ndive mu—mushumiri kuvashumiri. Regai ndive muenzaniso wemienzaniso. Regai ndiratidze kunyika kuti Shoko iri ndiKristu. Nzira yoga yandingazviita nayo kupinda maAri. Nekuti, handikwanise kuzviita pachangu, haugone kuzviita. Asi rega Shoko newe muve Mumwe, zvino Rinozvarama pachaRo. Uri tsamba inofamba yaJesu Kristu, paAnenge aine hwakakwana hu-...hutongi hwakakwana pauri, kuzadzisa Shoko rose.

³⁴⁶ Kana Akauya nenzira *iyi*, “Ndinoda kuita Izvi,” uye unoti, “Kwete, kwete, handiZvitende izvozvo,” munoona, hausati wava muShoko. Maona?

³⁴⁷ Zvakazara, zvino tarisai, zvizere, zvino, kuteerera zvizere kuShoko raMwari rose kunotipa kodzero kuChiratidzo. Zvino kana tichibhadhara, tichinamata, tinofanira kuva neChiratidzo chatinounza pamwe chete nomunamato wedu.

³⁴⁸ Kana ukati, “Ndinonamata, Ishe, asi zvechokwadi handina...” Saka, hauna. Zviri nani wangomira zvako, munoona, kuti...Pfuurira mberi, kutanga, wana Chiratidzo, munoona, nokuti Chiratidzo ichocho ndicho chaAchazocheredza. Maona? Hongu, changamire!

³⁴⁹ Patinonamata, ipapo tinofanira kuratidza Chiratidzo, “Ishe, ndakaKuteerera, zvizere. Ndakatendeuka zvivi zvangu. Ndinonzwa kuti Makandiregerera. Ndakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Mweya Mutsvene uri pandiri. Zvino ndine chimwe chinhu chandiri kudawo kuti mupihwe mbiri yeNyu. Ishe, ndinochikumbira. Ndechangu zvino.” Zvino pane chimwe chinhu chinobva chadzika hoko kumashure *kuno*, “fiyuu-fiyuu,” ndechako. Zvapera. Zvino zvose zvapera. Zvose zvapera. Zvaringana. “Ndinokumbira *ichi*. Ndinochikumbira. Ndinofanira kuva nacho.” Maona? Maona?

“Ndi—ndinochidira kubwinya kweNyu.” Maona? Zvino, ndizvozvo, zvino Vanongochipa kwauri. Wobva waziva kuti ndechako. Ndizvo zvazviri, vana vedu, nezvimwe zvakadaro, tinoisa Ropa, tozvitenda. Ndizvo zvoga. Zvakanaka.

³⁵⁰ Chii chaVanozobva vaita? Kana wadaro, unogona kuratidza Chiratidzo nemunamato wako, Zvinoratidza kuti wasvika zvizere pakuteerera kune rose Shoko raMwari. Kana wava neChiratidzo, zvinoratidza kuti wakateerera Shoko rimwe nerimwe. Zvino, iwe neShoko muri mumwe, uri kungokumbira chinhu chauri. Maona? Maona? Zvino, handiti, unoziva.

³⁵¹ Kana ndikati kune *urwu*, “Ruoko, nditeerere, sveerera hengechefe iyo!” Rwunozviita. Munooona, ruoko rwanditeerera. Sei? Rwuri chikamu changu. Maona?

³⁵² Zvino kana iwe neShoko mava chinhu chimwe, vimbiso yose, Mwari ngavarumbidzwe, vimbiso yose ndeyako. Inokuteerera. Zvino unoda kutarisa zvaunoda kuita. Haungaisa ruoko rwako mumoto, kuti ungoti, “Ndionei ndichizviita.” O, kwete, kwete! Maona? Asi kana muine chimwe chinhu mumoto iwoyo, chandinofanira kutora, rwuchanditeerera. Maona? Maona? Ndizvozvo. Munooona, unoda kuti ungarire zvauri kuita.

³⁵³ Ndicho chikonzero Mweya Mutsvene uchipa zvishoma, uye nezvimwe, munoziva zvandinoreva, nokuti vamwe...Haudi kuzo...Muranda waMwari wechokwadi haanansire naCho, munooona. Ndizvozvo. Ndiko kuita zvekuanisira.

³⁵⁴ Patinonamata, tinoratidza Chiratidzo. Zvinoratidza kuti takateerera zvizere.

³⁵⁵ Pauro anotiudza, kuti, “Ropa rinotaura.” Izvozvo, chero ani anoziva kuti ropa riri, chaizvoizvo, pacharo, harigone kutaura. Rinongova chinobatika. Ndizvo here? Vangani vanozviziva? Asi vangani vanoziva kuti ropa rinotaura? Kana muchida kuzvinyora pasi, Genesi 4:10. Mwari vakati, “Ko aripi munin’ina wako?” Vakati, “Ropa rake rinodanidzira kubva panyika, richikupomera.” Ndizvo here? Ropa rake riri kutaura. Hareruya! Mwari vakati, “Ko aripi?”

Akati, “Ndiri muchengeti wemunin’ina wangu here?”

³⁵⁶ Vakati, “Uye ropa rake riri kudanidzira. Ropa rake riri kudanidzira.” Chiratidzo. Chiratidzo, chekuti akanga aurayiwa. Ropa rake rakanga richidanidzira richimupomera.

³⁵⁷ Zvino, kana mukazviwana izvozvo muna Genesi 4:10, tevere muna VaHebheru 12:24, tangai kuverenga. Muna vaHebheru 10, 12:24. Akati, “Ropa raJesu rinotaura zvinhu zviri nani kudarika raAbheri.”

³⁵⁸ Munooona, Abheri, aive murume akarurama. Akafa. Akafa, asina mhosva, nokuti akanga ari muGwara. Akanga ari muGwara, akamiririra chizaruro chaicho chaakanga anacho.

Akataura. Rakadanidzira! Ropa raAbheri raitsvaga nduramo rakadanidzira richipomera Kaini.

³⁵⁹ Asi Ropa raJesu Kristu, harina kungodanidzira chete, Rakadzikinura. Amen! “Rinotaura zvinhu zviru nani.” Rinokuitai vanakomana nevanasikana. Rinokuvanzai kubva pahasha dzaMwari. Maona? Ropa raAbheri harina kugona kuvanza Kaini, munooona, asi Ropa raJesu rinokwanisa. Amen!

³⁶⁰ Saka, Kaini wakare, buda nhasi uno, kana wanga uri mutambudzi uchipikisa Shoko, uye woti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Chinhu Ichi hachina maturo,” nezvakadaro.

³⁶¹ Riri kudanidzira, munooona. Ropa raJesu Kristu rinodanidzira, asi mune ruregerero maRiri kana ukangoRigamuchira. Ndinoshuva kuti dai taimbogara zvishoma pane izvozo, munooona, “Ropa rinotaura zviru nani.”

³⁶² Tenda, kuitira kuchengetedzwa. Wobva waisa, unooona. Tendera . . . Hezvinoi izvo zvaunoda kutendera. Munooona, unoda kuchengetedzwa kwako pachako. Unotenda pane kuchengetedzwa kwako, wobva wazoisa Chiratidzo kumhuri yose. Maona? Unoti, “Ndingazviita sei?” Chitore! Kana Chakashanda pauri, zvino iwe neShoko munova mumwe. Amen! Amen! Maona? Munooona, Chinoshanda kwamuri mose. Iwe neShoko muri chinhu 1, zvino Chishandise pavana vako, Chishandise pavadikanwi vako.

³⁶³ Sezvakaita Rahabhi, akaisa chiratidzo pana baba vake, akachiisa pana amai vake, akachiisa pane hanzvadzi nevanun'una vake, uye akavaunza vose mukati.

³⁶⁴ Chiise, woti, “Ishe, ndiri kutevera mwanakomana wangu. Ndiri kutevera mwanasikana wangu. Ndinomutora!” “Satani, muregere! Ndiri kumutevera. Ndinoisa Chiratidzo changu, Mweya Mutsvene.” “O Mweya Mutsvene, anogara mandiri, batai mwanasikana wangu apo. Ndiri kuenda kwaari zvino, nechizoro cheNyu chiri pandiri.” Achazviita. Amen.

³⁶⁵ Ndizvo zvavakaita muEgipita. Ndizvo zvavakaita muJeriko.

³⁶⁶ Munoda kuverenga pamwezve, Mabasa 16:31. Pauro akaudza mukuru wezana, “Tenda kuMharidzo yenguva. Tenda kuna Ishe Jesu Kristu, iwe nemhuri yako muchaponeswa.” Ndizvo here? Tendera veimba yako, vaunze vese pasi. “Zvino makaona Mwari veKudenga vachiita chishamiso. Chinotangira kutongwa. Munozvitenda here?”

“Hongu! Ndoita sei?”

³⁶⁷ Akati, “Simuka ubhabhatidzwe.” Pauro akamutora kunze ndokumubhabhatidza, akati, “Zvino tenda kuna Ishe Jesu Kristu, zvino iwe neveimba yako muchaponeswa.”

³⁶⁸ Kutenda chii? Kutenda kuna Ishe Jesu Kristu, uchiitira veimba yako, isa Chiratidzo kune veimba yako.

369 Zvino unoita sei kana waChiisa kune veimba yako? Buditsa marara ose kunze. Tora masiketi ose mapfupi, nezvikabudura, nemakadhi, nemidzanga, nematerevhizheni, nezvimwe zvakadaro, wozvikandira kunze kwemukova, paunotanga kuisa Chiratidzo; hachibvumirane neizvozvo. Hongu, changamire. Zvibuditse zvese panze. Madhanzi ose, nemapati, nerock-and-roll, nemapepanhau akare ane zvinyadzi, nezvinhu zvinova zvenyika, zvikandire kunze kwemukova, uti, “Tiri kuchenesa nzvimbo ino pano.”

370 Sezvakaita Jakobho, akati, akaudza mudzimai wake nevamwe vose, akati, “Shambai mbatya dzenyu nezvose. Rasai zvimwari izvozvo.” Amen. Jo- . . .

371 Munoziva zvakataurwa naJoshua vasati vayambukira mhiri? Akati, “Shambai mbatya dzenyu; musaenda kumadzimai enyu, nezvimwe zvakadaro, uye gadzirirai, nokuti mumazuva 3 tichayambuka Jorodhani.” Amen. Akanga achigadzirira, akanga achiisa chiratidzo. Amen. Ndizvozvo.

372 Gadzirirai. Chiisei. Chitendei. Chenesai. Ita kuti vana vako, ita kuti mhuri yako, ita kuti vadikanwi vako, vaChione mauri. Ndizvozvo. Chichatanga kushanda. Hongu, changamire!

373 Zvino woisa Chiratidzo mumunamato, uine—uine—uine vamwe mupfungwa, nekutenda. Chiise nerudo rwukuru, nezvimwe zvakadaro, kusvikira waziva kuti zvichatora, zvichaitika. Ndizvo zvoga. Chiise nechivimbo, uchitenda kuti Chichabatsira. Paunotaura nemwana iyeye, paunotaura nemurume wako, uchitaura nemudzimai wako, uchitaura nemudikani uyu, tenda kuti Zvichabatsira. Ingomira ipapo, uye woti, “Ishe, ndakavatora. Ndevangu. Ndiri kuvatora vave veNyū, Ishe.”

374 Chiise, uye wosika hupo ihwohwo pauri, hwekuti vanongodonhera chaimo maHuri. Maona? Oo, uri, uri, kana uine Chiratidzo, unosika mweya pauri, rimwe simba, rekuti paunofamba, vanhu vanoziva kuti uri Mukristu. Vanoda kuti utaire chimwe chinhu kwavari. Vanotenda shoko rako. Zvaunotaura, vanobatirira pazviri. Maona? Ndizvozvo.

375 Isa Chiratidzo, wobva wafamba naCho. Tora mhuri yako. Unofanira kuzviita zvino. Ino inguva yemanheru. Zvino, wanga uchiteerera kwenguva refu, zvino ino ndiyo nguva yamanheru. Yave nguva yokuisa zvino. Hasha dzicharova, rimwe ramazuva ano, nguva inogona kunge yapera ipapo. Maona? Isa Chiratidzo, nechivimbo.

376 Kana muchida kuzviverenga, kuverenga chimwe chinhu apa, Gwaro rangu randanyora pasi pamusoro peizvi, nderekuti verenga VaEfeso 2:12, uye kana muchida kuzvinyora pasi. Cherechedzai, muna VaEfeso 2:12, pamunoiverenga, inotaura izvi, kuti, hatishumiri mabasa akafa, asi tinoshumira Mwari mupenyu, nemabasa mapenyu. Amen! Oo, ini zvangu!

Nemabasa mapenyu, zviratidzo zvipenyu. Munotenda muzviratidzo zvipenyu here? Zvakare nyorai pasi, VaHebheru 9:11-14, kana muchida kuzvinyora pasi. Zviratidzo zvipenyu, mabasa mapenyu, zvishandisei izvozvo!

³⁷⁷ Kwete zvitendwa zvakafa, “Ndichaenda nemwanakomana wangu kucheche ndoona kuti ajoinha chechi.”

³⁷⁸ Mumwe mukomana weChikristu akanaka pano, shamwari yakanaka, shamwari yakare, muchinda chaiye, iye—iye akauya zasi kuno, akabhabhatidzwa. Mai vake vakati, “Ndinoshuva kuti dai wakaenda kucheche yakati kurei, dai waida ku—kubhabhatidzwa.” Maona? Munooona, akanga asingangodi zvitendwa zvekare zvakafa nezvimwe. Maona?

³⁷⁹ Hatishumire zvitendwa zvakafa nevamwari vakafa. Tinoshumira Mwari mupenyu Ane Ropa rakadeurwa kumashure uko, uye Chiratidzo chakaiswa kwatiri, kuti tigoraramawo zvakare. Amen. Hongu, changamire!

³⁸⁰ Usashumire zimwe zvitendwa zvakafa. Vanotoramba zvinhu zvakadaro zvakaita seChiratidzo. Vanoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro serubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.” Sei uchijoinha chinhu chakadaro? Maona? Usadaro.

³⁸¹ Isa Chiratidzo, zvino, “shumira Mwari mupenyu,” kuti uve namabasa mapenyu, zviratidzo zvipenyu; zviratidzo zvinopodza vanorwara, zvinomutsa vakafa, zvinofanotaura zvinhu, kutaura nendimi, kududzira, nguva dzose zvirizvo chaizvoizvo, zviporofita uye zvotaura chinhu *ichi nechakadai* kuti zvichaitika, zvichiratidza zviratidzo kudenga kumusoro, napanyika, zviratidzo nezvishamiso, ameni, zvichitaura chaizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti zvaizoitika. “Shumira Mwari mupenyu,” isa Chiratidzo!

³⁸² Usaende kumacheche iwayo wonojoinha mabasa iwayo akafa uye nezvinhu zvakadaro, nokuti havatombotendi muzvinhu zvakadai sechiratidzo. Asi isu vanotenda, ameni, tinoziva kuti... Vanoti, “Hakuna chinhu chakadaro sechiratidzo. Izvozvo, oo, oo, hazvina maturo. Zvavanotaura nezvazvo kumusoro uko, ndezvekupenga. Handiti, hakuna chinhu chakadaro. Handiti, imi madzimai apo, oo, imi—imi, handiti, hamu... Kupfeka kwako kunei...?” Kune basa. Bhaibheri rakataura kudaro. “Ko bvudzi rako rinei nechekuita...?” Bhaibheri rakataura kudaro.

³⁸³ Izvozvo, ndizvo zvinongova misiyano, munooona. “Rega kubata, usabate, usaravire.” Ivo ndiMwari. Maona? Zvino, zvinoreva chimwe chinhu.

³⁸⁴ Zvino, vanofunga kuti kupenga. Asi kwatiri isu vanotenda nekuziva Chokwadi, tinoziva kuti ndiHwo Hupo hwaKe hunorarama, nokuti Hunoita zvinhu zimwe chete zvaAkaita paAiva pano panyika. Amen.

³⁸⁵ “Oo,” vanoti, “vanongofungidzira kuti vanoona Shongwe yeMoto iya.” Oo, kwete! Oo, kwete! Hatina chinhu chatinofungidzira.

³⁸⁶ Vakafunga kuti Pauro akalfungidzirawo, zvakare. Egipita yakafunga kuti Israeri yakalfungidzira, asi Yakavaendesa kunyika yechipikirwa. Hongu, changamire! Isu hati. . .

³⁸⁷ VaHebheru 13:8, munoziva, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” kana muri kunyora izvozvo, pasi, munoona, kuti, “Ndiye mumwe chete.” Izvo—hazvisi—hazvisi zvimwe chete. . . kumwewo kufungidzira.

³⁸⁸ Pandinonyora Magwaro aya pano ndinonyora pano apa, ndinoziva pane Magwaro acho, uye ndiwo maendero andinoita kwaari. Maona?

³⁸⁹ Zivai kuti Hupo hwaVo hupenyu, nokuti Vanoita zvimwe chete muMweya uyu. Zvino, kana zvakaenda zvikanopinda mune chimwe chitendwa kana sangano, tinoziva nekukurumidza chaiko kuti akange asiri Kristu. Ndizvozvo here? Kana ndakakutungamirirai mune chimwe chitendwa kana chimwe chinhu, chimwewo, ndaizotumwa ndichibva kune rimwe sangano. Asi handisi kukuunzirai zvitendwa, uye handisi kukudzidzisa masangano. Ndiri kukudzidzisa Shoko raMwari, rinova iro simba rerumuko rwaJesu Kristu richiratidzwa, kwete kwandiri ndoga, asi kuna ani zvake anoda. Maona? Kuti iwe. . .

³⁹⁰ Uri hama yangu. Handisi munhu mukuru, uye uri munhu mudiki. Tese tiri vanhu vadiki muna Mwari. Maona? Tiri vana vaVo vadiki. Hatizivi chinhu, izvo tinofanira kuziva. Vanotiita kuti tizive sezvaVanoda, uye tinoVanoda nezvatinoziva nezvemaropafadzo aVo. Uye handizvigovere kwandiri ini pachangu; ndinoda kuzvigoverana pamwe nemi. Maona? Ndinoda kuti mupinde maChiri, uye ndinoda kuti mugamuchire Chiratidzo ichi. Zvino kana musati mazviita. . . Vazhinji venyu, vazhinji venyu, makatozviita. Asi kana vamwe venyu musati mazviita. . .

³⁹¹ Munoona, ndiri kutaurawo patepi, zvakare, munonzwisisa. Uye zvizhinji zvacho. . . Uye handingotauri muno muchechi; tose takabuda, ndinodaira kudaro. Asi panogona kunge paine zviuru zvapakapetwa zviurwa zvichanzwa tepi, munoona. Uye, iyo, ishumi. Pachave nemumwe munhu achaverevedza achipinda muJeriko, munoziva, netepi, saka tinoda ku—tinoda kubata Mbeu iyoyo yakafanotemerwa painopindamo, munoona, nokuti hasha dziri kuuya.

³⁹² Zivai kuti Hupo hwaMwari mupenyu, hunoratidza kuti Mwari vakaMumutsa maererano neShoko raVo rakavimbiswa. “Kwechinguvana nyika haichazoNdioni zvakare. Jeriko, Egipita, havachazoNdioni zvakare. Asi imi muchaNdiona, nokuti Ini. . .” “Ini,” chisazitasingwi, chinogara chichitaurwa nezvacho, munoona. “Ini ndinemi. Ndini Chiratidzo. Rumuko

rwangu ndicho Chiratidzo. Mabasa aNdinoita achakuzivisa, achaNdizivisa mamuri.”

³⁹³ “Sezvazvaive mumazuva a—aRoti, ndizvo zvazvichava mukuuya kweMwanakomana wemunhu, apo Mharidzo yemanheru inoparidzwa.”

³⁹⁴ “Nokuti kuchava neChiedza nenguva sedzamanheru. Panguva sedzamanheru, Chiedza chichauya.” Oo, Mwari ngavarumbidzwe! Zvinondiita kuti ndinzwe sendingagona kumhanya nepakati pemauto ndosvetuka nepamusoro pemudhuri. Maona? Maona? “Kuchava neChiedza senguva dzamanheru.” Ndizvozvo. Muporofita akataura kudaro.

³⁹⁵ “Uye Ndichava nemi. Ndichava muzera raLuther; Ndichava muzera raWesley; Ndichava muzera rePentekosti; asi chaipo panguva dzamanheru, kuchauya Chiedza.” Masangano achapera, uye Chiratidzo chichabva chaiswa. Nevose ava vakatendeseka mumwoyo, zvichidzika neumo, pasina—pasina imi havazo—zokwaniswa. Asi mamuri . . .

³⁹⁶ Zvakafanana nekuti musoro unofanira kuenda, kunotora tsoka. Musoro unofanira kuenda, kunotora ruoko. Musoro unofanira kuenda, kunotora moyo. Musoro unofanira kuenda, kunotora muromo. Munoono, musoro unofanira kuenda.

³⁹⁷ Uye zvino tave panguva iyo chiratidzo chakaiswa pachivivo chemusuwo, munoono, nepamagwatidziro. “Zvino paNdinoona ropa, riri chiratidzo, Ndichakupfuurai.”

³⁹⁸ Ndichakasira zvino, nekukurumidza kwandinokwanisa nako zvino. Angangoita mamwezve maminetsi 5, kana 10, tinenge tapedza.

³⁹⁹ Zvinoratidza kuti Mwari vakaMumutsa kubva kuvakafa. Munozvitenda here? Ari kugara pakati pedu nhasi. Uye “Ini” iyeye ndiKristu. Zvino “Ini” iyeye anesu kusvikira kumagumo e . . . rinoti iro *mukombero*, zvinoreva kuti, “kuguma kwenyika.” “Ndichava kumagumo enyika,” maererano neShoko raVo rakavimbiswa. Vakazvivimbisa. “Uye mabasa aNdinoita muchaaaitawo.” Haasi matakanana kwatiri. Chiratidzo. Chiratidzo.

⁴⁰⁰ Tinogamuchira chipiriso cheRopa ichi chinoyera. Tinogamuchira Ropa raKe rakapiriswa, tozopa . . . Uyo anotipa Hupenyu, Chiratidzo, chisimbiso chevimbiso yaKe. VaEfeso 4:30, yakati, “Usachemedza ropa”? Kwete. “Usachemedza Mweya Mutsvene, naiwo maka . . .” [Ungano inoti, “Makasimbiswa.”—Mupepeti] “Kuve musungano, wakaiswa parutivi.” Uri musungano. Uri. Chiratidzo, Mweya Mutsvene, uchava Chisimbiso. Kana chero chii zvacho chanamirwa mukati mechisimbiso, itorega zvako kuchityora. Haukwanise kuchityora, iwe, kwete Chisimbiso chaMwari. Kwete. Maona? Nokuti uri . . . “Musachemedza

Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rorudzikinuro rwenyu,” apo mutumbi uchamutswa.

⁴⁰¹ Imbeu, chiratidzo chekuti mbeu yakaiswa chizenga cheHupenyu Husingaperi, “Zoe, ‘Hupenyu hwaNgu pachaNgu,’ uye Ndichahumutsa zvakare pazuva rokupedzisira.” Uye paunofamba, une chivimbo chokuti Hupenyu hwaKristu huri mauri, uye uri maAri. “NoMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tose muMutumbi 1, uye takasimbiswa imomo neMweya Mutsvene,” pakati pevatendi ava sekudai, “kusvikira zuva iro Jesu anotimutsa.” Oo, ini zvangu! Isa Chiratidzo. Ndizvo zvazvinoreva kwatiri. Tinotarisisira kuti Chibairo ichi chitipe Hupenyu, uye Chinodaro. Zvino Chinotipa Chiratidzo, uye tinoisa Chiratidzo, chinova Chisimbiso kusvikira... Tiri—tiri vagoverani veiChi, chinhu chikuru zvakadini, kuve vagoverani, vakabhabhatidzwa noMweya 1 uyu, mune 1 ichocho chakava-... Mutumbi wengano.

⁴⁰² Ndataura Shoko iroro chaizvo here, *wengano*? Wakavanzika, Mutumbi wakavanzika, Mutumbi wakavanzika waJesu Kristu. Munoono, Mweya Mutsvene wati, “Uri kuritaura zvisizvo.” Munhu asina kungwara seni, asi Wati, “Uri kuritaura zvisizvo,” ndati, “*wengano*,” uri iwo Mutumbi waJesu Kristu wakavanzika, munoono, Mutumbi waJesu Kristu wakavanzika. Handi... Hatidi dzidzo; tinoda Mweya Mutsvene. Iwo ndiwo waCho. Maona? Iye ndiye waCho. Hongu, munoono, zvanga zviriri... zvinogona kunge zvagumbura mumwe munhu pane imwe nzvimbo, mumwe mudzidzisi, zvino ndinovimba kuti azvinzwa zvakana. Mutumbi wakavanzika! Zvinenge zvichiitirwa chimwe chinhu, nokuti Angadai asina kuzvitauro izvozvo. Maona? Ari pano chaipo zvino. Ari pano chaipo papurupiti. Ari kunze uko chaiko. NdiYe. Maona? Fiyuu!

⁴⁰³ Uye maAri hamuna rufu. MaAri hamuna kusuwa. MaAri hamuna kuneta. MaAri hamuna chivi. MaAri hamuna hurwere. MaAri hamuna rufu. Tiri maAri! Kana Satani akaedza kukutambidza chimwe chinhu, sehurwere, ingotora Chiratidzo chako woChiisa. Oo, ini zvangu! Tora Chiratidzo chako uChiise, nokuti uri icho chakatengwa chaJesu Kristu. Chiratidzo chinomirira kuti mari yako yerwendo yakabhadharwa.

Anoti, “Paunofa, wakatorasika.”

⁴⁰⁴ Iti, “Handizvo. Ndine icho chakatengwa. Ndiri icho chakatengwa. Ndine Chiratidzo.”

“Chiratidzo chii?”

⁴⁰⁵ Anoziva zvaChiri. Rega, rega kutamba naye. Anoziva zvaChiri. Zvino, unogona kutaura nevamwe vevaparidzi ava, uye vokakavadzana newe. Kwete Satani; anoziva zviriri nani. Maona? Oo, hongu. Akauya kuzozvipikisa, ka 2 kana ka 3, munoziva, ndokuita mhosho, yemuyedzo. Satani anoziva zvaUri kutaura nezvazvo. Ingoratidza Chiratidzo ichocho, anotiza. Hongu.

406 Nokuti, chii? Mudziyo wakaiswa chisimbiso. Haakwanise kuuvhura, uye oisa chimwe chinhu imomo chisina kunaka. Iti, “Bvisa maoko ako! Ndakaiswa chisimbiso.” Oo, ini zvangu! Mudziyo wakaiswa chisimbiso! Hongu, changamire! Wakatengwa. Bata Chiratidzo pane kutenda kwako kusingatsukunyuke muvimbiso yaKe, womutarisa achienda. “Munyengetero unoshanda wakaperera womunhu akarurama inokunda zvakanyanya!” Maona? Maona? Tora Chiratidzo ichocho. Ndiro basa raCho. Satani aripo kuti akuyedze.

Akanga ari muEgipita, kuti ayedze.

407 Handiti, munoziva, zuva riya Rahabhi akaisa chipfeve chiya. . . Chipfeve chakadzikisa tambo iya pasi, tambo iya, ndinofungidzira mamwe emasoja acho akaseka nekuita jee, ndokuti, “Chembere inopenga iya kumusoro uko! Azosangana musoro. Tarisai, chaainacho imomo. Ha, ha, ha! Ko, makambonzwa zvakadaro here? Handiti, Chiremba Jones vakati, zasi kuno, ‘Hapana zviripo paye.’” Asi zvaivepo, nokuti mutumwa akabva kuna Mwari akauya neshoko ndokuvaudza.

408 Ungafungidzira here vaEgipita vachiti, “Zvinoita sekunge. . . Nhai, tarisai boka iro rinopenga revaumburuki vatsvene, vachiisa ropa! Ha, ha! Ko havazoite huchapa here, kurigeza zvino! Oo, ini zvangu! Dzimba huru dzakanaka dzakangozadzwa maziropa! Oo, kunhuwa kwakadaro! Ndinokutaurirai chaizvo kuti zvichange zvichisemesa mumazuva mashoma. Hazvina zvazvinozoreva. Munoziva kuti sei? Baba vatsvene *Nhingi-nhingi* vakataura kudaro.” Asi zvaipo. Zvakanga zviripo. Zvaireva chimwe chinhu.

409 Zvinoreva chimwe chinhu kwatiri isu vanotenda. Maona? Ingorangarira kutenda kwako kusingatsukunyuke kwaunako muShoko iri! Zvino, hauchisiri Evha zvachose. Maona? Hausi mumwe wevapokani ava, uye, zvino, uchibvumirana naSatani. Unobata Shoko raMwari rose. Maona?

Evha akati, “Asika, Ishe vakataura kudaro!”

410 Satani akati, “Asi, unoziva, Ishe zvemazvirokwazvo havangaiti chinhu chakadaro kumunhu akaisvonaka sewe. Oo, wakanaka kwazvo. Havangadar.” Oo, hongu, Vachazviitawo, zvakare. Vakati Vanozozviita.

411 “Zvinoka, baba vangu vaiva mushumiri. Ndange ndiri mushumiri.” Ini—ini handina zvandingaita. Pasina Chiratidzo, wakarasika. Hasha dziri pamusoro pako, munoona, ndizvo zvoga, pasina Chiratidzo. Maona? Hongu. Vakati Vaizozviita, uye Vachatozviita. Ndizvo, zvinongopedza nyaya yacho. Vanoti Vachazviita.

“Oo, ndinotenda mazuva ezvishamiso. . .”

412 Hongu, asi Akati handizvo. “Ndini mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” munoona, ndizvo zvaAnongoratidza kuva.

413 Zvino, kwatiri, tinozviziva. Kwavari, havaZvitende. Asi tinoZvitenda. Tinoziva kuti iChokwadi. Maona?

414 Zvino, zvatiri mazviri, tinova chikamu cheShoko. Zvino wotora Chiratidzo, Mweya, pamusoro pevimbiso, “Ndini Jehovha vanokupodza.”

415 Zvino gadzirirai shumiro yekunamatira vanorwara manheru anhasi. Maona? Tora Chiratidzo, Chirembedze pamusoro peShoko, pakutenda kwako kusingatsukunyuki muShoko iroro, uchazobuda. Zvino, ndiCho—ndiCho chinhu chinomubuditsa kunze, nokuti maAri hamuna zvakadaro.

416 Ndinoshuva kuti dai ndapupura zvishoma zvino, pane zvimwe zvinhu zvandakaona zvichiitika mumavhiki mashoma apfuura. Maona? Maona? Oo, zvandaigona kupupura nezvazvo!

417 Munoziva, uye Ruka akati, “Dai zvose zvakaitwa naJesu zvaizoiswa mumabhuku, izvo...painge pasina mabhuku anokwana munyika kuti zvinyorwe.”

418 Izvo chete zvandakaona mushumiro yangu, zvandakaona Achiita, haukwanise kuunganidza mabhuku acho papuratifomu pano. Kana ndikazvinyora muhudzamu hwezvandakaMuona achiita mushumiro yangu chete, zvandakaMuona achiita. Maona? Akava nekubudirira kwakawedzerwa mushumiro yangu kupfuura zvaAkaita mune yaKe pachaKe. Ndicho chokwadi. Zviri kurekodhwa. Zvino, rangarirai, Akava nekubudirira kwakawedzerwa zvino, kwete ini; Akave nako. Kubwinya! Hareruya!

419 Akava nekubudirira kwakawedzerwa muJeffersonville kupfuura zvaAkaita muNazareta. Aakaita muguta rakaipa iroro neguta rino rakaipa. Amen! Kubwinya! Nokuti, “Haana kugona kuita zvishamiso imomo,” asi Akazviita pano. Pakupedzisira kwazvo akazobudirira, pano. Akazviita pano. Aigona kunge akatora vanhu kune imwewo nzvimbo, asi Iye—Iye akazviita, zvakadaro. Saka, Akava nekubudirira kwakawedzerwa pano chaipo kupfuura zvaAkaita mu—muKapenaume kana—kana Nazareta, mune izvozvo. Akaita zvishamiso zvakawanda imo muno chaimo mutabhenakeri kupfuura zvaAkaita mushumiro yose panyika. Ndizvozvo, Akazviita. Zvino ko kuzoti kune pasi rose? Oo, ini zvangu! Zvino ndizvo zvaAkaita.

420 Zvino rangarirai, “Iye” akaita. Zvino, hazvina kumbonzi ndakazviita, munoono, kwete, nokuti handina kuzviita. Handina kutongozviita. NdaingoMuda uye ndikangozviisa pasi kwaAri, uye ndikangotaura zvaAkataura, zvino Mweya Mutsvene wakaenda kune vamwe vanhu uye vakatenda zvaAkataura, zvino ndokubva Iye aita basa. Ndizvo zvoga.

421 Kana Akangoita kuti tose tizvitende! Ko Angazoita sei iko zvino kana Akaita kuti tose tizvitende iko zvino, chaizvo? Hapazombova nemunhu ane hutera muguta mose. Ndizvozvo.

Dai Akakwanisa kuita kuti munhu wose azvitende, zvose zvaizopera. Maona?

422 Bata Chiratidzo chako pane kutenda kwako kusingatsukunyuke muShoko raKe rakavimbiswa, zvino Satani anobva aenda.

Zvino ndava kuzovhara zvino.

423 Mwari vakambopa chimwe chiratidzo kunyika; chaiva muraraungu. Munozvirangarira izvozvo? Vakagara, vakagara vakatendeka kuchiratidzo ichocho, nokuti Vakachipa sechiratidzo. Zviuru zvose zvamakore izvi, haVana kumbokundika kuonesa chiratidzo ichocho. Ndizvozvo here? Sei? Vanochiremekedza. Vakachipa. Vakapa pasi rose chiratidzo chekuti haVachaparadza nyika zvakare nemafashamo. Uye Vakagara kubvira, nakubvira, kubva pazuva iroro, vachichiratidza.

424 Pane zvimwe zvinhu mumhepo, zvinogadzira muraraungu iwoyo. Kana kwanaya, uye zuva robuda, zvinouratidza. Zuva rinoomesa mvura yanaya, saka Vakaisa muraraungu ipapo kuratidza kuti hapangazovi nemvura inokwana yekuti iwire panyika kuti iiparadze zvakare. Ndiyo sungano yaVo. Chiratidzo. Vakati, “Ndichaupa kwamuri sechiratidzo.”

425 Vakaremekedza chiratidzo chaVo. Vakaremekedza chiratidzo chaVo mumazuva aNoa. Vachiri kuchiratidza nazvino. Vakaremekedza chiratidzo chaVo muEgipita. Vakachiremekedza muJeriko. VanoChiremekedza nhasi. Vanogara vachiremekedza chiratidzo chaVo kana chaiswa pachena.

426 Zviuru zvose izvi zvemakore, Vakada kuratidza chiratidzo ichocho. Havambochikanganwi. Havakanganwi chiratidzo chaVo. Zvino, zvisinei nekuti nyika inoshanduka zvakadini, muraraungu uchiripo. Munoono, Vanoremekedza chiratidzo.

427 Ndizvo zvaVanoita zvino, Vanoremekedza Chiratidzo chaVo. Zvisinei nekuti chechi inoshanduka zvakadai, kuti inoita *izvi* zvakanyanya zvakadai; Mwari vachiri kuremekedza Chiratidzo chaVo, ichocho bedzi. Zvinotiratidza kuti haVakundiki kuremekedza zvaVanoita uye nezvaVanotaura. Tinogamuchira, isu—isu tinoChiremekedza. Ndinodaro.

428 Vanotitarisirawo kuti tiratidze Chiratidzo chaVo pamusoro pekutenda kwedu, kuna Satani nemapoka ake ose evasingatendi avo vanotenda zvakatsauka pamwe nemasangano, kuti tinotenda kuti vimbiso yaVo ndeyechokwadi, uye Vachaita zvaVakavimbisa kuita. Heyoka Chechi.

429 Ndosaka vasingakwanise kusvika pahwaro hwepakutanga kunze ikoko, sekudana kwatinozviita; regereraiwo chirevo chacho. Ndosaka vasina kwavanosvika kunze kwekudzokera kusangano uye vonogadzira boka revanhu vanopfeka

zvepamusoro, vakakwenenzverwa, vakatesva njere, vakadzidza. Hapana kwavanosvika, nekuti ndizvo zvavanoratidza, “Ndiri muMethodisti. Ndiri muPresbyteriani.” Ndizvo zvoga zvavari.

⁴³⁰ Asi vatendi vanotora Chiratidzo! Uye izvo Jesu akatanga kuita muGarirea, Anopfuurira mberi kuita zvino kubudikidza nokuratidza kwaKe Chiratidzo, cheMweya Mutsvene wakadzoka paChechi. Nokuti, akanga asiri mabasa evaapostora, aiva mabasa oMweya Mutsvene uri muvaapostora, uye ndicho chaiva Chiratidzo.

⁴³¹ Vakati vakatoti vacherechedze Petro naJakobho, apo ivo...Petro naJohane, pavaKapfuura nepasuwo rinonzi Rakanaka, vachiona kuti vakanga vasina chavaiziva. Vanogona kunge vakati, “Kurova, zvaasina, senga, mira, tora, takura. Ndichakuudzai pamusoro peizvi.” Maona? Vanogona kunge vaiva nemhango dzese dzematauro avaisagona kunzwisisa. Vanogona kunge vaisaziva mutsauko, ese ma—ma...masvomhu ese eMagwaro. Asi vakatocherechedza kuti vakambenge vaina Jesu. Vaigona kuratidza Chiratidzo ichocho, nokuti Mweya mumwe chete wakanga uri paAri, Asati arovererwa, wakanga uri pamusoro pavo mushure merumuko. Amen!

⁴³² Zvino zvinoMuita VaHebheru 13:8, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Ndiko kuziva kwatinoita kuti Anorarama. Nemhaka yei? Tinoziva sei kuti tinorarama? Nokuti Anorarama. Uye nekuti tinoziva kuti tinorarama, nemhaka yekuti takafanana naYe, uye tiri maAri. Uye Akati, “Nokuti Ndinorarama, nemiwo munorarama. Ndini Iye,” muna Zvakazarurwa, “akanga akafa, uye ari mupenyu nokusingaperi.” Uye kana—kana tikafa kune zvatiri uye tova vapenyu maAri, tinorarama nokusingaperi. Uye zvakare Hupenyu hwaKe matiri hwakangofanana nehupenyu hwechero chinhu, Hunoratidza zvaAiva. Zvino zvinoMuita mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

⁴³³ Zvino unogona sei, ivo vachiHuramba? Hauoni here, “mabasa akafa”? Kushumira Mwari mupenyu, kubudikidza neZiyendanakuenda...Ndinoreva, sungano yekusingaperi yeHupenyu hwaive muRopa raJesu Kristu. Zvino tichipfuurira mberi, kunopedza, ini...Zvino, ndinotenda, tichangomira. Munoono, kuratidza Chiratidzo chenyasha dzaKe, rudo rwaKe! Zvino, pasina Chiratidzo ichi chaiswa...

⁴³⁴ Zvino, Chiratidzo. Chiratidzo chii? Chiratidzo mucherechedzo wechikwereti chakabhadharwa. Mutengo unodiwa wakabhadharwa. Mutengo weruponeso rwedu waiva rufu, munoono, uye hapana aikwanisa kuubhadhara kunze kwaKristu. Uye kwete mwe—mweya wesangano, kwete mweya wapapa, kwete mweya wemumwe munhu kana mumwe musande; asi Mweya waJesu Kristu, pamusoro peChechi, ndicho Chiratidzo chokuti chikwereti chakabhadharwa uye Akaita

zvose izvo zvaidiwa naMwari, zvino isu naYe tiri mumwe. “Nezuva iroro, muchaziva kuti Ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri; iNi ndiri mamuri, uye imi muri maNdiri.”

⁴³⁵ Isa Chiratidzo! Isa Chiratidzo cherumuko rwaKe. Nokuda, kwekuti Akamutswa kuti tiruramiswe, Akatimutsawo zvakare pamwe chete naYe. Uye zvino tigere munzvimbo dzeKumatenga, muna Kristu Jesu, pasi peyanano yeChiratidzo.

⁴³⁶ Apo Israeri yakagara ipapo, uye kuchema kuchitika, kunze mumugwagwa, vakanga vasina kana chinhu chimwe chete chokunetsekana nezvacho. Chinhu choga, kungova nechokwadi chekuti ropa, chiratidzo, chaioneka.

⁴³⁷ Ndicho chinhu chega chatinofanira kunetseka nacho iko zvino. Kune dambudziko riri mu—munzira, riri kuuya, shamwari. Hazvisi kuzitora nguva, dambudziko riri kuzorova. Munozviziva. Iva nechokwadi chekuti Chiratidzo chiri kuoneka. Zvino Chiratidzo Mweya Mutsvene. “Nokuti noMweya 1 tose takabhabhatidzwa muMutumbi 1, uye tikaitwa vagoverani vekubwinya kwaKe,” paNyika yedu, Kumusha, tinofora zvino kuenda kuNyika yechipikirwa.

⁴³⁸ MunoMuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munotenda Chiratidzo here? [“Ameni.”] Vangani vangada kuti, “Oo, Hama Branham, ndinamatireiwo, kuti ndiuye pasi peChiratidzo ichi”? [“Ameni.”]

Ngatikotamisei misoro yedu.

⁴³⁹ Ishe Jesu, Vane Nyasha Zhinji! Apo nyika yakanga iri muzvivi, uye pasina aigona kubatsira, Mwari, netsitsi, vachifanoratidza, nemufananidzo, kuti kwaizouya Chiratidzo chaigona kubvisa chivi; kwete kungochifukidzira chete, asi chaigona kuchibvisa. Zvino Jesu akauya nenguva yakafanira, uye Akadeura Ropa, Hupenyu hwaKe pachaKe, achitora... achitiitira yananiso yezvivi zvedu, uye zvararo ndokuMudzosa ari muchimiro cheMweya Mutsvene, chinova Chiratidzo zvino chinofanira kuchengetwa paChechi kusvikira Auya. Nokuti muApostora Petro akati, “Chipikirwa ndechenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.”

⁴⁴⁰ Ishe, nenyasha dzeNyu, nerubatsiro rweNyu, ndinotora wese anonzwa Mharidzo ino. Ndinovatora vave vaMwari, ndinoKukumbirai, Ishe, vose avo vari pano mangwanani ano neavo vachanzwa patepi. Uye kana paine Mbeu chero kupi zvako, yakafanotemerwa, Ishe, kuti inzwe Shoko rezuva rino rokupedzisira, dai vauya zvino, nekutapira nekuzvininipisa, vogoisa mikombe yavo pasi pamuchinjikwa, kana ivo pachavo, semukombe wenyasha dzaMwari dzakavadana. Uye dai vazadzwa neMweya Mutsvene uye vagoratidza Chiratidzo cheHupenyu hwaJesu Kristu murumuko rwaKe, chero bedzi vari pano panyika. Zviitei, Ishe.

441 Mashoko aya, Ishe, ndinogona kunge ndisina kuAtaura zvakanaka. Uye kana ndisina, ndinonamata kuti Mweya Mutsvene utore maShoko iwayo ugoApa nenzira yaAnofanira kupihwa nayo, kuti vanhu vanzwisise uye vazive, hapana nduru. Uye vaitei kuti vazive kuti rudo rwunogadzirisa. Uye kuti vagoziva kuti imhaka yenguva yatiri kurarama mairi, nekuuya kwaShe kwaswederera pedyo, uye tinoona zviiedza zvikuru zvitsvuku zvichivaima, pasi rose, kuti nguva yaswederera pedyo.

442 Dai vanhu vagamuchira Mweya Mutsvene zuva rino! Ndinonamata, nekuvaisa kwaMuri, muZita raJesu Kristu. Uye ngaChive Chiratidzo kwatiri chero bedzi tiri kurarama, icho Makavimbisa kuti Chichava. Zvingava nyore kuzvikumbira, nokuti Makavimbisa kuti Zvaizodaro, uye ndinoziva kuti Zvichadaro. Muzita raJesu tinonamata. Amen.

Zvino, nemisoro yedu yakakotamiswa, kwechinguvana.

443 Nokutenda, uye ndichitenda, ndakunamatirai, nezvose zvandinoziva kuita. Nda—ndanamata nekuperera, nezvose zvandinoziva manamatiro acho.

444 Tarisai, ndinozvicherechedza izvozvo. Munozivei? Ichegumi chenyu nemipiro zvandinorarama nazvo. Rutsigiro rwenyu, pano pachechi, rwokuti ndine mumwe munhu wokuparidzira kwaari. Rudo rwenyu, uye ma “ameni” enyu, neruwadzano rwenyu. Nemashoko enyu ane mutsa pakati munyika umo mamunoenda, kumatunhu akasiyana-siyana munyika yose, mashoko enyu anobatsira kutora Mharidzo. Ndimi. Tiri vabati pamwe chete mune izvi, naKristu. Tiri hama nehanzvadzi, uye iYe ndiMambo wedu. Uye ndinokudai. Ini—ini—ini—ini, pandinenge ndiri, ndinoda kuti imi muvewo. Ndinotyaira nemunyika yose, kuti nditaure nemi zvisoma. Ndinoshuvira kusangana nemi pano Svondo mangwanani. Ndinokudai. Ndakagara ndichikudai. Dzimwe nguva ndinofanira kutaura zvakanakwasarara chaizvo, asi kungogadzirisa chete. Munoono, zvinongori nemhaka yekuti ndinokudai, munoono, uye handidi kuti muChipotse. Imi, hamufanirwe kudaro.

445 Zvino, mukungotapira uye zvakaninipa, nezvose zviri mumwoyo mako, pakadzika-dzika chaipo, ingoChigamuchira. Iti, “Ishe Jesu, iko zvino chingotorai zvese zviri mandiri, zvisina kufanana neMi, uye regai ndibvise kuzvikudza kwangu kwese, zvese zviri mandiri, kunze. Tsvina yose, kusatenda kwese kuri mandiri, ndi—ndinokurasa zvino, Ishe. Ndinongozvikavira kunze. Uye regai Mweya Mutsvene waMwari unotapira, senjiva, udzike mandiri. Ndi—ndinoda kurarama Nokusingaperi, Ishe, uye ndi—ndinoda kuti Mundibatsire panguva ino. Zviitei zvino.”

446 Muchinamata, zvino tichaimba mahon’era rwiyo urwu, kana kurwuimbira pasi-pasi, pamwe chete, *NdinoMuda*. Uye, rangarirai, zvinouya nerudo, nokuti Iye rudo. Apo ndakaisa

maoko angu pamusoro pemahengechepfu aya, nokuti vanhu vanogona kuatora manheru asati asvika.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida,
Zvino chingopira hupenyu hwako kwaAri.

Ndokutenga ruponeso rwangu
Pane weKarivhari . . .

447 Idai, idai, Mudei. Honai zvaAkakuitirai. Zvinoitwa nerudo. Rudo rwunounza kuteerera. Rudo rwunounza kufambidzana. Rudo rwunounza wanano. Uye ndiko kwatakananga: Mabiko eMuchato weGwayana. Ndinonzwa Muponesi wangu achidana, kuti Anondidawo, zvakare.

. . . neniwo, zvakare.

Ini . . .

448 Nemwoyo wako wose, ingonzwa Chimwe chinhu mukutapira kwemazvirokwazvo chichipinda mauri. Ndiwo Mweya Mutsvene.

Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

449 Kana . . . Ndichasimudza maoko angu, pamwe neungano, nemumhanzi. Kana ndakatadza, pane chandakakanganisa . . .

Ndiri kukunamatira zvino, uye neni pachangu.

450 Kana pane chandakakanganisa, ruoko rwangu kwaMuri, Ishe, rwunoreva kuti ndine hurombo. Ruoko rwangu kwaMuri, Ishe, rwunoreva kuti handi—ndaisada kuzviita. Uye ndinoziva kuti ndiri kufa, Ishe. Ndinofanira kusiya nyika ino, muchimiro chepanyama. Ndinoda kusangana neMi. Ruoko rwangu rwunoreva kuti, zvitorei, Ishe. Ndizadzei noMweya. Ndipei Chiratidzo cherudo rweNyu pandiri, Mweya Mutsvene, unozoita kuti ndirarambe zvinotapira, zvinyoro, nondiita kuti ndirarambe Hupenyu hwaiva muna Kristu; kuti mwoyo wangu upfutire vamwe, kuti ndisatombozorore zvachose, siku nesikati, kusvikira ndawana munhu wose wandinokwanisa. Ndichava senhume dzepaJeriko; ndichaenda kumunhu wese wandinogona, uye ndoona kana ndingavaita kuti vauye pasi pesungano yeRopa, pasi peRopa reGwayana, kuti vagamuchire Chiratidzo.

451 Munoono, Ropa rinochenesa. Mweya Chiratidzo chokuti Ropa rakaiswa. Maona? Mweya ndiwo Chiratidzo chokuti Ropa rakaiswa. Kusvikira Ropa raiswa, mwe—Mweya

haungauyi. Asi kana Ropa rikaiswa, zvino Mweya ndiwo Chiratidzo, uchizvidzosea kwauri, kuti kutenda kwako muRopa kwagamuchirwa, mari yerwendo rwako yabhadharwa. Mari yerwendo rwako yabhadharwa. Zvose zvapera. Nyaya yacho yapera. Uri Mukristu. Uri mutendi. Kristu ari mauri, uye iwe uri muna Kristu.

. . .kutanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

⁴⁵² Nemwoyo yenyu yakakotamiswa zvino pamberi paMwari; mufundisi wenyu, Hama Neville, nemashoko avo ekuvhara uye nezvavachazotaura.

⁴⁵³ Rangarirai shumiro manheru anhasi, shumiro yekunamatira vanorwara. Kurumidzai kuuya. Ngatitangei na 7, regai ndiuye papuratifomu na 7:30. Zvakanaka here, Hama Neville? [Hama Neville vanoti, “Zvakanaka.”—Mupepeti] Zvino tichava nechirairo, munoono, manheru. Huyai!

⁴⁵⁴ Masikati ano, nyatsogarai naCho. Musarega Mharidzo ino ichibva. Rangarirai, musamborega Mharidzo ino ichibva!

⁴⁵⁵ Ropa richava Chiratidzo chokuti Hupenyu hwakapihwa. Maona? “Uye paNdinoona Ropa, Ndichakupfuurai.” Mweya Mutsvene ndicho Chiratidzo chokuti Ropa rakaiswa pamwoyo wako, uye ndiCho Chiratidzo chokuti Ropa rakaiswa. Kana risina kumboiswa, ipapo Chiratidzo hachiuyi. Manzwisisa here? Itai kuti, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ropa rinofanira kuiswa, ipapo Chiratidzo chinobva chaya. Chiratidzo chokuti Ropa rorudzikinuro rakaiswa uye mari yako yerwendo yabhadharwa. Mwari vakuropafadzei. Hama Neville.



63-0901M Chiratidzo
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org